


Sanggeus Halimun Peuray

Aam Amilia

kagegelan ti **SundaBlog**



Lalaunan hordeng kamar ditutupkeun, sorana kadenga nyerelek. Paneuteup Inu nu munggaran kana kado di juru, ampir minuhan satengaheun kamar. Sawareh geus dibukaan di tengah imah tadi. Breh ranjang panganten, meunang mapaes di hade-hade. Dituruban sepre pulas bulao ngora. Poe ieu cenah manehna teh geus jadi salaki.

Kuduna mah panganten teh bungah. Rajana poe pan poean kawin teh. Tapi aya rasa paur nyebitan hate Inu. Sok sieun Mila nyahoeun. Mila kadeudeuh ati, nu diajam bakal jadi paman-jikanana jaga, mun geus kahontal gelar nu kapiangen ku manehna.

"Kang Inu." Deukeut pisan sora teh, tapi Inu teu hayangeun ngalieuk.

"Kang Inu, tos tuang?" kadenge sora nu nanya teh. Lalaunan Inu mukakeun kancing jasna hiji-hiji.

"Sesek keneh," tembalna pondok.

Teu hayangeun mere hate ka Awit teh. Lantaran Inu sieun aya katresna nu ngunggahan dirina, nu ngunggahan diri Awit. Manehna ukur hayang nulung sasemet nulung, saperti nu dicaritakeun dina jangjina.

"Kang Inu bade bobo?"

"Sanes bobo. kulem kituh, ulah bubudakeun, da ayeuna mah Awit teh tos tereh jadi indung," pokna angger sugal, tur teu nyanghareup ka nu ngajak nyarita.

Teu perlu ngogo, ceuk pikir Inu. Lantaran Inu yakin, awewe kawas Awit moal mibanda parasaan nu lemes cara Mila. Mila mah salawasnya ampuh timpuh, andalemi unggal nyanghareupan manehna.

"Mun bade bo..... eh kulem, ieu piyama," cek Awit. Inu ngalungkeun jasna kana luhur tempat tidur.

"Tong hoyong sareng, da urang mah papangantenan. Sanes nyaan," cek Inu. Ayeuna mah Inu diuk dina sisi ranjang. Suku kencana diacungkeun. Lalaunan selop panganten didudut da rada sereg, ma'lum beunang nyewa.

Lung-lung selop teh dialungkeun ka sisi. Keris dicabut tina beubeur, teu terus diteundeun, dicekel bari dialak-ilik.

Leungit harga diri aing teh, gerentesna. Mun seug batur nyarahoeun yen dina beuteung Awit aya budak nu lain anakna, tada teuing, meureun cenah dadaekanan ngawin awewe urut batur.

"Kang Inu pangmukakeun kancing streples sok. Awit hese," cek Awit.

"Buka we nyalira!" tembal Inu sugal. Panonna angger neutep keris nu keur dicekel. Ngarumbay runtutan kembang sedep malem nu ditalikeun kana gagang keris.

"Hese!" cek Awit.

"Pangmukakeun ka batur," omong Inu. Kembang sedep malem ngumpul dina dampal leungeunna.

Teu hayangeun mere hate, teu hayangeun ngogo Inu mah, sieun enya Awit teh

asa dipideudeuh, dipincta. Padahal nu nyababkeun manehna daek ngawin Awit teh taya deui iwal ti cipanon indungna. Indungna ngageuri bari ngolo-ngolo, menta dipangnyaitkeun sobat-na tina wiwirang. Awit kakandungan, kajeun kawin ayeuna pegat isuk cek paribasana.

Mila nu dipideudeuh ku Inu mah, nu ayeuna keur nungguan di Garut. Deudeuh geulis, antosan Kang Inu, gerentesna.

"Pangmukakeun sakedap atuh, Kang Inu!"

Jung Inun nangtung. Keris dibantingkeun kana luhur ranjang. Breh beungeut Awit, hate Inu ngareunteut. Ku geulis atuh Awit teh. Tapi eta nu belenu dina beuteungna, jadi ciri yen dirinya geus digeugeuleuh deungeun. Lebar ku geulisna...., mun seug kawin teh lain kawin bobohon-gan, heg Mila nu ayeuna menta dipangmukakeun kancing streples teh, tada teuing.

"Tong lelewa. Wit. Awit uninga Kang Inu tos gaduh piistrieun di Garut? Keresa soteh kikeuan pedah bae hawatos ka Ema....."

"Kang Inu?" Awit olohok. Manehna ngarawu deui kabaya buludru hideung nu tadi ngalum-bruk dina ranjang, rup disimbutkeun kana taktakna.

"Sababaraha taun kapengker, Ema teh kantos teu damang repot. Ku pitulungna rama, anje-unna tiasa pulih deui. Ema kahutangan budi ku rama. Kang Inu ayeuna nu mangmaleskeun budi kasaeana rama ka pun biang teh."

Inu nukangan, terus leumpang, salengkah, salengkah. Reg eureun hareupeun kaca antik nu lonyod ngagantung. Gap leungeunna kana gadona. Aya jajaka kasep dibendo dina jero eun-teung teh. Inu nenjo tina kaca, Awit keur ngancingkeun deui kabaya pangantenna.

"Awit kedah ngartos. Kang Inu kikeuan teh sanes teu terang di harga diri. Tapi eta hutang budi, beurat pisan narimakeunana. Mun sareatna teu aya rama, meureun Ema geus teu aya dikiuna. Sanajan aranjeuna teh ukur sobat dalit, tapi layeutna geus lir dulur pet ku hini. Ulah ngareken naon ka Kang Inu, Awit teh. Ayeuna hiji mojang keur ngantos Kang Inu pikeun dipi-hukum. Awit ngartos?"

Inu malik. Ret neutep ka nu geus dikabaya deui. Buludru hideung semet tuur, ngaboleklak pasmen nu ngedat sakuriling sisina katojo lampu.

Teu nembalan Awit teh, ngan sirahna unggeuk. Aya nu ngagenclang dina bubuleud panonna.

"Ulah nangis, teu resep Kang Inu mah ka nu epes meer teh. Bongan Awit make kumawani milampah kitu. Ayeuna Awit kudu tanggung jawab kana pagawean tadi. Da geuning lalakina mah, kalah kabur. Raraoskeun ku Awit balukarna. Sakali deui Kang Inu mah ukur nulung wungkul, mangmaleskeun budi nu jadi kolot."

Inu geus teu hayang nangtung di dinya leuwih lila. Tapi ieu papakean panganten, asa rarigedeun pisan.

Rek ganti ku piama, bet eraeun ku nu nangtung ajeg deukeut toilet teh.

"Mayunna ka ditu!" cek Inu.

Awit teu baha, tuluy nangtung nonggongan. Baju, samping, beubeur dilaanan hiji-hiji, lung-lung di kana luhur tempat ditidurkeun. Geuwat dipiama.

"Tos.....!" cek Inu.

Tapi Awit teu malik deui, angger ngajengjen nangtung nyanghareup kana tembok. "Wit, atos sok rek dangdit mah," cek Inu. Kop kana sisir. Serewuk nyisiran dikatukangkeun. Tapak bendo ngageleng dina tengah-tengah tarangna. Kasep tadi rasaan manehna, keur make pakean Sunda, jeung bubudugulan kawas ayeuna mah.

Teu malire ka nu ngajengjen keneh, Inu ka luar, lalaunan nutupkeun panto.

"Rek naon panganten ka luar deui?" cek Budiman nu keur meres-mereskeun urut dekorasi di tengah imah.

"Tong pura-pura Nu, make ka luar deui sagala rupa."

"Geus tepi, In?"

"Pilem extrana we."

Nu ngaheureuyan teu didenge ku Inu. Terus leumpang ngajugjug kamar hareup, kamar nu diajangkeun keur manehna.

"Cep Inu!" Sora nu ngagero, Inu ngarandeg. Direret indung Awit.

"Aya naon tanteu?" pokna.

"Ka dieu geura."

Inu dikenyang kana korsi. Gek dibawa diuk ngarendeng jeung manehna.

"Ieuh, wayahna we, sawengi ieu mah kulem teh di kamar panganten, nya. Seueur rerencangan ti organisasi Tanteu nu ngawengi di dieu. Maenya cenah meureun panganten teu sakamar. Tanteu isin. Duh Cep Inu, nuhun pisan. Tanteu moal hilap kana kasaeun Cep Inu."

Inu ngajeten. Bray beuleugeunjeurna awak Awit, nu keur meujeuhna ngabeukahan. Irungnya, biwirna, panonna, sagala-galana alus. Tpi breh deui beungeut Mila..... kacinta kadeudeuh ditomplukkeun ngan ka dirina sorangan.

"Duh cep Inu, sawengi ieu we Tanteu mah, ulang kapalang nya nulung!" Satengah acong-acongan nyembah indungna Awit teh.

Bray indungna nu keur ngalempreh di imah sababaraha taun ka tukang, gering ripuh sanggeus ditinggalkeun maot ku bapana. Cakah-cikih indung bapa Awit nu nguruskeun. Nu mawa ka rumah sakit, nu ngalongokan saban poe. Malah indung Awit nu ngurus manehna kadua adina, disambat dipideudeuh lir ka anakna pituin. Ayeuna, peuting ieu datang mangsa pikeun mulang tarima teh, males kahadean deungeun, nu kacida beuratna.

"Kumaha Cep Inu?"

"Mangga, Tanteu."

Inu digabrug. Aya cipanon nu nyangkrung dina juru-juru panonna. Teu lila ngeclak hiji-hiji.

"Jig atuh, kasep," pokna dareuda.

Inu balik deui. Hatena barontak hayang nolak ieu pamenta. Tapi kapan bareto ge indung Awit teh nepi ka bebeakan ngajual perhiasanana keur nebus indungna ti

rumah sakit.

Panto kamar dibuka lalaunan, hordengnya nuruban sirah Inu disingraykeun ku leungeun kencana.

Seleksek seungit buah ngora pacampur jeung seungit parfum, Awit ngalieuk. Hate Inu nyeblak. Awak koneng dituruban daster nylon kayas ipis. Buukna ngarumbay panjang, galing muntang. Pakean panganten lalaki ngentep di tunjangeunana.

"Naha mulih deui?" pokna.

Rey getih Inu asa naek kana sirahna. Rasa harga dirina asa dibabetkeun, asa dicacampah. Awit diteuteup, antare we nyapek buah ngora.

"Disangka ku Awit, Kang Inu katarik ku Awit" Yeuh disatangkarak jagat teh henteu sadaya pameget kabita ku kaendahan lahiriah hiji istri. Disangka ku Awit Kang Inu kataji ku Awit? Hemmmh..... najan Awit geulis, keur Kang Inu mah teu beda ti runtah!"

"Kang Inu!" Awit ngorejat, leumpang ngadeukeutan Inu. Gap nyekel kana taktak Inu, geuwat dikepeskeun.

"Kang Inu moal ngageugeuleuh jabang bayi suci nu aya dina kandungan Awit. Sina mekar, sina jadi hiji budak anu puguh hiji bapana."

"Da Awit mah..... da.....," teu kebat.

"Awit teu perlu sombong. Awit ulang nyangka Kang Inu daek kikieuan teh pedah kabita ku harta banda sepuh Awit. Najan Kang Inu sakieu kaayaan, kulawarga Kang Inu teu boga jiwa baramaen.....!"

"Kang Inu... naha atuh Kang Inu teh make kereso nikah ka Awit?" Satengah ngabeubeutkeun maneh Awit diuk, anakna ngampul sakeudeung, terus enyod-enyodan, teu lila eureun. Beungeutna ditungkup ku dua leungeunna.

"Lantaran indung Awit ceurik-ceurik menta tulung ka Ema...."

"Naha atuh Kang Inu make kereso?"

"Cek Kang Inu, lantaran Kang Inu ngarasa kahutangan budi. Kahayang Kang Inu mah Awit ngarti, ulah ngahina".

"Saha nu ngahina Kang Inu?"

"Ari bieu?"

"Na nyarios naon kitu Awit teh?"

Inu ngajengket, leumpang ngajugjug lebah jandela. Bray mukakeun jandela hiji, karasa hawa tiis nyecep.

"Dikira ku Awit, Kang Inu ka dieu teh kahayang Kang Inu?" Awit teu kadenge nyoara.

"Mamah Awit, tuang ibu, nu mamaksa Kang Inu lebet deui ka kamar ieu. Ulah dikira, ari jelema malarat kawas Kang Inu teu bogaeun harga diri!"

"Kang Inu..... paralun upami Awit ngahina Kang Inu... maksud Awit mah, naha Kang Inu nganggo ka dieu, nganggo kereso lebet ka kamar ieu, kapan Kang Inu

teh ngewa ka Awit.... kitu."

Inu teu nembalan. Ret kana korsi, luhurnya aya kado tilu bungkus. Hiji-hiji diturunkeun ka handap. Gek diuk di dinya. Kadak-kodok kana sakuna. Kakara inget ti tatadi teu udud. Ti pukul lima sore tepi ka pukul salapan peuting, diuk. Sakapeung nangtung narima panyalam semah.

"Bade nyesep?" cek Awit, siga rek ngojengkang.

"Henteu!" tembal Inu sugal. Taya hak pikeun nitah. Manehna lain pamajikan aing. Kawin soteh "proforma" wungkul. Bisi masarakat nganenan yen Awit teh kakandung-gan teu bapaan.

"Kang Inu.... hapunten we atuh Awit. Engke Await nyarios ka Ceu Mila, bilih....."

"Teu perlu!" cek Inu. Awit ngajengjen.

"Sok geura kulem, ulah nyarios wae," cek Inu deui. Jung manehna nangtung. Katenjo Awit teh nurut. Ngagoler nuruban maneh ku simbut.

Deudeuh nasib wanita, gerentesna. Nu awong-awongan nyebutkeun emansipasi, nu awong-awongan nyebutkeun geus sarua hak jeung lalaki dina sagala widang. Lebah dieuna mah, angger keneh jati cocooan, pikeun dibobodo lalaki. Emansipasi nu majar nyakup sagala widang, saenyana samar-samar keneh pikeun maranehna.

Maranehna moal bisa ngaleupaskeun nalurina sabage hiji umat nu dingaranan wanita. Bongan ditakdirkeun leuwih hengker ti lalaki. Sanajan loba nu geus tandang makalangan, loba keneh nu daek jadi papaes, jadi cocooan, jadi tipueun lalaki. Awit katenjo ngulisik. Inu geuwat miceun beungeut. paneuteupna nganclong ka jauhna, ka langit nu meredong hideung, kana bintang nu celak-celak aranggang. Sakapeung angin leutik ngulinkeun buuk hareupna.

Ret kana beker leutik luhureun toilet. Geus pukul dua welas. Inu cengkat lalaunan. Teu hade angin peuting keur nu kakandung. Lalaunan manehna leumpang. Kareret nu keur sare, bangun sadrah, bangun pasrah. Leungeunna numpang dina beuteungnya nu geus rada bucitreuk.

Asa teu wasaeun Inu kudu cicing di kamar eta, komo make kudu sare saenggon mah, da manehna teh manusa biasa. Manehna embung ngahianat Mila. Lantaran cek indungnya. "Hormat ku Ujang sakabeh awewe, saperti Ujang ngahormat Ema."

Deudeuh meureun Mila, mun teu buru-buru diteang, mun teu buru-buru dibejaan. Manehna

ka luar. Gek diuk dina korsi panjang. Eusi imah geu simpe. Geus taya nu hudang saurang-saurang acan. tinggal Inu nu diuk sidakep bari peureum.

Blak buku dibuka, Inu nepakan tarangna. Tadina mah asa yakin bener jajawa-banana teh. Ayeuna dibaca deui, tetela ... salah.

Puguh enya kelusuhan modal tetap yang berangsur-angsur teh salah sahiji depresiasi modal. Naha ngan inget nu hiji wae habis terpakainya barang-barang produksi terpakai sekali. Asa geus ngolotok. Padahal bieu teh aya keneh waktu dua puluh menit deui. Inu nepakan tarangna. Da eta pikiranana inget bae ka Mila. Sieun kaburu aya nu ngabejaan yen manehna geus kawin. Tada teuing ambekna. Ari rek balik kamari teh kapalang, ujian sapoe deui.

"Huh!" Kesang nu ngagarajag dina tarangna disusut ku saputanganna.

"Cing nu ieu," pokna ngagereyem sorangan.

Angin ngahiuk. Tangkal camara nu ajeg luhur, tungtung daun-daunna oyag lalaunan. Sakapeung aya manuk enteup, tapi ngan samemit tuluy ngapung deui.

Penetapan-penetapan jumlah-jumlah yang besar untuk depresiasi dengan cara yang teratur merupakan jalan yang semudah-mudahnya untuk membentuk tersamar.

"Huh! Tolol! Tolol!" Inu nepakan tarangna. Na jadi butek otak teh, teu nyaho nu kitu-kitu acan.

Geus dua minggu parasaanana diteken terus. Daek teu daek manehna disanghareupkeun kana pasualan nu lain hampang-hampang keur jajaka kawas manehna. Ku teu daek ngarti Awit teh. Eta ari geus talandan-telenden nyampeurkeun, sabot manehna ngapalkeun. Sarangah-serengeh kawas nu hayang diogo. Heg meunang ngageulis, keur mah geulis deuih, jaba kasipuh ku papakean anu singsarwa alus, singsarwa seungit. Enya-nya matak ngahudang birahi.

Tapi hadena, tepi ka poe ieu taya kajadian nanaon antara manehna jeung Awit. Poe ieu keneh manehna rek menta pindah ti imah Awit ka tempat indekosna bareto. Tuluy buru-buru neang Mila. Ku geus sono atuh ka Mila teh. Jeung asa kahudang ku tetenjoan. Nenjo Awit jadi hayang panggih jeung Mila, hayang namplokkeun kasono.

"Ente kawin teu beja-beja!" geplak tonggongna aya nu nonjok, Inu ngorejat.

"Heh Bos ...! Inu nyeregeh. Si Obos batur sajurusan, jelema tukang ngabodor.

"Aduuuh... aing ripuh, Lord Stamp, pahili jeung K.M. Langley... euy!" Obos gogodeg.

"Naha atuh, Bos?"

"Nyeta kabita ku ente, geus naek kana sirah yeuh... Lain euy, teu beja-beja kawin teh. Jeung... bejana, pamajikan teh taeun, dibere persekot, hebat, lungguh-lungguh." Obos ngabarakatak.

"Cek saha?"

"Rek mungkir? Adi sayah pan diondang ku Awit. Aku we, aku lah, jadi jelema mah kudu seporhem." Ceuleukeuteuk Inu seuri.

Biasa Obos mah sagala istilah asing teh sok diheureuykeun.

Teu lila kadenge ngaguruh sora nu ngobrol. Bareng jeung barudalna jajaka jeung mojang ti ruang L. Ngagerendeng teu puguh dengekeuneunana.

"Pias euy, panganten!" cek Agus, bari nyampeurkeun. Gek diuk gigireun Obos. "Nyabak tuur, Nu... wah geus los, euy."

"Ayeuna resep soteh, Nu... Akang ge geus sataun mah rada taeun ..." cek Sumarna, mahasiswa nu geus aya umur milu nyanghunjar luhureun jukut nu ngemploh hejo.

"Semet sataun, berlaku hukum Gosen kahiji, dua taun hukum Gosen kadua ..." cek Agus.

"Ah lain hukum Gosen, da kana pagaweanana mah moal wareg-wareg ... Eta ka nu di imah. Ari geus bangkenu ..."

"Rujiiit Kang Sumarna mah ari geus los ka dinya teh," cek Kuspita bari geplak neunggeul tonggong Sumarna. Nu sejen seuri.

"Naon kitu nu wareg teh, da tuang. Da enya atuh Akang mah kana tuang mah tara wareg-wareg. Nga mun sareng peda deui peda deui, bosen, sok hoyong sareng lauk hayam."

"Teuing ah, teuing ... Eh, Nu...geulis pisan pamajikan teh, bisaan, euy," Anita nyiwit kana tonggong Inu.

"His teu meunang cawat-ciwit, Ani, Si Inu teh ayeuna mah lain deui."

"Gandeng atuh lah, ngocok teh ku teu bosen-bosen. Sakitu geus dua minggu kawin teh."

Ger sarerea seuri ngadenge caritaan Inu teh. Camara ge oyag rada tarik. Kawas nu milu ngagonjak ka Inu nu keur sabil hatena.

Panonpoe beuki manceran, meneran pisan tengah-tengah langit. Panasna ngabetrak, lir hayang ngaduruk sagala kasarakahan, sagala kadugalan, sagala kasabaran nu kumelendang di dunya. Sakapeung angin ngupahan, ku hiliwirna. Sakapeung mega ngilungan, nutupan panasna.

Saurang-saurang nu nyanghunjar handapeun camara teh bubar. Tinggal Inu kadua Obos nu masih keneh satia nungguan daun camara kaanginkeun.

"Lain. Nu..., enyaan euy, eta teh investasi netto?" cek Obos.

Inu kerung. Dina soal ujian nu anyar disanghareupan taya pasualan kitu. Diteuteup teh Obos kalah seuri.

"Da euweuh soal kitu, naon maneh teh?"

"Eta... ulah tersinggung nya euy, urang mah open management..."

"Ah, siah baku ari geus diaco-aco teh," Inu seuri ngabarakatak.

"Enya naon atuh, blak-blakan, openhart teh, cek sinyoh mah. Eta nu dina kandungan Awit?"

"Naha kitu?"

"Demi Marie Regal paling enak, dewek mah, ngitung euy, ente wawuh jeung Awit teh kakara dua minggu ti memeh kawin mah. Jeung lain sok babarengan jeung si Ronald?"

Inu melengek, kaharti... Investasi Netto teh penanaman modal bersih, diloyogkeun ku Obos kana kandungan Awit. Kuduna mah Inu nyarita satarabasna, demi harga dirina, ngarah teu dileyek deungeun. Tapi bet asa karunya ari kudu ngagogoreng mah ka Awit teh.

"Nyeta ... Bos, urang teh kalepasan euy. Awit teh anak sobat indung urang. Hiji mangsa dipihapekeun ku indungna di imah Ema, da indungna rek ka luar nagri. Heuheureuyan tadina mah, kalepasan, euy!"

"Jadi nyaan anak ente?"

"Enya..." tembal Inu pondok.

Obos neutep kawas nu ngandung harti. Teu lila imut, tuluy nyekel leungeun Inu pageuh.

"Hampura dewek, Nu."

"Ah siah make menta dihampura, da lain lebaran, teu pupuguh."

"Bae atuh, geuning sabun Sunlight ge teu weleh sasalaman maslmg usum implek ge."

Inu ngabarakatak seuri, teu kuat ngadenge caritan Obos. Tapi teu burung ditarima panyalaman.

"Hey ... urang ka Perpustakaan yu, aya penulis anyar, moleh teh euy!" anu ngagorowok.

"Yu rek ngilu, Nu."

"Jig, we, ah," cek Inu bari jung cengkat. Leungeunna ngepruk-ngeprukkeun bajuna.

"Tong ngajakan panganten, hayang geura balik!" cek Sujoto, ngomong Sundana karagok.

Sarerea seuri. Obos nurutan nangtung.

"Urang mah rek ngilu jeung anak buah, Nu," cek Obos.

"Lah, siah, anak buah-anak buah irung maneh," cek Irwan.

"Boro-boro silaing, Drs. Dedi, ka dewek teu weleh nyebut Boss!" Ger sarerea seuri. "Yu, ah.

Nu... bari ngadagoan Sadeli mapagkeun," cek Obos.

Ger deui sarerea seuri. Da Sadeli teh ngaran Profesor. Inu ukur neutep babaturanana ngabring. Era ku sesebutan geus kawin, ari masih keneh ubral-abrul nyintingan mojang geulis mah. Karugian gede, kawin bobodoan teh. Tapi eta cipanon indung nu maseuhan pipi katenjo wae. Leungeun indungna nu ngageubig-geubig puhu leungeunna karasa wae, sorana nu dumareuda kadenge wae.

"Ujang ulah teu daek nulungan. Ema inget wae, harita Ceu Romlah dulur sorangan, teu hayangeun nulung, neang ge ukur sakali. Tapi indung bapa Awit, nu lian, deungeun-deungeun haseum, estu satekah polah nulungan Ema. Rasa deudeuh ka sobat. Omat Ujang pangnyaitkeun wi-wirangna. Demi Ema. Ujang, pimanaeun Ema bisa males ku harta. Omat kasep. Omat..."

Sora nu teu weleh napel, nyababkeun sagala pamenta indung Awit teu weleh digugu.

Teu karasaeun leumpangna geus tepi ka luareun kampus. Geus euweuh camara jarangkung nu ngabaradega di sisi-sisi jalan leutik jeroeun buruan kampus teh. Ayeuna mah nu katenjo ngan patali marga nu pasulabreng minuhan jalan.

Teu hese megat. Inu tumpak honda nu kalebakkeun. Gek diuk gigireun kolot dikabaya beureum kembang-kembang.

Hiuk angin ngahiuk nyusup jandela mobil. Beuki lila wangunan Universitas nu ajeg tohaga teh beuki teu katara.

Sup ka pavilyun kasampak Ma Uti keur ngeliman sarung bantal anyar. Manehna ngajak imut, terus tungkul deui.

"Kang Inu, tadi aya serat kanggo Kang Inu," sora Awit hegar naker, Inu ngalieuk. Saperti sasari tara nembongkeun pasemon nu gumbira. Teu weleh inggis, sieun Awit ngarasaeun dipicinta.

"Beu ka dieukeun!"

Awit mikeun surat ka Inu. Rada heran Inu teh, aya surat teu make amplop, sumawonna perangko mah. Bray dibuka.

Cep Inu, dianos ku Tanteu di payun, mun tos tuang. Aya picarioseun.

Tanteu

Ih, na matak naon talatah we atuh ka anak.

"Make ku serat sagala atuh, Wit?"

"Da sanggem Awit ka Mamih. Awit mah tara ditaros ku Kang Inu. Sareng Kang Inu mah siga nu bendu wae mun diajak nyarios ku Awit teh."

Leketey hatena ngaleketey. Sakumaha kejemna, manehna boga keneh rasa nu lemes, rasa kamanusaan. Tapi moal ditembongkeun, sieun Awit asa dibere harepan. Minggu hareup ge rek buru-buru diserahkeun wae. Peun moal aya tuluyana.

"Ayeuna Mamih aya?" pokna teugeug.

Teu nyarita deui. Inu ngagedig ka kamar jero. Di patengahan kasampak indung Awit keur diuk, biasa dina korsi panjang.

"Aeh Cep Inu ... tos lami?"

"Nambe dongkap Tanteu."

"Atuh can tuang nya ..."

Inu ngaheheh. Gek diuk dina korsi papahareup jeung korsi nu didiukan ku indung

Awit.

"Saenyana Tanteu geus isin ku Cep Inu teh, ngan kumaha atuh, kapalang kahutangan budi. Cep Inu ... Tanteu teh enyaan nyuhunkeun karidoan Cep Inu... Eta, perkawis Awit. Isin ku tatangga ari kedah enggal-enggal pirak mah. Kumaha upami, wayahna bae Cep Inu dugi ka Awit ngalahirkeun mah di dieu heula."

Mun dibandingkeun mah, Inu asa nanjak ka gunung nu tarahal, seunggahna. Hoream nu-luykeun, tapi kapalang geus nanjak. Manehna ukur tungkul. Bray beungeut indungna. Sorana nu dumareuda, wayahna, da kahutangan budi tea.

"Nanging Tanteu, pageto abdi bade wangsul heula nepangan Milla, kaleresan kuliah pere, sareng cuti taunan ti pagawean teu acan dibantun."

"Mangga teu langkung, pokona Cep Inu keresa linggih di Tanteu dugi ka Awit ngalahirkeun."

"Tos sabaraha sasih putra teh bobotna?"

"Tos lima sasih saur bidan mah."

Opat bulan deui kudu cicing saimah. Sanajan panggih ukur saliwat-saliwat oge, asa horeameun Inu teh. Teu puguh laku, teu puguh cagap.

"Nuhun pisan Cep Inu ... Aeh bisi hambur ongkos, anggo we atuh mobil Um ari ngantor sonten teh."

Najan caritaan indung Awit pinuh ku kasadrahan, tapi karasana ku Inu asa beuki ngawewe-jet harga dirina. Lalaunan manehna nangtung.

"Sakantenan permios Tanteu, abdi bade ngendong di babaturan, wengi ieu mah dugi ka wangsul ka Garut."

"Mangga ...Duh Cep Inu, salam baktos wae ka Ema, Tanteu ge tangtos enggal ka Garut nepangan Ema, ke ari Um-na wangsul ti Jakarta."

Inu nyerengeh, terus leumpang ngajugjug pavilyun deui, tempat sarena.

Teu ditolih Awit nu diuk dina korsi. Terus mawa koper leutik. Sup-sup papakean nu perlu diasupkeun.

Najan katara ti luar mah pavilyun teh leutik, tai di jerona aya dua kamar sare jeung kamar tamu. Ngahaja ku Inu. Ma Uti jeung Ma Oyoh sina sare jeung Awit, ngarah manehna jongjon, jeung ngaleungitkeun sangkaan lain-lain dina diri indung Awit.

"Kang Inu bade ka mana?" breh Awit nangtung dina lawang panto. "Bade

ka Garut," tembalna pondok, rada ngabohong.

"Bade ka Ceu Mila?"

"Muhun."

"Tebih Garut teh, Kang Inu?"

"Tebih."

"Awit mah hoyong terang Garut teh di mana."

Inu teu ngareret. Jongjon meresan papakean nu perlu dibawa. Katenjo koper leutik teh asa pajejel teuing. Ieu anduk nu ngagarubang teh. Ari teu dibawa bisi Mila ngajak ka Cipanas, heg teu boga deui anduk weuteuh. Ieu kitu baju nu ieu tong dibawa? Koper teh dikunjal deui. Pek dipilih deui, nu sakirana perlu diasupkeun. Angger asa padedet.

"Awit gaduh anduk alit," cek Awit, bari asup ka kamarna. Teu lila geus kurung deui mawa anduk leutik. Sok dibikeun ka Inu.

Anduk ditampanan. Hatena rumandeg, hayang nolak, tapi teu tega. Anduk diasupkeun kana koper. Teu pupuguh hatena ratug tutunggulan. Asa napak asa henteu ...

III

Wanci asar Inu tepi ka imah indungna. Poe nu lenglang, taya sari pihujaneun ngotoran langit. Ngan katara layung hurung munggah burahay. Kawas sasari imahna teu weleh tiiseun. Imah leutik, pangusina ukur tiluan, raresik bareresih. Ngahaja Inu nyalinker jalan ka dapur.

Katenjoeun Yuyum, adina, keur nyokelan taneuh pepelakan. Beletuk ku Inu dibaledog tonggongna. Lep deui nyumput tukangeun tembok imah.

"Saha nu maledog teh, Ema, nya," cek Yuyum.

"Ah, ari Yuyum, nanaonan atuh Ema kolot-kolot babaledogan."

Inu nyerengeh. Kop deui kana batunu rada gede. Beletuk dibaledog lebah bujurna.

Yuyum ngalieuk deui. Ayeuna mah cengkat, bari nyenyekel aritna. Luak-lieuk. "Teang saha nu heureuy teh, ku Ema ge katara batuna," cek indungna.

"Bi Umi, pangneangkeun ..."

"Ah, ari Nyai onaman, sok borangan ..., " cek Bi Umi.

"Babaturan meureun heureuy," cek indungna deui.

Memeh Yuyum neang ka tempat panyumputan Inu, kelewang bungkusana pibajueun dialungkeun meneran kana beungeutna.

"Aduh... naon ieu teh?" Yuyum nunda aritna. Bray mukakeun bungkusana. Gerewek ngajerit.

"Kang Inu... Mana... Si Kang Inu, moal salah ..., " bari surak.

Inu kaluar tina panyumputanana. Gabrug Yuyum ngarangkul, jeletot nyiwit kana puhu leungeunna.

"Adodo...doow, tong nyiwit atuh, Yum."

"Ngewa... ngareureuwas ..."

"Si Ujang .. paingan ngalangkang wae dina panon ti beurang keneh." Solongkrong Inu

munjungan ka indungna. Katara paroman indungna marahmay bangun bungah. Gap nyekel kana leungeun katuhuna.

"Iraha ti Bandung?" pokna.

"Siang..., " temalna pondok. Solongkrong ka Bi Umi.

"Cageur Jang?"

"Pangesto..."

"Geuwat haneut-haneutkeun dahareun, Umi, lapareun meureun Si Ujang ..., " cek indungna. Guk-gek nu dipisano teh dariuk deukeut manehna.

"Kumaha Neng Awit teh, Jang?" Kop indungna kana koper manehna. Sok diteunde-un dina luhur meja.

"Ah, kitu we. Tadina mah bade enggal-enggal diberesan, ngan saur Tanteu Opie teh engke wae mun budak tos lahir cenah, Ma..."

"Nya keun wae atuh, Ujang... wayahna we, da Ema teh moal poho kana kahadean budi maranehna teh. Kumaha cek Ujang?"

"Muhun mangga we sanggem Inu teh..."

"Heueuh sukur... Cing Yuyum ieu bawa ka dituh koper Akang, heg mawa cai nanaon, lain kalah diuk, keun lanan ngobrol mah..."

"Entong kaprak-keprek, Ma... wios, da tos sesek, tadi bade mios neda heula di reren-cangan."

Jung Inu nangtung. Koper dijingjing dibawa ka kamarna. Kameja dilaan, sok digantungkeun dina paku. Rarat-reret, teu weleh bareresih kamar teh najan euweuh pangeusina ge.

"Kang... ieu rek eueut?" cek Yuyum, bari song mikeun cai sagelas. Sok diteundeun dina luhur meja leutik.

"Naon, Jang... pek atuh rek reureuh mah, keun engke ngobrol mah, cape meureun ..."

"Ih, henteu ... ieu bisi kabujeng kaanggo ..." Sok duit lambaran teh dibikeun kabeh ka indungna.

Indungna ngitung duit pamere anakna tea, Yuyum umat-imut ngawaskeun.

"Na sabaraha Ujang gaji teh ayeuna, geuning ka Ema mere mani loba kieu, naek meureun, nya?"

"Ah, henteu... sadaya we di ka-Ema-keun, da abdi mah pan neda perdio, sasih ieu mah..." Serengeh seuri.

"Naha moal nyakuan pisan atuh?"

"Atos, kanggo ongkos we sareng roko ..."

"Ma... Yuyum kaos tea ..., " cek Yuyum.

"Ih, naon ieu teh.. Ema teh pan boga kiriditan ..."

"Atuh... Ma, pira ge dua rebu. Ma ..."

"Itu pan pibajueun ti Akang can dikaput, na ari Yuyum ..."

"Enya Ema mah, ari kamari mah ... cenah ke mun datang Kang Inu ..."

Inu mesem. Ku taya deui atuh rajana kabungah teh iwal ti dibageakeun ku indung jeung adi. Maranehna nu mikadeudeuh, nu dipideudeuh. Nu ngagantungkeun hirupna ka manehna. Karasa hirupna teh asa aya nu ngadagoan. Tapi mun seug manehna geus kawin, naha Mila ridoeun mun rejekina dibagi dua jeung keur indungna. Ah, piraku da kacirina ge Mila mah bangun bageur, moal kawas Awit sugan, da manehna mah kaasup jalma biasa, kawas Inu, teu cara Awit nu salawasna aya dina kasenangan, tara nyaho naon ari kasusah teh.

"Enya ... ke ari aya sesana kop keur Yuyum ..." Nu paloba-loba carita kadenge keneh. Inu imut ngagelenyu.

"Yum, Yuuuum, ka dieu geura."

"Kaah ..." Teu lila katenjo jelemana ngurung.

"Hayang naon Yuyum teh?" cek Inu. Panonna neutep beungeut adina. Yuyum teh geus ru-maja putri, keur meujeuhna resep dangdan. Jeung geus kaciri geulisna teh deuih.

"Kaos ... Ema mah Kang, ari kamari mah ke ngadagoan Kang Inu."

"Loba kaperluan meureun, Yum ... sabaraha?"

"Dua rebu ..."

"Geus tong ribut, ke ti Akang ..."

Katenjo Yuyum imut bangun bungah. Leungeun katuhuna mintel-mintel karet nu ti tadi dicecekel.

"Kang Nu ... basa kamari ieu Yuyum pendak jeung Ceu Mila keur duaan jeung pameget ..." teu kebat Yuyum nyarita kaburu indungna ngurung deui ka jero. Bray mukakeun koper Inu.

"Bisi aya seuseuheun. Jang ..."

"Beresih sadayana ge, Ma ..."

"Na saha nu mangnyeuseuhkeun?"

"Duka ku Awit sugan dikajongoskeun ..."

"Na ... Sa..."

"Henteu ... Inu mah kamar nu hiji deui. Awit mah sareng pangasuhna di kamar nu gigireun. Moal atuh Ma ... Inu ge da gaduh emutan."

Indungna imut ngagelenyu. Imut indung nu salapan bulan ngakandung. Nu salawasna mideudeuh, nu ngadu'akeun teu kendat-kendat. Ayeuna eta imut angger nganteur manehna bajuang keur pikahareupeun.

"Moal sare mah urang ngobrol we atuh di tepas, nam, ulah ngobrol di kamar sare, teu hade," cek indungna.

Yuyum jeung indungna kaluar ti kamar. Ari manehna rap kana baju kampret bodas. Teu lila nuturkeun ka hareup. Bet jadi ingeteun ka Mila. Kapangaruhan ku caritaan adina bieu, cenah reureujeungan jeung lalaki?

Kop kana rokona, didudut sabatang. Gur diseuneuan. Lung nu sawarehna dialungkeun kana meja leutik.

Mila jeung lalaki sejen? Piraku ... serebung haseup roko ngelun ngaliwatan sirahna, terus mumbul ka luhur.

Disampeurkeun teh indungna keur nilep-nilep pibajueun bawana ti Bandung. Tamba lengoh meuli dua meter satengah keur Yuyum.

"Rek di Bidan atawa di Dokter cenah babarna Neng Awit teh, Jang?"

"Ah, duka da Inu mah tara pirajeunan ubral-obrol sareng Awit. Atuda enjing siang kuliah, sonten wengi digawe. Ongkoh sieun majar nyaaheun, heg teh montel ... waaah repot ..." Barakatak Inu seuri.

"Geus sabaraha sasih cenah Kang, bobotna?"

"Teuing, cek Kang Inu ge tara tunyu-tanya ..."

"Karunya atuh Kang tara ditaros mah."

"Kurang kumaha Akang karunya ka manehna. Mun teu inget ka Ema mah cadu teuing Akang ngawin awewe kawas kitu, ner teu Yum?"

Yuyum unggeuk, tapi basa ngareret ka indungna, Inu rada ngarandeg. Euweuh, imut nu biasa mapaesan biwirna teh. Nu aya ngan paromah nu ngandung kateungeunah. Tapi Inu teu papanjangan nyarita. Sep ngenyot rokona, bul haseupna dikebulkeun, ngelun ka luhur ... Teu dihaja diteuteup ku tiluan.

"Sok inget, harita Ema keur ditinggalkeun maot ku bapa maraneh. Da atuh mani gupuy-gapay teuing kudu kumaha. Nu matak Yuyum mah kudu tamat sakola teh, kudu bisa cekel gawe, ulah ngandelkeun teuing salaki. Harita Ema ... duh Gusti ... Heg Ujang leutik keneh, komo Yuyum mah. Lain ngagogoreng dulur, harita Uwa Ito teh tas ngajual imah. Ema nganjang. Da mani baluar-balieur atuh, Jang. Behna mah dulur teh jadi batur geus dipisahkeun ku dunya mah. Tapi indungna Awit, na da mani bela. Cacak ukur sobat keur jaman sakola. Komo basa Ema gering, mun seug taya maranehna, emh, boa maraneh teh ayeuna ge geus teu baroga indung bapa. Nu matak wayahna Ujang ... tulungan heula we, naon kahayangna ..."

"Leresan dinya mah, Ma, kantenan. Ngan da Inu ge gaduh cita-cita hoyong ngawangun rumah tangga jeung nu dipiati. Jeung istri nu ngabogaan tangtungan. Asa teu kacipta istri kawas Awit bakal bisa jadi indung nu hade. Mangkaning pan saur Ema ge jadi indung nu hade teh kalintang banggana. Ieu deui, nu tuman hirup senang, sagala sok tinggal engab. Sedeng manehna kudu jai indung, nu wayahna nganomerduakeun kahayang sorangan. Asa moal tiasa, Ma. Jabi tilas istri bangor. Naha moal kanceuh kabangoranana di mana jaga manehna geus rumah tangga. Inu gaduh pamilih ka Mila, leresan dieu mah punten we Ma, ari kedah nerasken rumah tangga sareng Awit mah ..."

"Ih, lebah dinya mah kumaha Ujang, Ema mah ngan nyaritakeun eta. Pedah menta didagoan nepi ka ngalahirkeun. Sukur we ku Ujang disanggupan. Nyieun pagawean amal teh teu kudu kubarang bere wae. Ngajait wiwirang deungeun ge kaasup pagawean amal ..." Indungna ngarenghap. Pibajueun diturubkeun kana pingpingna.

"Abot teuing saleresna mah Ma, males budi ku jalan kieu teh. Amal nu kawas abdi teh seueur awonna. Geura we, raraoseun istri nu kalakuanana kawas Awit, mun seueur lalaki nu kawas abdi. Kitu deui lalaki nukawas bapana anak Awit, beuki ngabur napsuna, beuki sawenang-wenang migawe pagawean nirca, ngahina ka kaum wanita. Sareng naha teu kalebet kana ngilungan kana padamelan awon ta teh, Ma?"

"Asal Ujang enya-nya nulung. Ujang kudu beresih tina sagala pamrih. Upamana wae, pedah Neng Awit geulis, der sakamar heula, tapi lebah tanggung jawab Ujang nyebutkeun nulung wungkul. Ari enya Ujang nulungan, cek Ema mah kaasupna kana amal. Jeung deui cek Ema ge Ujang mah nenjo Ema. Itung-itung males kahadean batur. Ema teu bisa males, da pimanaeun. Ayeuna keur mangsana manehna butuh ku pitulung, kabeneran Ujang sadrah, naon salahna. Tapi Ema teu maksa deuih ka Ujang sangkan satuluyna ngarangkeup ka Neng Awit ..."

Serebung haseup roko Inu ngapung ka luhur. Terus ... terus ... muru lalangit. Ditumbu ku haseup nu anyar datang. Nyerebung, ngabrul ka luhur.

"Jeungna deui, Jang, ulah sok waka ngahina ... cek Ema kangaranan manusa mah tara luput tina kasalahan. Ieu ge meureun, Neng Awit teh keur mangsana nyorang dosa, kasalahan nu boa ku manehna mah teu karasaeun. Tapi can tangtu Ujang, manehna bakal saterusna kitu. Papadaning kitu ge Ujang, ulah ari nembongkeun sipat miijid mah. Saha nu nyaho, nu ku urang dipideudeuh hiji mangsa teu pupuguh aya alesan pikeun dipijid, atawa sabalikna. Manusa tea teu kawasa. Jeungna deui parasaan mah digerakkeun ku Pangeran, lain kahayang. Ngan sanajan kumaha wae oge, Ema mah mihape ... awewe nu kumaha wae oge ku Ujang kudu dihormat, saperti Ujang ngahormat ka Ema."

"Ey ... Ema mah mani serius ..." cek Yuyum.

"Ih ... lain serieus ieu mah mapatahan we ... ka anak."

"Nuhun ketah. Ma ... eh, Yum nyaan ningali Mila jeung pameget teh iraha?" cek Inu asa diingetan ku kekecapan indungna.

"Ah, Yuyum onaman, boa teuing emangna ..." indungna nempas.

"Dukaa ... pokona cek Yuyum ge ningali Ceu Mila jeung pameget."

Indungna balem. Neuteup beungeut Inu lila naker. Inu ge ngareret. Najan katenjo beungeut indungna nyanghareup ka manehna, Inu teu bisa ngajugjugan jeroeun hate indungna. Teuing aya naon. Laut nu sakumaha jerona beunang kenah diteuleuman, hate jelema saha nu bisa?

Basa indungna nutup-nutupkeun hordeng jandela, jeung adan Maghrib kadenge ngelingan umat Islam, Inu diuk kenah dina korsina. Sakapeung haseup ngelun loba ngabrul ka luhur, sakapeung haseupna diantep ngambul tina rokona kenah. Ngan nu tetela, layung geus nembongan. Sakeudeung deui alam nu tadi caang lenglang bakal kaganti ku poek jeung sepi.

IV

Teu sing baranang ku bentang, teu sing aya bulan ngagandeuang, tapi peuting eta teu burung endah keur Inu. Najan ukur dipapaes ku langit anu meredong, teu burung betah kumelendang handapeun amparanana.

"Iraha sumping ti Bandung Kang Inu teh?" rada ngalende nyaritana Mila teh. Leungeun kencana nyoo ramo-ramo leungeun Inu nu katuhu.

"Mangkukna," tembalna pondok.

"Naha atuh mani nembe ayeuna ka dieuna ..." Leupas ayeuna mah leungeun ngajaleprit nu nyoo ramo-ramo leungeunna te.

"Ah teu kunanaha ..."

"Tos bosen, nya ...," cek Mila. Ngised ngajauhan, tapi Inu ge geuwat ngadekeutan deui. Leungeun Mila dicekel pageuh.

"Ulah waka bendu atuh ... dangukeun heula ..."

"Duka ... ah...," cek Mila.

Keleneng, keleneng tukang sakoteng nakolan piring beling, sorana jauh keneh, tapi geus atra ari kentrengna mah. Hiliwir angin nebak tiis.

"Saleresna mah Kang Inu teh aya picarioseun ..."

Caritana Inu teu kebat. Geus meunang ngukir, geus meunang mapantes picaritaen naon anu rek ditepikeun ka Mila teh. Ngeunaan dirina nu geus kawin bobohongan ka Awit. Tapi naha bet asa aya nu ngahulag. Nyaram nyaritakeun dongeng nu geus meunang ngukir teh. Ngajelengeng caritaan indungna ... Cenah manusa mah aya mangsana nyorang dosa ..., ayeuna Awit keur nyorang dosa. Tapi sok sieun Mila nyahoeun manten ti batur. Ma'lum beja sok leuwih harus ti goong. Ngeungkeung ka jauhna. Bandung Garut kitu, moal sabaraha hesena nepi.

"Terang Mila oge ...," cek Mila. Ngarandeg Inu teh. Naha enya kitu Mila nyahoeun. Moal kitu Yuyum nu ngabejaanana. Piraku? Jeungna deui pan Yuyum ge geus diwawadian ulah loba carita.

"Naon cing?" cek Inu neger-neger maneh.

"Kang Inu nembe beres ujian, kitu, nya?"

"Pinter Mila mah," cek Inu rada ngemplong. Sanajan hatena mah cangcaya, naha enya eta caritaanana teh. Ku hese atuh ngajugjugan hate manusa, ku hese atuh neuleuman eusi dada manusa.

"Sanes nanaon, Mil, Kang Inu teh ..."

"Sok atuh ngadongeng naon, ku abdi didangukeun!"

Caritakeun wae kitu satarabasna, yen manehna geus kakawinan jeung Awit lantaran nulungan wiwirang sobat indungna? Tapi naha wanita pantar Mila bakal percayaeun yen manehna teu kungsi ngalaksanakeun pagawean ilaharna panganten anyar? Kawas moal percayaeun, moal meueus-meueus acan. Leuwih hade tong dibejaan wae kitu. Tapi kumaha mun kaburu nyahoeun?

Ku sarwa salah atuh. Jeung ku sieun pisan Inu mah leungiteun Mila teh. Bongan

kadeudeuh geus lawas maneh, geus heubeul eunteup dina dirina. Bongan geus hese mopohokeunana. Kadeudeuh nu ngawjud jadi cita-cita hayang ngahiji.

Kelentreng piring nu ditakolan ku tukang sakoteng beki deukeut, beuki deukeut. Teu lila lar doronganana ngaliwat ka hareupeun maranehna.

"Ih, ku teu aya damel, kolot-kolot nakolan piring," cek Inu. Key Mila seuri. Jeletot nyiwit kana puhu leungeunna.

Leungeun nu nyiwit dicentok tarik nepi ka kabawa jeung awakna. Laun panon Mila peureum. Gulutrak sora nu tumpak kareta mesin ditarikkeun, sigana ngaliwatan jalan nu rada legok.

"Kang Nu ..."

"Hmmh ...?"

"Sono Mila mah."

"Kang Inu ge ..."

Bray lampu mobil nyebrot cahayana, tapi mobilna mah kakara kadenge gerungna. Teu lila katenjo nyerepet, ngan sakilat pisan ngaliwatan buruan.

Breh beunguet Awit dina pikiran Inu. Teuing keur naon manehna ayeuna. Mun seug Mila nya-hoeun, tada teuing raheut hatena, sanajan dina dirina taya naon-naon, taya rasa naon-naon ka Awit teh.

"Sok, tuh ... cenah bade ngadongeng," cek Mila. Sirahna nyangsaya dina taktak Inu. Kaambeu buukna seungit.

"Aya hiji raja... kagungan putra opat ...," Inu ngarandeg.

"Teras?"

"Teras nu cikal pupus, kantong tilu deui."

"Teras?"

"Teras pupus hiji kantong dua ..."

"Teras?" jeletot nyiwit, teu gancang dileupaskeun. Peurih peurihna mah Inu teh, tapi asa teu hayang leupas tah leungeun nu nyiwit teh.

"Teras pupus deui kantong hiji ..."

"Teras pupus hiji deui kantong ... seep nya. Sok bade nyarios naon?"

"Aduduh ... duh ..." Peresis tapak diciwit ku Yuyum nu ayeuna diciwit ku Mila teh. Awewe jeung nyiwit mah, kawas gula jeung kopi, adu manis.

Enya, bet jadi inget kana caritaan Yuyum, cenah Mila reureujeungan jeung lalaki, sakalian rek ditanyakeun.

"Mila ... cenah tepang sareng Yuyum keur sareng pameget?"

Mila teu nembalan, tapi ngan sakeudeung, terus nyanghareup ka Inu. Mun bisa mah Inu, ku hayangeun ngobet eusi hate mojang nu ayeuna aya di hareupeunana. Tapi kapan nu pamo-halan tea bisa kajadian.

"Eta teh Emang Mila ... kapiyai Ema ngan tos rada laer. Naha Yuyum ngadongeng ka Kang Inu?"

"Atuh kantenan we ..."

"Emang Mila ta teh ..."

Inu neangan bebeneran dina panon Mila. Cenah awewe sok katara ari ngabohong. Tapi Mila bangun teger, bangun teu sieuneun. Teu bangun nu reuwas, teu bangun nu ngadegdeg. Enyaan meureun mana kitu ge, teu ngabohong.

"Emang nu mana. Kang Inu mah asa teu acan tepang," cek Inu.

"Atuda wargi tebih. Ke ari Kang Inu ka dieu, kaleresan Emang ka dieu urang tepangkeun ..."

"Sering kitu ka dieuna?" cek Inu. Ngaheureuyan maksudna mah. Tapi Mila kalah tungkul semu nu teu ngeunaheun ku omongan Inu, nu bieu. Manehna ngabigeu teu nyarita nanaon. Geuwat Inu nyanghareup ka Mila.

"Ku naon, Mil ..."" cek Inu.

"Ah, teu ku nanaon ..."

Sirah Mila tungkul. Inu ngarasa manehna nu ngaruksak kaayaan. Keur meujeuhna hegar cangra, jadi melegmeg.

"Naha Mila bendu pedah Kang Inu naros kitu?"

"Ah, henteu."

"Geuning baeud?"

Lila Mila teu ngajawab. Gerung mobil jeung motor bangun papaheula muru tujuan. Sanajan katenjona ngaliwat ngan sakolepat, tapi sorana mah kadenge keneh tepi ka sababaraha menit.

"Atuda Kang Inu mah bangun teu percanten kana cariosan Mila teh."

"Haar ... naha kitu, da enyaan Kang Inu mah naros, sering henteu Emang teh sumping ka dieuna."

"Hartosna Kang Inu curiga, siga nu ... nu sinis ..."

Inu ngabarakatak. Mila dikeukeup pageuh. Kana sela-sela buukna Inu ngaharewos, pinuh ku geter kadeudeuh.

"Percanten ... atuh, Geulis ..."

"Kang Inu teh teu kedah cangcaya, kapan urang teh tos sakitu lamina sasarengan, maenya Mila tega sasarengan deui sareng nu sanes ..."

"Muhun percanten ... punten we atuh, nya Mil."

Hiliwir angin peuting nebak tiis. Najan langit poek meredong oyagna dangdaunan katara keneh, kacahyaan ku lampu jalan nu caang mabra. Aya reungit nu ngurilingan lampu, terus rabeng, teu lila areuweuh, tapi teu kungsi sababaraha menit breng deui muter deui, muter ngurilingan lampu.

"Kang Inu, emh ... ari Kang Inu iraha bade mundut Mila ka Ema?"

Inu ngabetem. Kudu iraha atuh nembalan teh? Ras inget sanajan sipatna bobodoan, tapi manehna geus kacatet resmi jadi salaki Awit. Mun can ngalahirkeun manehna moal bisa pipisahan. Hartina paling saeutik kudu ngadagoan lima atawa opat bulan deui. Mun Mila hayang tereh-tereh, kumaha atuh ngakalanana? Bebeja wae kitu yen manehna teh nulungan Awit. Tapi eta karisi, inggis Mila teu percayaeun, enya-nya neundeut ngabeungbeuratan hatena. Leungiteun Mila hartina leungiteun sumanget hirup, leungiteun sumanget diajar, leungiteun sumanget gawe. Lantaran ayana Mila, hirupna teh asa aya maduan. Lantaran ayana Mila cita-cita hayang jadi jelema teh nanjeurna. Tapi kapan cek indungna ulah waka pipisahan memeh budak Awit lahir. Inu ngarahuh.

"Kang Nu ..., geuning ngalamun?"

"Emh, naha Mila teh hoyong geura-geura kitu?"

"Ah, henteu ... ieu mah naros we..."

"Pan saur Mila, Kang Inu kedah tamat heula sakola."

Mila ngalende. Leungeunna nu kenca nyoo ramo-ramo leungeun Inu. Brul reungit teh ngabrul deui kana tempat nu caang. Sawareh karasa ngahieng ngadeukeutan tempat nu duaan dariuk.

"Sabaraha taun deui, Kang Nu?" cek Mila.

"Opat taun deui ...," cek Inu heureuy.

"Ah ... Kang Nu, atuh Mila kaburu sepuh manten ..."

Inu ngagebeg. Rada hemengeun ku caritaan Mila. Kapan sababaraha bulan ka tukang kungsi pakait jangji. Mila rek satia ngadagoan Inu nepi ka tamat sakola. Naha ayeuna Mila bet nyarita kitu? Rek digareuwahkeun teh Inu asa karunyaen. Tapi ari panasaran mah teu weleh.

"Keun we sepuh ge, da keur Kang Inu ieuh."

"Ah, sieun Mila mah ... pek teh Kang Inu kanu sanes."

"Paling ge Mila nu ka nu sanes."

"Tuh ... nya, teu acan nanaon tos timburuan."

"Atuda Kang Inu mah nyaah ..."

"Mila ge..."

"Naon nu Mila ge..., nyaah ka Kang Inu?"

Mila unggeuk. Duaan paheneng-heneng. Hieng reungit ngahieng ngadeukeutan, clo dina puhu leungeun Mila. Tapi nu dicoco teu ngarasaeun. Bangun keur jongjon. Ukur kadenge renghap napasna, bangun dipepeg.

"Mila ...?" cek Inu. Sorana ngahegak.

"Kah ...?"

Inu ngarandeg. Aya pananya dina hatena, au teuing ti mana datangna. Bieu, cikeneh karan-dapan, aya rengkak nu sejen dina diri Mila, nu samemehna tara kajadian. Manehna neutep lila naker ka Mila.

"Nyaan Mila tara sasarengan sareng nu sanes?" pokna teu pupuguh.

"Ku naon Kang Inu teh?"

"Ah, henteu ..."

Jempe deui. Toktok tukang baso kadenge hawar-hawar. Selang saminit kadenge ketrokna rada dkerepan. Kasono nu tadina ngagedur ngagugudag, lir dibanjur ku cai saember pinuh. Rengkak Mila bieu basa keur nyacapkeun kasono, asa sejen ti sasari. Jeung aya geulang emas nu ngalingker dina pigeulangna. Ari ali, ali pamere manehna ka mana, henteu dipake?

"Kang Inu, Mila mah mun tos nikah alim sabumi sareng sepuh."

"Naha?" cek Inu pondok.

"Seueur kajantenan ari ngahiji sareng sepuh teh. Boh sareng sepuh ti pihak istri, boh sareng sepuh ti pihak pameget, eta ku barebedanana ... Mila sok ngadangu-dangu ..., lah hoream Mila mah."

"Nya ... urang usahakeun misah we atuh, nyewa-nyewa bae mah."

"Resep meureun, nya Kang Inu."

Inu ngareret kana beungeut Mila. Anyar-anyar pisan eta sora teh kadenge. Hartina hiji tanjakan ti diri Mila. Nu samemehna mah tara nyaritakeun soal kakayaan, soal imah, soal sagala. Naha geus nincak kadewasaan kitu Mila teh? Tapi Inu teu papanjangan. Mila dikaleng. Rasa deudeuh, rasa nyaah, ngagunduk dina dadana, awor jeung rasa hariwang, paur alahbatan rek maut hini. Sok sieun cita-cita, nu geus dipatri teh teu ngajadi.

"Kang Nu. Mila mah hoyong naker gaduh acuk buludru model ayeuna."

Enyaan ayeuna mah Inu teh ngajenghok. Lain wae sora anyar lain wae rengkak anyar, tapi pamolah ... sagala alanyar karasana.

"Mila... hoyong dipangmeserkeun acuk?"

"Naha kitu Kang Nu ... pan Kang Inu teh nyaah ka Mila ... nya, Mila mah sok sirik, cenah Yuyum sok dikintun acuk ku Kang Inu, geuning ka Mila mah tara ..."

"Pan cenah saur Mila, ari ku taeun dipasih acuk teh sok atosana."

"Ah nonsen Kang Inu, bohong, ulah percanten ka nu kitu."

Nonsen? Nyaho ti mana Mila kecap kitu. Na sok reureujeungan jeung saha atuh Mila teh, make motekar ngagunakeun kecap kitu sagala? Kamajuan meureun. Kayungyun, enyaan kayungyun.

"Nya atuh ari saur Mila nonsen mah, ke ku Kang Inu dipang..."

Jeletot leungeun diciwit. Inu ngagurubug. Mila terus ngagebugan. Ditewak leungeunna ku Inu, terus diteuteup. Ku hayang nyaho atuh, saha nu sok reureujeungan jeung Mila teh, mun mojang, mojang ti mana, mun lalaki, lalaki saha, nu mere hawa anyar kana kahirupan Mila.

"Kang Inu ... leupaskeun."

"Sok atuh nyarios, nyaah keneh Mila teh ka Akang?"

"Ku naon Kang Inu teh?"

"Henteu ku nanaon, sok waler nyaah keneh henteu?"

"Nyaah..., nyaah ..."

"Daek naon?"

Gutrak panto muka. Inu ngaleupaskeun leungeun Mila. Lol indungna Mila ka luar. Inu nyerengeh, geuwat rengkuh bari imut.

"Di lalebet atuh, Cep Inu ... angin."

"Mangga ...," cek Inu nyerengeh. Teu lila indungna Mila asup deui ka jero. Mila ge nitah Inu asup nuturkeun manehna.

Peuting beuki poek. Beuki lila beuki jempling. Lila Inu paheneng-heneng. Tapi terus rasa, tindakan indungna bieu teh sacara teu langsung ngelingan yen ayeuna teh geus peuting. Nepi ka pamitanana, nepi ka lekasanana obrolan nu diajam rek dcaritakeun teh bolay, kagareuwahkeun ku rengkak Mila nu sarwa anyar, sarwa teu pikahartieun. Tapi kateupercayaanana dilelepkeun ka jero ... jero pisan. Pamuga Mila teh angger Mila nu bareto, gerentesna, ka angin peuting nu maturan manehna leumpang nyorangan.

Jeprut bola hejo dipegatkeun ku huntuna. Sok jarum diteundeun, dicecebkeun kana babantalan leutik. Baju orok dibengbrengeun, dialak-ilik. Asa payus jeung kahayang gambar bordelan dina dada baju orok teh, gerentes hate Awit. Bet asa aya rasa nalangsa nu teu pupuguh nyaliara na hatena. Mun seug kawin teh kawin enyaan, tada teuing resepna. Meureun beubeunangan ngabordel teh ditembongkeun ka bapana budak. Pan ieu mah Kang Inu mah lain. Salawasna teu weleh ketus, teu weleh jejebris sakalieun patanya ge. Awit rumasa kana kaayaan dirina. Nu matak sagala paripolah Inu ka manehna teh teu dijadikeun teu ngeunah pikir. Awit yakin Inu can sare di kamar gigireun manehna. Inu teh kakara pisan balik ti Garut, neang indungna neang adina, jeung nu pangpangna neang Mila, mojang kadeudeuhna tangtuna ge.

"Enden..." Korejat Awit ngorejat.

"Ih, Si Ma Uti, ku ngareureuwas..."

"Ah Enden onaman, Ma Uti nyarita biasa ge make reuwas, bane keur ngalaman...nya."

"Ieu.. keur naksir bordelan, alus nya, Ma."

"Ilih enya... ku bisaan atuh duungan Ema teh."

Awit seuri, panonna neuteup kana panon Ma Uti. Geus kolot ayeuna mah Ma Uti teh. Ti sainget hirup manehna reureujengan jeung Ma Uti teh. Sare, sakola, ulin, teu weleh dikukuntit ku Ma Uti. Matak geus teu asa ka sasaha, asa ka indung wae Awit mah. Ayeuna ge kuer dirina aya dina katunggaran, ngan Ma Uti nu bela teh, maturan beurang jeung peuting.

"Ari popok geus disisian kabeh, Ma?"

"Lah make disisian sagala popok mah, matak nyerieun palangkakan orok keh. Lah... ku aksi, orok mah dapon buni we..."

"Ka dieuh ku Awit, dasar nini-nini pangedulan..."

"Prak teuing, Ema mah narah, sieun katojos jarum, mana jeujeueungan geus teu pati awas teh...", crot ciduhkeun cai panyeupahan.

"Cing Ema, pangnyieunkeun seupaheun."

"Ilih... boa awewe orok teh." Kusiwel ma Uti nilepan seureuh, sanggeus meunang nyamaran, sok dibikeun ka Awit.

Am dihuapkeun. Tapi teu lila Awit nyengir.

"Laga... laga, kangkoyong..."

Ma Uti seuri bari sok neundeun tampolong. Crot sakabehna dipiceun deui. Ma Uti ngehkey nyeungseurikeun.

Kadenge Inu dehem di kamar gigireun. Awit molotot ka Ma Uti. Ma Uti ngangkat taktakna bari ngelel, terus nungkup biwir. Jep teu kadenge sorana deui. Meureun Inu teh gandengeun ku seuri Ma Uti, mana dehem ge. Bet aya rasa sono ka Inu teh. Tapi hayang ngobrol teh kumaha atuh, da sakalieun Awit nanya, pan Inu teh mani pondok pisan nembalanana ge, salawasna.

"Ma Uti... cokot taraje, jig!"

"Rek nanahaonan Enden teh?" Tapi biwir Ma Uti ditungkup ku Awit, bari molotot, nyarek Ma Uti nyarita tarik ku isarah panonna.

"Keur naon?" cek Ma Uti ngaharewos.

"Hayang nempo Kang Inu keur naon?"

"Atuh ketrok we..."

"Embung sieun ambekeun... jig geuwat."

Ma Uti katenjo neutep Awit lila. Bangun aya sinar kadeudeuh dina beungeutna nu karijut teh. Awit ge ngarasa kalakuanana teh kawas budak bolon, tapi da ku hayangeun pisan nenjo Inu teh, keur naon ayeuna?

Ma Uti ka luar, teu lila ka jero deui mawa taraje tina almunium teu pati jangkung, jeung beresih.

"leuh Enden...", pokna bari angger ngaharewos.

"Tunda deukeut eta," cek Awit. Taraje diteundeun sapamenta Awit peresis handapeun jandela kaca pasagi opat di luhur.

Lalaunan Awit nece kana taraje tea, satece-satece. Tepi ka nu pangluhurna, kakara awas kana kaayaan jero kamar Inu, ngaliwatan kaca jandela tea. Atra Inu teh keur diuk nyanghareupan meja, nukangan Awit. Tetela keur ngawas-ngawas potret awewe, geus tangtu Mila tea.

Mun seug dirina nu dipideudeuh teh, tada teuing bagjana. Inu dina wangwangan Awit, hiji jajaka nu gede tanggung jawabna. Salian ti kasep teh aya jiwa nu pujieun dina dirina. Arang langka jajaka saumur manehna nu daek tanggung jawab kana kahirupan kolotna. Nu enya-nya ngestokeun kahayang indungna. Nu sakitu satiana ka kadeudeuhna. Nu ngahormat awewe sakitu hormatna. Lalaki nu kakara kapanggih saumur manehna dewasa. Hanjakal papanggihna teh leuir teuing. Sanggeus dirina dilingkung ku kahirupan nu mimitina karasa endah, sihareng saenyana pait, pait pisan. Sanggeus dirina digadabah ku nu lian.

Katenjo Inu ngaganjel sirah ku leungeuna. Dina sisi tumpukan buku-buku aya potret Mila keur imut. Kawas keur bingungeun Inu teh. Karunya mun enya teh. Sanajan cek indungna kawin ka Inu teh estu kawin sakeudeung, nu sakadar nutupan wiwirang wungkul, tapi kanyaah nu teleb dina diri Awit hese pisan nyieuhkeunana. Mun neutep panon Inu teh karasana ku Awit asan giuhan di handapeun tangkal nu liuh mangsa panas poe ereng-erengan.

Inu ayeuna keur udud, ngelepus bangun ni'mat. Leungeun katuhuna nyekel pulpenna, sakapeung tanggah, teu lila gutrut nulis. Serebung haseup rokona nyerebung ka luhur. Mun seug Inu teh salakina, meureun ayeuna Awit teh ngagoler dina pangsarean nu itu, atawa ngalendean tonggong salaki. Hanjakal sagalana geus elat. Mun bisa mah Awit hayang muterkeun waktu ka nu geus kalarung. Meureun moal disorang jalan nu poek meredong teh, meureun moal ditincak taneuh nu pinuh ku leutak kahirupan teh. Hanjakal sabot kokojayan dina dnya kama'siatan teh taya nu ngageuing. Kakara sadar, indungna teh bet taya pisan panyarekna. Salawasna mentingkeun kaperluan pribadina ti batan nalingakeun anak.

Basa Inu rek ngagoler, Awit rada nyingcet ka sisi. Golelag Inu ngagoler. Awit geuwat turun tuturubun, lantaran ti ditu pasti awas ka lebah manehna nangtung,

tapi turunna teu ati-ati, taraje ngolesed, Awit labuh bareng jeung ragragna taraje.

"Astaghfirullah... Endennn...!" Ma Uti ngajerit.

Rek hudang pisan, bray panto muka. Inu nu asup teh. Awit tuluy pura-pura ngudupung. Inu muru ka manehna.

"Ku naon Ma Uti...?"

Regeyeng Awit dipangku, dug digolerkeun dina tempat sarena. Awit malik ka kenca, ngahaja ngarah buukna nuruban panonna. Era, wirang, kapanggih keur ngintip. Hatena degdegan ratug tutunggulan.

"Naon ieu teh make aya taraje di dieu?" cek Inu.

"Eta Ema rek nyieuhkeun lancan, Enden sieun, ari taeun... labuh, ninggang Enden keur diuk di handap..." Ma Uti nembalan tatag.

Alhamdulillah, nuhun Ma Uti, gerentes hate Awit. Calakan Ma Uti mah. Tulus dipangmeulikeun samping rereng pager teh, sakalian jeung pibajeunana.

"Cig candak cai tiis...", cek Inu.

Pigeulang leungeun Awit dicekel ku Inu. Hate Awit ngageter. Mun seug ieu kadeudeuh teh saendeng-endeng eukeurna, tada teuing. hatena beuki ratug tutunggulan. Inu nyokot simbut, rup ditutupkeun kana awak Awit.

Hadena buukna nu panjang teh nuruban panonna, bari meletet Awit ngawaskeun beungeut Inu. Enyaan kasep ka hate-hatena, gerentesna. Mun seug... mun seug... Teu karasaeun aya nu nyelag dina tikorona, beurat, beurat pisan. Piceurikeun nu melag teh. Hayang budal, hayang ka luar, hayang ditumprakeun kana lahuman nu ayeuna hareupeun. Tapi teu wasa. Pan manehna teh boga kadeudeuh, nu geus tangtu moal leupas tina ingetanana. Jeungna sabage awewe kapan manehna mibanda keneh harga diri, kalah kuma oge teu meunang micinta jelema nu teu mikacinta, tur dipicinta deungeun, sasama manehna papada awewe, anu tangtu teu sukaeun kadeudeuhna dipicinta batur.

Jol Ma Uti mawa cai tiis herang dina baskom leutik. Sok diteundeun dina meja. Inu neutep ka Awit lila naker.

"Ma Uti singklakkeun rambutna ka tukang, terus ceuceuhan. Ari Tanteu aya, henteu?"

"Wah, malem Senen mah biasana ge balik peuting."

"Ka mana?" cek Inu. Kop Ma Uti kana anduk leutik, clom dikana caikeun, sok diceuceuhkeun kana tarang Awit sanggeus buukna disingklakkeun.

"Ka teuing ka mana-manana mah, da Nden Awit mah ti bareto ge jeugn Ema we. Mun urang mah, nya anak sasiki.. heg diatik sing bener..."

"Ari ieu kumaha kitu Ma Uti?"

"Ieu mah, gijrig ka ditu gijrig ka dieu. Anak parawan dihakan batur kakara nyaho... keuheul Ema mah. Karunya ku nasibna, budak sabageur-bageur nepi ka kudu kajadian kieu..."

Inu teu nembalan. Karasana ku Awit keur neutep ka manehna. Tapi naon hartina eta teuteupan mun ukur rek ngagerihan atina. Mun ukur keur ngawawaas. Pan

engkena mah keur Mila, nu Mila saendeng-endeng. Deudeuh diri, micinta ambon soangan, gerentesna. Teu karasa cipanon nu ngagenduk dina tikoro teh palid sakeclak-sakeclak. Lalaunan disusut ku Ma Uti.

"Naon nu nyeri nden, dunungan Ema?" cek Ma Uti dareuda.

Hate nu nyeri teh Ma Uti, cek hatena, jauh harewos teh datangna ti dasar hatena. Moal aya nu ngadenge, dalah indung leungeunna oge. Komo Inu mah. Eta nu nganyerihatekeun teh. Deukeut deukeutna mah, tapi hatena jauh, di Garut, ditinggalkeun di Garut.

"Awit... emut. Wit...?" Sora Inu ngagalindeng. Mun kongang mah hayang ngagabrug, hayang ceurik jejeritan dina keukeupanana nu sembada. Tapi pimanaeun, pimanaeun. Lalaki nu boga wibawa, nu ngahormat kaum wanita. Teu pantes... kudu ngahiji jeung dirina nu geus dibalur ku geugeuleuh. Awit teu kuateun nahan piceurikeunana, segruk ceurik eueuriheun.

"Ma Uti, upahan..." Ngan sakitu ucap nu kedal. Leos Inu indit ka kamarna. Panto meundeut lalaunan, gabrug Awit ngarangkul Ma Uti. Hatena asa digerihan ku hini, peurih... peurih pisan.

"Meugeus... geulis, ieu era ku Den Inu pajar nyeungceurikan manehna."

Awit nahan piceurikeunana, tapi cipanonna teh teu burung limpas, palid teu katahan. Ma Uti ukur ngusapan tonggongna. Ku nyeri hate nu raheut. Kajeun sakalian teu dijait tina wiwirang, tibatan nyieun raheut anu anyar. Kajeun teu patepung wae tibatan disiksa batin. Kang Inuuu... Kang Inuuu, jeritna, kur jero hate, na dasar hate nu pangjero-jerona. Moal kakobet ku saha wae oge.

"Ma Uti..." pokna sanggeus rada leler, kari inghakna.

"Naon geulis?"

"Awit mah jalma doraka nya..."

Goledag ngagoler. Lalaunan Ma Uti ngusapan beuteungna. Karasa aya nu usik di jero.

"Ah, Enden, di dunya mah taya jelema nu suci. Sarerea ge taya nu luput tina kasalahan, taya nu beresih tina dosa... Satalung nu rumasa kana dosana, asal daek tobat. Gusti ge moal burung ngahampura, lantaran Gusti mah lautan hampura..."

"Kumaha ari tobat teh Ma Uti...?"

"Tobat teh neda pangampura Gusti, bari urang jangji moal ngalampahkeun deui kasalahan nu tas dipigawe ku urang. Sanajan onggeg-onggengan tobat ge, ari der deui mah ngalakukeun kasalahan eta-eta keneh, keur nanahaon..."

"Awit ge rek tobat..."

"Sukur... ku Ema diaping, Enden mah ngora keneh, loba keneh pangharepan. Talunganan Ema, anak teu boga, salaki komo deui. Hirup ge ngan ngandelkeun pangasih Enden... Nu matak anak teh kudu dipusti-pusti, eta teh titipan Pangeran. Lantaran teu kabeh jelema dipercaya ka titipan anak teh. Enden mah jaga ulah dilalaworakeun anak teh. Gedekeun ku urang, piara ku sorangan. Indung mah kudu nyieuhkeun karesep sorangan, kudu nganomerhijikeun kapentingan anak. Talingakeun anak teh, cek paribasa kajeun ka cai ge tuurkeun. Komo Enden anak awewe mah, duh beurat pisan..."

"Ma Uti..engke nyaah moal ka anak Awit?"

"Atuh komo... ka Enden geus asa ka anak sorangan, komo ka putrana. tong salempang... sapanjang aya Ema mah, moal weleh nuturkeun Enden, ka mana wae oge. Geus deudeuh Ema mah ka Enden teh. Atuh ti bareto, ti jaman orok beureum dirorok ku Ema teh. Da rama Enden mah percaya keneh ka Ema ti batan ka Juragan istri bareto teh, heuheuh..." ceuleukeuteuk seuri.

Awit neutaup. Enyaan..... dalah dirinya ge leuwih apet ka pangasuh ti batan ka indung. Mung seug anaknya lahir engke, teu hayang ngaleupaskeun. Hayang dirorok ku sorangan. Deudeuh meureun budak teh teu bogaeun bapa. Teu sangka geuning kalakuan nu bareto disangka sawarga hirup teh horeng kancah kamurkaan, naraka dunya. Ayeuna sagalana kudu ditanggung ku sorangan.

Bruh-breh sagalana narembongan. Ayeuna kakara sadar, sihareng kalakuan indungna nu ngantep teh lain hiji kanyaah, tapi tanaga nu ngilu ngusrukkeun dirina kana jurang. Sanajan Awit yakin indungna ge lain ngahaja. Eta ge sok mindeng indungna nyarek, ulah ulin ti peuting..... Tapi naon hartina panyarek, mun indungna sorangan ge tara aya di imah? Teu mere conto hade dina kahirupan sapopoe. Tindakan hiji indung nu ngaheuyeuk rumahtangga, picontoeun anak teh taya pisan katenjo dina kahirupan. Sedeng manehna teh teu boga dulur. Jeung saha atuh geusan pakumaha teh? Antuknya pangolona ti lalaki teh ku manehna dipercaya pisan. Asa enya dipideudeuh. Asa enya aya batur geusan cacarita. Sihoreng kabeh ge racun, kabeh ge panipuan. Ayeuna sagalana kari urutna. Manehna nu kudu nanggung akibatna. Sarerea surak ambal-ambalan. Naha bet Inu nu kudu mangnanggung-jawabkeun. Munasabah mun manehna rujiteun nenjo diri aing, cek hate Awit.

"Ma Uti....." Sora Inu ngagero ti luar. Awit geuwat peupeureuman. Bray panto muka. Inu katenjo di lawang.

"Teu nanaon Awit teh?" pokna.

"Henteu Aden.... ieu mah reuwas we meureun. Karunya atuda lah....."

Inu ka luar deui, ngan kadenge hawar-hawar sorana.

"Abdi mios heula, Ma," cenah.

Ma Uti ka luar ti kamar rek ngonci panto ka luar sigana. Awit geuwat cengkat. Lalaunan ka luar ti kamar. Kasampak Ma Uti keur ngonci panto. Awit molol tina jandela, Ma Uti nyerengeh.

"Rek ka mana cenah, Ma?"

"Duka da teu tetelepek," tembal Ma Uti.

Lila Awit nangtung nenjokeun nu indit nepi ka lesna. Basa manehna nutupkeun hordeng jandela, Ma Uti ngajanteng bari seuri.

"Bogoh Nden ka Den Inu?"

"Nyao siah....," cek Awit bari indit.

"Boro-boro Nden, Ema ge mun ngora mah bogoh ka Den Imu mah. Ih keur kasep teh dedeg, jeung bageur deuih. Emh mun ka dunungan Ema mah nurub cupu nu geulis jeung nu kasep..."

"Gandeng....." cek Awit.

"Lah Ema mah hayang ka cai," cek Ma Utu.

Awit teu nembalan. Manehna asup ka kamar Inu, da salawasnya ge tara dikonci. Hatena tingseredet deui. Geus tangtu datang mangsana kudu papisah jeung Inu. Di ka manakeun ieu hate, da geus tangtu bakal tibelat.

Awit ngarangkul baju Inu nu ngagantung diseuseup tarik, nyelesepe bau lalaki..... jauh, jauh kana dasar kalbuna.

"Kang Inu..... Awit teh nyaah ka Kang Inu.....," gerentesna.

Tapi basa Awit neuteup potret Mila nu dipusti-pusti gigireun tumpukan buku, manehna ngorejat. Lain..... hate Inu mah lain keur manehna, keur itu, keur Mila.

Sup Awit ka kamarna, nutupan beungeutna ku ramo-ramo leungeunna bari nyanggir. Ngan cakcak nu ngawaskeun teh, da kabeneran manehna keur eureun di juru lalangit imah. Teu geruh.

Langit ngaheumheum pihujaneun, ti lohor keneh. Tapi tepi ka meh asar can cur keneh bae. Melegmeg hideung, pinuh ku kokotor. Angin ngagayuh ka magrib nyelesep kana jandela.

Surat dikeukeuweuk keneh ku Inu. Geus tamat sababaraha balikan tapi asa can percaya kana sakabeh eusina. Mun enggeus mah ngalaman dibentar gelap kieu meureun pibasaeunana. Reuwas beh ditueyn ti reuwas.

Buukna dijenggut laun, leungeunna nanggeuy sirah naleukeum kana meja. Mun kongang mah hayang ngajerit maratan langit, ngoceak maratan jagat. Hayang lumpat kana mega anu ayeuna melegmeg hideung. Hayang nepikeun kanyeri atina. Teu ngartieun Mila teh, teu ngartieun, atawa teu hayang ngarti. Saha atuh nu nepikeun ieu beja teh. Goong ti mana nu ngeungkeung nepikeun beja manehna kawin ka Awit teh, saha?"

Surat dibuka deui, anger mangsina hideung, anger tulisanana renyek cara tadi, henteu robah.

Surat panjang ngagebay.

Kang Inu

Tebih tina sangkaan, geuning nu ku abdi dipercanten teh bet kitu, nu majar bade dipercanten teh bet kitu, nu majar bade satia satuhu teh behna mah bet cidra.

Inu ngalageday. Teu rumasa Mila, Kang Inu teh teu rumasa midua ati, enyaan Kang Inu teh hayang ngajadikeun Mila ratu dina rumah tangga jaga. Teu pisan-pisan, Enung, teu pisan-pisan.

Naha Kang Inu teh bet nikah ka Awit, naha? Pan saur Kang Inu, cenah nuju kukumpul kanggo urang nikah jaga, naha ayeuna bet janten ka nu sanes, naha Kang...?

Kop Inu nyabut rokona sabatang disesepkeun kana sela-sela biwirnya. Cekes ngahurungkeun paneker, gur dipake nyeungeut roko. Bul, haseupna ngelun ka luhur. Ngarenghap narik napas panjang.

Abdi teu kiat, Kang Nu, nahan ngagolakna rasa. Keur kokoleangan Kang Imran ngalamar ka Ema, abdi teukiat, Kang Nu....

Ulah ngalepatkeun Mila, ulah ngalepatkeun abdi.

Bongan Kang Inu sakitu lamina henteu kantos mundut ka Ema sareng ka Apa.

Ema aya hak ngalalangkungan Kang Inu, bongan Kang Inu teu acan kedal saur.... Guprak

leungeun Inu nepak meja tarik naker. Pek, pek teuing rek kawin jeung sasaha ge, prak. Teu kudu ngasongkeun alesan sarupa kitu. Teu kudu.... teu kudu.... Pruk sirahna ngudupruk kana luhur meja. rokona dikepit ku leungeun kencana. Haseupna anger ngelun ka luhur. Leungeun katuhuna dipake ngarames surat, dikeupeul pageuh.

Ulah ngalepatkeun abdi, kening disebatkeun abdi nampi panglamar Kang Imran teh ukur panglumpatan, Kang Inu.... Pileuleuyan

Kang Inu, urang silihdu'akeun wae abdi bade kawin dua sasih deui.

Kitu cek Mila dina panungtungan suratna. Inu cengkat. Ret kana potret Mila nu

dipajang dina luhureun meja diajarna. Imut manis nu kareueut, nu jadi implengan beurang jeung peuting teh, ngan semet dieu beunang diaku, beunang dipiboga. Sakitu gampangna, Mila nyokot kaputusan, sakitu gampangna. Kawas babari naker mindah-mindahe kaasih teh. Tanpa hayang ngadenge heula pangakuan ti dirina.

Potret dicekek, guprak dialungkeun peupeus.... deukeut suku ranjang. Salengkah Inu leumpang ngadeukeutan, Jen ngajangteng deukeut potret. Encan..... encan bubuk, kakara beulah jadi tilu. Diteuteup.....

Bray imut Mila basa munggaran patepung, breh biwirna nu ipis ngalangkang dina ingetan. Berebey cipanonna maseuhan pipina, basa munggaran eta biwir ipis teh dieunteupan ku tanda asih, Inu keur Mila. Peuting harita peuting nu duaan.

Potret dipulung, diteuteup lila pisan. Akang teh deudeuh ka Mila teh. Sabulan ka tukang basa Akang tas di Mila, Akang hayang bebeja ka Mila yen Akang kabeulit ku tali, Akang kajiret... bongan Akang nyaho di kahadean budi. Bongan Akang nyaah teuing ka indungna. Mun Akang tega teu ngadenge kana kahoyong Ema, Akang ge moal ninggalkeun Mila.....

Kaca nu beulah tilu lalaunan dilocot-locotkeun. Sok diteundeun dina keretas salambar. Kakara potretna kacekel. Laun pisan potretna dikenyang.

Dua bulan deui Geulis teh jadi boga nu lian. Akang teh geus teu ngampihan ngaran anjeun, hate anjeun geus teu hak..... Ret Inu kana rokona. Geus tepi kana gurat beureum, diantep sina kaduruk. Tuluy dikekesek kana asbak. Sina ajur, sina rikes. Potret Mila diteuteup deui lila pisan.

Sok potret teh diteundeun. Sakitu gampangna Mila mindahkeun kaasih. Ditinggalkeun sabulan.... pira sabulan. Bet robah sakitu robahna. Naha Mila teu nanyakeun heula enya henteuna ieu beja? Naha?

Awewe henteu satia, lir angin, luak-leok ka mana kahayang. Breh tumpukan nu dipusti-pusti, tumpukan surat ti Mila. Nu ngajadikeun sumanget kana hirupna. Nu nyababkeun hirupna teh hayang leuwih maju, hayng jadi jelema. Ayeuna geus taya gunana deui. Geus taya gunana deui, rek pupulih ge nyaritakeun hal anu sabenerna. Kapan cek Mila dina suratna manehna geus papacangan, sarta dua bulan deui kawin. Naon hartina ngoromeoh hak deungeun?

Hmmh..... teu kiat cenah, teu kiat. Mun enya ge teu kiat naha teu nanyakeun heula, pan reureujeungan teh lain kakara sapoe dua poe.... tetela teu satia. Kapangaruhan ku burinyana dunya...

Kop kana kayu api, gur disundut. Kop surat teh dicokot nu pangluhurna, gur diduruk. Kayu api dipeclengkeun urutna. Seuneu hurung ngabebela. Inu nungkup beungeut ku leungeun katuhuna. Basa karasa leungeunna kaheab ku panas seuneu, geuwat keretas diteundeun dina ubin. Bari dongko Inu nyokot deui surat tina tumpukan. Gur deui diduruk. Taya gunana diampihan, ukur matak nyuat-nyuat hate. Taya gunana dipikainget, dipikatineung geus lain anuna, geus lain eukeurna..... Lambar demi lambar surat teh diduruk.....

Ayeuna mah teuteupna anteb kana gedurna seuneu nu ngaduruk surat. Hiji-hiji dilegleg ku batara geni teh, saeutik-saeutik..... Bray, keupat Mila dina sawangan basa dijajapkeun ka pesta kawinan. Harita kedal jangji rek nungguna, harita Mila kedal jangji rek satia. Naha geuning Milla henteu satia, naha geuning Mila sakitu gampangna mindahkeun kaasih teh. Da Kang Inu mah hese. Ayeuna sakitu sabaraha bulan bareng jeung Awit, can pareng dibere nyaah, ijd nu aya. Mila..... enyaan Kang Inu teh deudeuh ka Mila.... Tikoro Inu asa beurateun pisan, asa aya nu ngagantung..... ngahalangan elak-elakanana, sanajan ukur hayang neureuy ciduh

seuseut pisan..... seuseut pisan.

Potret nu dipusti-pusti teh lalaunan diasupkeun. Aya nu haneut ngeclak kana pipina. Lalaki aing teh, cek hatena. Tapi naon hartina kalalakian ari nyanghareupan hal sarupa kieu mah. Asa dilunjak, asa ditincak hulu. Pepek bae balad kitu keur meresan jelema nu ngaran Imran teh, Mila? Hmh lucu, bubudakeun, mahasiswa ngoroyok batur pedah bebenena rek kawin! Pileuleuyan Mila..... cek hatena. Buuk nu galing muntang teh ngalelep kaleleg seuneu, terus..... ayeuna panon nu sok mere rindat miasih teh mimiti ngaleungit.... terus, irung nu mancrit,.... terus.... biwir anu mere kani'matan, anu munggaran mere rasa, yen manehna teh manusa dewasa. Musna ayeuna mah musna..... Potret tinggal tungtungna, kelewang dialungkeun, sina bareng jadi lebu jeung surat-surat nu satumpuk.

Kosong.... asa kosong hatena teh. Jung nangtung, karasa sukuna singsireumeun. Gubrag meubeutkeun maneh kana tempat sare. Sagala ingetan nu kungsi ngait dina hatena dicoba dipopohokeun.

Sora nu keketrok. Inu ngajeten. Rek naon deuih mangkeluk teh, magrib-magrib keketrok.

"Den Inu.... Den Inu," Sidik sora Ma Uti.

"Aya naon Ma Uti....?"

"Buka sakedap...."

Jung Inu cengkat, bray mukakeun panto. Ma Uti ngajanteng, nyeh imut. Inu neutep, angger baeud. Keuheuleun asa diganggu.

"Tiasa nganteur Enden ka Bidan?" cek Ma Uti.

"Ku naon kitu?" cek Inu ketus.

"Sigana mah bade babar," omong Ma Uti.

"Ayeuna ge rek mios abdi mah."

"Ari tos kedah sareng saha?"

"Duka..... da abdi mah sanes bapana!" Brug panto ditutup. Sugal, karasa ku Inu ge eta caritaan teh sugal pisan. Bongan, lain wayah menta tulung teh. Keur hatena asa diwewejet,jol nu ngaganggu. Alatan Si Awit hubungan jeung Mila jadi ajur tutumpuran teh, alatan Si Awit..... Hmh, ayeuna menta dianteur deuih ka Bidan. Nurustunjung kena-kena aing bageur. Kangeunahan nu boga dosana we. Bodo, aing teh bodo, tolol..... leuwih ti kebo.

Kadenge ku Inu sora nu ribut. Teu hayang ilubiung, kangeunahan.... Kop kana jaket kulitna nu pulas coklat. Sup rokona disakuan, gejlilig indit. Brug panto kamarnya ditutup.

Lebah lawang ka luar Inu dibetot leungeunna ku Ma Uti. Reg ngarandeg. Lila paheneng-heneng.

"Aden..... teu hawatos, ka istri nu teu daya teu upaya.....?"

Teu daya teu upaya soteh ayeuna..... Bareto, teu cara keur karungrung ku pangajak setan, saurung ge di dunya hayang ulah sina nyahoeun. Tapi nu kedal mah ukur sakecap, kitu ge teu mangrupa kalimah.

"Hmh..." pokna ketus.

"Aden...."

Ti kamar aya nu ngagero, ret Inu ka Awit nu nangtung disangkeh ku Ma Oyoh.
Breh paadu teuteup, Awit baeud.....

"Wios, Ma Utu..... teu kedah menta tulung ka nu alim, abdi ge kiat," cek Awit tatag.
Inu neuteup, hatena nyereset, mun euweuh Si Awit, Mila moal leupas.... moal, moal. Inu mundur, crot nyiduh. Gejlig indit.

Disangkana meureun aing rek karunya. Hmh..... Inu kukulutus dina hatena.
Leumpang ngagedig teu ngalieuk deui. Paduli teuing rek salamet rek modar ge lain anak aing ieu nu dijurukenana. Enya ge kahutangan budi ku indungna, ari popoharaan teuing nyieun amal mah, ke heula.

Leungeunna ngodok saku jeketnya, gedigna beuki gagah, beuki angger.

"Wios Ma Utu..... teu kedah menta tulung ka nu alim....." cek Awit bieu.
Kadengeun sugan ku jejewirna caritaan aing bieu, gerentesna. Ngarti.... yen manehna teh awewe nu pangdipiijidna. Disangkana aing teh bogoh meureun, disangkana aing daek nulungan teh, pamrih meureun, disangkana aing daek nulungan teh, pamrih meureun.... Hmh ke heula.

Ari Mila nu disangka awewe satia teh, geuning kenyataannana bet sakitu gampangna narima pangajak ti nu sejen. Ana kitu mah kecap satia nu dikedalkeun ku awewe teh lir cai dina daun taleus. Eunteup sabot taya nu ngendagkeun. Di mana tangkalna oyag, caina milu nyurulung, teu ninggaleun urut. Cenah pedah manehna ngadenge kawin jeung Awit. Cenah teu kuat.... Teu tatanya heula, kawas nu hayang maluruh kana kajadian naon nu saenyana. Hiji-hijina jalan pikeun ngayakinkeun eusi surat teh taya deui iwal ti nanyakeun ka Yuyum. Tangtu ku surat deui, da pimanaeun ari kudu balik mah. Kudu patepung? Teu kaciptaeun ku Inu kumaha bisana mepes seuneu nu ngagedur ngaduruk dadana.

Rokona didudut sabatang, pelenyun udud. Lengkahna anca, teu rurusuhan, antare.... salse. Pihujaneun nu tadi ngagenduk di langit, bet taya buktina. Taya hujan sakeclak ge peuting ieu teh. Najan teu dipapaesan ku bentang, langit teh kaitung cangra.

Teuing ka mana manehna kudu ngajugjug. Ngan inget lamun meunang katunggara ulah cicing di imah. Kudu ka dieu, ka alam nu lega bebas, nyeuseup hawa seger. Nenjo alam nyata. Karasa yen diri teh teu satai kuku mun dibandingkeun jeung kakawasaan Pangeran.

Teuing geus sabarha pengkolan manehna leumpang, teuing geus sabaraha peuntasan anu dipake meuntas, ngan rokona nu tadi pinuh kari sababaraha batang deui.

Lebah nu rada simpe, Inu ngambeu nu nyeleksek kana irungnya. Kadenge aya langkah-langkah alon nu nuturkeun. Ret ngalieuk..... awewe.

"Nyalira wae?" pokna.

Awewe, cek pikirna. Awewe murah, tukang ngajual kahormatan. Naha enya awewe murah teh ngan manehna wungkul? Ari nu daek digadabah lalaki kawas Awit lain awewe murah? Ari awewenu gampang mindah-mindahkeun cinta, nu serah bongkokan kana dunya barana kawas Mila lain awewe murah? Kabeh ge

murah..... ngan murahna beda. Pangmurahna mah Mila, daek nukeurkeun cinta ku dunya. Tapi bisa jadi harga dirina mah mahal, ngan harga cintana murah.

"Nu, Inu.....," tetela ayeuna mah nu ngageroan teh lalaki. Inu ngarandeg Ret ngalieuk. Nu geulis oge milu ngarandeg, sarua ngalieuk ka tukang.

"Bos..... silaing!" Inu kerung, heraneun, teu sangka panggih di dinya.

"Tong lebah dieu, teu pati gareulis," Obos ngaharewos. Inu mesem. Saliwat ge kahartieun ku manehna. Obos nyangka yen manehna rek ka tempat teu uni.

"Ti iraha beuki lalab rumbah?" cek Obos.

"Ti bubudak ge beuki lalab mah keur coel sambel."

"Enya ieu mah lalab ieu.... lalab deui."

"Na samaruk ilaing, rek kitu nyah?"

"Alaaah.... sok sasantrianan.... kos lain jeung konco weh..."

"Demi Allah urang mah lain rek kitu, euy!"

"Pamajikan gede beuteung mah biasa..... taya gawena, ner, teu?"

Obos ngabarakatak. Leungeun Inu dibenyeng. Duaan meuntas. Cekes Obos ngahurungkeun seuneu. Awewe nu tadi nuturkeun Inu ayeuna mah nangtung deui, teu nuturkeun. Inu ngareret sakeudeung.

"Geulis, nya," Obos ngacungkeun indung leungeunna.

"Urang mah keur bingung puguh, Bos."

"Ngarti... pamajikan geus gede beuteung naek kana hulu.... lah."

Inu mesem. Ayeuna kudu cacarita teh, nyaritakeun sabalakana, naon nu jadi pipinding teh. Sina nyahoeun sadunya yen manehna kawin ka Awit teh kawin bobohongan. Sugaan ti sungut ka sungut bakal ngeungkeung deui goong. Sugaan goong teh harus, bakal tepi ka Garut.

"Silaing can nyaho carita urang nu sabenernya...?" cek Inu.

"Heeeemh... heeemmh", Obos unggeuk-ungeukan. Gembreng sora bel beca ngagem-breng, lar becana ngaliwat. Pangeusina awewe duaun, ret ngalieuk.

"Urang percaya silaing mah bisa dibawa ngomong," cek Inu.

"Komo da teu pireu....." cek Obos, Inu ngagakgak.

"Rek ngadongeng urang teh euy, ngarah rada longsong..."

Langit di luhur poek. Sari-sari pihujaneun nu tadi ngagayot teu katara, saru ku poekna peuting. Di jalan nu sepi ukur loba jelema leumpang.

Sakapeung aya nu sapaasang-sapaasang. Tapi Inu anteng ngadongeng, nyaritakeun nu jadi kasumpeg hatena. Susuganan teu beurat teuing.

"Disangka ku ente, sayah percaya..... Si Awit jendilna ku ente?" Ngabarakatak Obos seuri, basa Inu tamat cacarita.

"Batur nyarahoeun?"

"Puguh weee.... ngan lebah teu ditoel-toel acan mah, na..... ente teh bodo-bodo teuing. Lauk hayam geus nampeu diantep..."

"Sebel, lauk hayam ge panyesaan batur mah...."

"Alaaah... kumaha we, aya dagingan keneh mah... hakan!"

"Kudu kumaha urang teh, Bos. Panas euy panas ku Si Mila teh."

"Nyeri hate ku awewe, ubarna awewe deui. Neangan ganti Si Mila."

"Na gampang kitu ari mindah-mindah cinta?"

"Alaah.... kawas pujangga wau make nyaho di kecap cinta....." Obos ngabarakatak. Lung ngalungkeun kuntung rokona. Geleser mobil bodas, patutur-tutur jeung nu bulao ngaliwat miheulaan maranehna.

"Sieun euy, rek migawe kitu teh," cek Inu.

"Silaing mah banci-batin kitu mah."

"Naon make aya banci-batin sagala?" Inu seuri.

"Banci-batin mah di jalan Merdeka. Banci-batin mah ente."

"Ari Awit kumaha, nya Bos?"

"Na bodo teh leuwih ti kalde, ente mah. Lauk hayam girinyih rek diantep. Gumurih deuleu, awewe hudang ngajuru mah, cenah ge...." Barakatak Obos seuri.

"Da teu bogoh atuh, Bos."

"Astaghfirullah hal adiem..... Gusti aya keneh geuning umat Anjeun nu dingaranan lalaki, nu kwas kalde teh..... ka widadari teu bogoh?"

"Widadari urut dicabakan batur?"

"Ari ente tara milu dicabakan batur. Ente ge urut batur. Indung bapa ente ge nyarabakan bareto...."

Barakatak Inu seuri. Jalan nu sepi geus kaliwatan. Ayeuna mah jalan nu kacida ramena nu ditincak ku Inu teh.

"Ayeuna mah sehatkeun heula pikiran, yu, ngilu jeung sayah..... dibere nu beresih ku sayah, teu butuheun dulit manehna mah, ngan resep bagadang jeung butuh kaasih wungkul...."

"Moal dosa, Bos?"

"Lalaki silaing teh lalaki. Sanajan aya emansipasi ge, cadu teuing kudu pondok harepan lantaran awewe mah. Tong hayang ditalukeun ku awewe. Lalaki saling teh, lalaki..."

Peuting beuki poek. Langkah Inu ajeg..... tetap. Lalaki, manehna teh lalaki. Sajatining lalaki teu meunang kumeok dibintoh ku bikang. Enya, lalaki aing teh lalaki..... gerentesna ka angin peuting nu tiis.

VII

Burudul, kembang eros murudul basa gagangnya disintreuk ku leungeun Inu. Panonna sakapeung eunteup kana awak nu keur ngadepong hareupeunana. Buuk laleutik mojang geulis teh katebak ku angin. Teuing kudu kumaha ngamimitianana Inugteh ka mojang nu dibawana ayeuna. Bongan cek Si Obos, nyeri hate ku awewe ubarna kudu ku awewe deui. Naha enya teori Si Obos teh bener. Inu hayang ngabuktikeun. Ku Si Obos diwawuhkeunana oge ka mojang anu dibawa ayeuna teh. Cek Obos keneh, cenah mojang nu ayeuna keur lalanggiran dina jukut teh teu butuheun duit, teu butuheun pamahugi, manehna ngan butuh cinta jeung kaasih.

"Ngomong..... dong", cek mojang geulis teh, Inu ngarenjag. Manehna neutep bari imut. Naon atuh nu kudu diomongkeun jeung awewe kawas manehna.

"Banci sialing teh banci.... Teu boga kalebar. Dedeg sampe rupa hade, ngan ulukutek ka Si Milaaa weh. Bodo, hirup mah ngan sakali.....," sora Obos ngajelengeng deui. Na nu kumaha atuh nu disebut lalaki teh. Cek Si Obos mah definisi lalaki teh cenah lin wungkul sok dicalana, kumisan jeung jangotan wungkul. Tapi nu kieu meureun..... nu kudu bisa ulin jeung awewe nu kumaha wae.

"Hey.... ngomong dong," cek mojang teh bari ngoyagkeun suku Inu.

"Cape.....," cek Inu.

"Alaaaah... nanjak segitu aja, cape..." angger basana teh direumbeuy.

Breh tetenjoan di handap. Sawah ngampar ngahejo lembok. Katara dangdaunan aroyag katebak angin. Panonpoe can pati luhur, da ngahaja ngajakan ulin teh ti isuk mula, hayang seubeuh.... hayang bisa mopohokeun Mila.

"Saha sih jenengan teh?" cek Inu. Manehna teu nembalan, kalah jeprut nyabut jukut nu panjang. Krek digegelan tungtungna.

"Perlu tau kitu," cek manehna.

"Har..... atuda teu puguh kedah kumaha nyaur," cek Inu.

"Seueur nami abdi mah..."

"Seueur... naha?"

"Teu ku nanaha."

Inu teu lemek. Panonna neutep lila ka mojang teh. Geulis, geulis pisan. Irungna nu bangir jeung biwirna nu ipis, mutuh matak geregeteun lalaki. Panonna nu cureuleuk, jeung pipina nu lemes. Kabeh ge matak narik birahi...

"Ari ayeuna atuh saha jenengan teh?" cek Inu.

"Kumaha Inu we...."" tembalna.

"Haaar.... teu puguh, ah," cek Inu. Basa mojang diteuteup deui manehna tungkul. Beungeutna kembang weraan.

"Cek katerangan Obos mah cenah, mojang bawaan manehna ayeuna teh pangkahotna. Pangpada nyirianana. Pilihan ka nu ngajak teh. Tapi kenyataanana geuning eraan, diteuteup rada lila ge tungkul bareureum.

"Sebat we Ira...." pokna sanggeus sawatara lila. Inu ngareret. Nu lalanggiran metik deui jukut nu rada panjang, nyabut deui salambar, pek duanana diulang-ulang. Dituturkeun ku panonna. Ka kenca ka katuhu.

"Inu nembelan, nya amengan kieu?" cek Ira.

"Geuningan, uninga?" cek Inu.

"Atuda.... meeemh, heh... heh....," serengeh Ira seuri.

"Atuda naon?" Ngadenge nu seuri bangun ngece teh, hate Inu kasigeung. Tangtu nyangkana teu beda ti Obos, banci.... euweuh kawani. Dikitukeun teh Inu asa kahudang kawanina. Diukna ngised ngadeukeutan. Ret ngareret ka Ira.

"Baru Ira mah ketemu orang kaya kamu," cek manehna.

"Sering kitu Ira amengan sareng pameget?" cek Inu.

Hiuk angin nebak dada tarik. Pelenoy tangkal kembang beureum melenoy. Pucuk camara ririyaban, ngan jukut nu keur didiukan kawasna nu teu oyag teh. Kabeh tangkal oyag katebak angin.

"Ira mah bukan cewe baik-baik," omongna. Jekrak jukut digegal, tungtungna. Puh, diciduhkeun deui. Sukuna duanana diacung-acungkeun. Sabot ngacung cutbrayna nyengled ka handap. Bitisna nu bodas ngolenyay.

"Ir, terang yen Ira sanes istri bageur?" Inu ngarenghap.

"Ira tahu..."

"Hemh..... naha atuh ari terang mah....."

"Naon maksud Inu teh?"

"Mun Ira terang, yen Ira sanes istri bageur. Terang meureun padamelan kieu teh sanes padamelan sae?"

"Lalu?" beungeutna curinghak.

"Teras, naha dilakonan wae?"

"Naon dilakonan teh? Ko.... basana aneh-aneh.

"Basa Ira puguh nu aneh-aneh. Basa Inu mah basa Sunda."

"Heh.... iya... naon dilakonan teh?"

"Dikerjain," Inu seuri, kagokeun.

"Kapalang," tembalna. Cekruk jukut teh digegelan, tapi henteu nepi ka sapat. Nyeh imut.

"Coba dongengkeun kapalangna teh kapalang kumaha?"

"Hey..... ini FBI apa psikiater..... kamu mah, harusnya ke mesjid bukan ke sini."

Inu ngabarakatak. Geleger galejra tinggeleber ngajauhan. Tuluy manehna ge lalanggiran. Awakna diadekkeun. Basa dileupaskeun Ira neuteup lila naker.

"Sok... naha kalah calik" cek Inu.

"Inu.....," Ira hudang. Buukna dibebener. Gek diuk ngareret ka Inu.

"Hemmm..... sok dongengkeun kapalang teh kapalang ku naon?"

"Seumur hidup Ira mah baru..... ketemu orang kaya kamu. Kirain don yuan, tahunya.....kok mualim."

"Aya potongan don yuan kitu ari kang Inu?"

"Idiiih.... Kang, naon Kang teh, kampungan," ceuleukeuteuk Ira seuri.

"Har naha make kampungan. Apan Ira sahandapeun Inu...."

"Teu resep ah, tos we Inu."

"Oke..... oke...." Kapalang cek Inu, mamalayuan hayu. Hayang nyaho, sagala wawarahan Si Obos teh rek dilaksanakeun, Ira mah leuwih sagala-galana ti Mila. Moal eleh..... Mila boga nu sejen, aing ge kudu boga. Lain hinaeun awewe, hirup teh. Aing teh lalaki.... lalaki..... gerentes hatena, sumanget.

Basa rek nanggahkeun Ira, manehna ngareret. Ira teh bet tungkul. Lalaunan taktakna dikeukeup. Hiliwirna angin karasa nebak kana punduknya.

"Sok atuh dongengkeun, naha Ira teh bet kieu. Inu mah sanes FBI, sanes detektip partikelir, hayang terang we. Bongan kenal sareng Ira."

"Mun geus terang..... naon perlunya?"

"Ah teu aya perlu naon-naon, hayang terang weee....."

"Ira ge dulu mah orang baik-baik. Ira saling cinta, Ira sayang ama Dony. Dony juga sayang ama Ira..... Ira serahi segalanya buat dia. Tahunya.... Dony pergi ninggalin Ira. Siaran...." pokna.

Gusti eta babasaan. Urang Sunda..... deudeuh urang Sunda. Geus pohoeun meureun kana basa Sundana nu bener. Lain wungkul awakna nu ruksak teh, basana, kapribadianana, mentalna. Deudeuh.

"Naha..... kitu-kitu wae make janten alesan pikeun ngalakukeun padamelan nirca kawas ayeuna?"

"Abis... Ira udah dibuntingin..... dia lari, kan kejem?"

"Atuh Ira teh tos kagungan putra, nya?"

"Udah..... satu."

"Di mana ayeuna putrana?"

"Ceritanya Ira teh dicandak ku Bibi. Dikukut dengan anak Ira. Mimitina mah biasa, ari taeun.... paman Ira, teh. Nu..... ah..."

"Eh, sok teraskeun..... tos kitu kumaha?"

"Ira dikerjain ku paman teh...."

"Hah?" Inu ngajenghok. Buuk Ira ngagasir kana gadona, basa Inu ngalande kana taktakna.

"Ira kapalang..... ku Bibi diusir. Ira kapalang.... Ira mesti hidup..... Ira aya nu nyaahen. Ira ayeuna dikukut ku Oom Ben. Dibeliin rumah, dikasih belanja, dua ratus ribu sebulan. Tapi ari Oom Ben keur di istrina mah..... ah, main-main aja. Kan Ira kesepian...."

"Hemmh..... doraka atuh, Ir."

"Naha make doraka?"

"Enya..... suami kamu?" cek Inu nurutan basa Ira.

"Bukan suami cuman pelindung."

"Pelindung hewan?" cek Inu. Heureuy maksudna mah, pedah aya ngaran jalan pelindung hewan. Tapi teu pupuguh bet kadenge Ira nginghak.

"Har..... geuning nangis," cek Inu reuwas. Ira ditanggahkeun. Cipanonna nyurulung kawas mute pegat tiiran.

"Ira juga tahu, Ira kaya hewan, Ira juga tahu."

Gabrug ngarangkul, ceurik eueuriheun dina dadana. Teu karasaeun leungeun Inu ngusapan sirahna.

"Tos, ah... yu urang uih," cek Inu.

Ira kalah beuki ngaarangkul tipepereket. Ku Inu diantep sina nuluykeun ceurikna dina keukeupanana. Leungeunna hideng ngusapan. Beuki lila bet beuki deudeuh. Nu kacipta ku manehna ayeuna, bet Yuyun..... Yuyun adina nu ku manehna kacida dipikanyaahna. Kumaha mun Yuyun ngarandapan nasib cara Ira. Deudeuh teuing meureun. Heg teh, lalaki-lalaki kalah ngajurung kana kalakuanana teh. Henteu hayang nyahoeun ka sang tukang pang manehna kitu. Nu lalaki nyaho teh Ira geulis, beunang dicoo bari teu mayar. Cek Obos ge Ira teh pilihan, kudu ka nu kasep wae.

VW pulas kopi susu ngageuleuyeung ninggalkeun Lembang. Hawa tiis sajajalan karasa keneh, sanajan cahaya panonpoe geus rada luhur manceran.

"Urang ka mana ayeuna?" cek Ira.

"Geura mulih we Ira. Inu mah jajapkeun wae dugi ka sakola. Rek teras kuliah. Iraha-iraha urang tepang deui..."

"Ira malu... Ira baru, sampai nangis kaya tadi. Jadi inget ka anak. Mun geus gede ditanya bapa meureun euweuh. Mun ditanya saha indung meureun piaraan Oom Ben. Kata-kata kamu teh mani nyesep, deh....."

"Kata-kata naon tea, dan teu aya nu ngandung hikmah?"

"Ira hewan..... memang hewan nu hirup kawas Ira mah."

"Naha kitu?" Inu reuwas, da maksudna mah heurey. Ku genaheun kecap pelindung diteruskeun kana hewan. Bet kabeneran keuna kana mamaras Ira.

"Heeeh.... diparaban batur, ari ulin jeung saya wae."

"Heh....." Inu ngaheheheh. Deudeuh... ulah Yum, ulah boga nasib kawas Ira, Yuyum mah, Du'akeun we Kang Inu sing bisa ngaping Yuyum gerentesna.

Yuyum ge sangsara. Yuyum ge susah hirup teh. Yuyum ge hayang ginding cara batur. Tapi Yuyum mah teu kudu nyorang jalan kawas Ira. Teu..... moal Yuyum mah.

"Inu.... nuhun, nya Nu," cek Ira.

"Naon tea nu nuhun...."

"Sun sayangnya."

Inu seuri. Buukna disisiran ku ramo-ramona. Dikatukangkeun. Sakali, dua kali.

Bajuna dibebener. Kaambeu ngahiliwir parfum Ira nu narapel dina bajuna. Hareupe-un buruan kampus, VW eureun. Inu turun. Dijajapkeun ku imut Ira. "Kapan-kapan main lagi, ya...." cek Ira. Panona katara carindul.

"Oke....." cek Inu.

Mobil ngageuleuyeung. Inu ngalengkah ngajugjug sakolana. Lebah lawang katenjo Si Obos bangun jongjon maca buku.

"Bonafide, nya Nu...."

"Atah adol sia mah mere ubar teh," cek Inu, bari jekok Obos ditajong.

"Naonana nu bonafide teh?" Gek Inu diuk gigireun Obos. Kop kana rokona. Didudut sabatang. Sawarehna diasongkeun ka Obos.

"Kakara..... bieu, nuhun."

Serebung haseup kayu api nu kkara dipareuman, jeung hareup roko tina seuseup nu munggaran ngelun ka luhur. Inu neutep majuna, haseup.

"Are you satisfy dear?" cek Obos ngaheureuyan.

"Na.... da teu dikukumaha....., make nanyakeun seubeuh sagala."

"Na tas ulin ka mana?"

"Ti Lembang...."

"Di hotel mana?"

"On the grasss..."

"Terus..... nanaonan bobogohan luhur jukut?"

"Terus ceurik."

"Naha make ceurik?"

"Dipapatahan ku urang." Serebung haseup ngelun. Barakatak Obos seuri ngabarakatak. Tonggong Inu ditepakan.

jelema geus teu wawuheun moral nu kitu mah, geus ngadagleng, make kudu dipapatahan sagala. Dasar kalde.... ieuh, hese nu kapilih ku Ira mah. Silaing mah kasep, basa dikenalkeun oge mani pok deui pok deui salam ka Inu cenah..."

"Asa ka Si Yuyum euy, nenjo manehna ceurik dina keukeupan teh."

"Saha Si Yuyum teh?"

"Adi urang..."

"Naha make inget ka adi sagala. Ari keur ulin, ulah sok inget ka sasaha. Nu penting garap.... heula, lauk hayam. Inget ka indung inget ka bapa mah ke ari rek lebaran. Inget ka adi ari meunang rapel. Kalde sia mah, meunang hese cape. Mun daekeun ka urang mah..... wah, paling saeutik Rolex merena teh..."

"Leuwih hina urang atuh kitu mah. Dibeuli-beuli ku awewe..."

"Alaaaahhhh... nu hina mah lauk, diparaban cacing daek wae..... Ulin jeung Ira mah lain hina, bagja..."

"Lain bagja, lalawora.. ulin jeung piaraan batur mah."

"Nu lalawora mah gayung, deuleu, cai panas diteuleuman. Bongan saha boga piaraan ditinggalkeun...?"

"Teuing atuh, Bos..... Cing neangan piubareun teh nu waras...."

"Ke... nya, ku sayah dibere deui. Tanggung ieu mah moal asa ka adi geura..." Hiuk angin

beurang nebak lalaunan. Pucuk camara aroyag katebak. Haseup nu ngelun tina roko Inu geus leungit, dan kuntungnya geus dikekesek..... ancur.

VIII

Korolok cai ledeng ngocor kana jero botol susu. Kucrak-kucrak dikungkuran cur dipiceun. Sakali deui liang botol susu teh diantelkeun kana biwir keran. Dua tilu kali dikungkuran, kakara beres. Sok ditangkubkeun dina luhur erak.

Leumpangna alon, da kagok ku bebengkung, Awit ngajugjug ranjang orok nu dibunian ku kulambu, bray dibuka lalaunan. Tibra ngageubra jelema leutik nu suci teh.

"Geulis..." gerentesna. Aya rasa deudeuh nu nyaliara dina jero awakna. Kieu geuning rasana ari deudeuh ka anak. Deudeuh jeung nyaah anu tan wilangan gedena. Ratuning asih, rajaning nyaah.

Kuduna mah neutep anak teh babarengan jeung salaki. Kabungah duaan nenjo anak pamageuh duriat. Kitu soteh mun kawinna enyaan, sedeng dirina? Budak beuki diteuteup, beuki nyaah. Naha bet siga Kang Inu gerentesna. Lain Enung mah lain anak Kang Inu. Enung mah anak jelema nu teu boga tanggung jawab. Deudeuh, boa di mana ayana. Sedeng jelema nu dipake pananggeuhan geusan nutupan wiwirang ge, teuing di mana ayana. Geus ampir sabulan Inu teh teu balik-balik. Awit teu weleh nganti, jeung sagala harepan. Kacipta keneh ketusna, kadenge keneh sorana nu teu weleh jubras-jebres. Teuing ka mana ayeuna balikna. Geus tangtu moal hayangeun nenjo orok, da lain anakna.

"Enden, ulah lami teuing ngadeg, bisi turun getih," sora pangasuhna.

"Bae atuh Ema, geus dek sabulan ngajuru teh."

"Hih... budak mah nyaho naon. leuh, ngajuru mah sok asa sehat, padahal di jero mah ruksak, tateh... hengen, geura ebog."

Awit imut. Lalaunan leumpang ka tempat sare. Tuluy ngedeng, sukuna disanghunjarkeun. Nu deudeuh, nu satia ka dirina bet sipat pangasuh. Kuduna mah salaki nu ngarungrum keur dina kaayaan kieu teh. Ari Kang Inu ka mana atuh, cek pikirna.

Manehna hak migawe naon wae di ieu imah. Manehna hak rek lunta ka mana wae, sabaraha lilana oge manehna teu katalikung ku tanggung jawab. Manehna teh kasengker ku kawajiban. Da kawina oge kawin bobohongan. Da bongan manehna geus boga rasa ngajait dirina tina wiwirang. Matak taya hak nyusul, taya hak nyarekan, naon wae nu dipilampah ku Inu.

Ngan nu teu kahartieun ku Awit, naha potret Mila make diduruk sagala. Cek katerangan Ma Uti, Inu teh indit ninggalkeun durukan keretas di kamarna. Isukna datang ukur rek mawa papakean kitu ge nitahan batur, da Inuna mah teu datang. Les bae taya beja carita. Ku matak pikanyerieun. Abongkena enyaan lain ka pamajikan. Sanajan sakumaha judesna Inu ka manehna teh, tapi hate Awit angger tibelat, angger teu bisa mopohokeun, misono teu kendat-kendat. Mun tea mah Awit cacarita. Ku hayang ngadongeng jeung Inu teh, yen dirina kajadian kieu teh lantaran taya panyengker ti kolot. Lantaran taya nu ngageuing.

Manehna teu rumasaeun jadi awewe bangor tukang ngamumurah kahormatan. Manehna teu rumasaeun jadi awewe nu babari sumerah ka lalaki. Tapi naha ari manusia tara meunang keuna ku apes? Kudu salawasna aya dina untung? Inu moal ngartieun naon kasangtukang pang ieu kajadian tumiba kana dirina. Nu Inu nyaho, Awit teh ukur tukang pesta, tukang senang-senang. Inu mah moal nyahoeun yen manehna teh kacida hanaangna ku kaasih. Enya ari dina dunya barana mah kasartaan, kacukup. Teu kudu nguyang ka deungeun-deungeun. Barang-barang sarwa luar negri. Indung-bapana mah sasat dijieun jalan ka cai ka

luar negri teh. Tapi naha eta teh cukup pikeun ngawangun kabagja dina kahirupanana? Kaasih, kaasih anu kacida perluna mah. Eta nu kacida pentingna, rada dilalaworakeun ku indung-bapana teh. Kaasih, pangrungrum lain mangrupa harta, eta nu teu kacumponan teh.

"Enden moal lalajo tepe?" cek Ma oyoh norojol.

"Ah, moal Ema, teu purun, hayang ngedeng deui."

"Keun, da Enden alit mah kulem, nya," cek Ma Oyoh bari indit.

Teuing ku sepi peuting teh, sakitu kakara pukul salapan. Pitunduheun laleungitan, da ti beurang lila teuing sare. Beungeut Inu kokolebatan bae dina pikiranana. Sanajan kumaha wae oge Inu tangtu bakal balik heula ka dieu. Loba keneh papakean, barang-barang jeung buku-buku nu aya di dieu. Teu pupuguh hatena bet gumbira. Teuing ku naon harepan kana bisa papanggih bet ngajadikeun bungah kana hatena. Ukur hayang panggih, teu ngarepkeun leuwih ti kitu. Sanajan bakal ditembongkeun budi nu ketus, manehna sadrah. Ukur hayang panggih.

Karasa eungapna ari diuk make bebengkung teh. Jung Awit nangtung. Lalaunan bebengkung dilaan. Ma Oyoh nu kieu tea mah. Pajar ulah leupas ti bebengkung can opat puluh poe mah. Na marukan teu eungap kitu? Gerentes hatena. Bray muka salambar, terus ngagebray beuki panjang beuki panjang. Breh kalangkang dirinya dina kaca. Jangkung lempay. Beuteungna lemped deui cara bihari. Kulitna beresih, da geus lila tara ingkah ti imah.

Sakeudeung deui aing teh meureun bakal jadi randa. Randa, deudeuh ku sesebutan. Asa teu hayang wawuh deui jeung lalaki teh, ari geus nyaho kieu mah balukarna. Diri disurungkeun kana juruna maot. Enggah-enggeh taya nu mantuan ngaluarkeun orok, manusa suci titipan Gusti Yang Widi. Kop Awit kana sisir. Serewuk buukna nu geus panjang teh disisiran. Tuluy dikumpulkeun ku dua leungeunna, dikatukangkeun. Pek diuntunan.

Teu dikaretan tungtungna teh da sok beureum, ukur we, kitu ge da nali, buuk Awit galing nyangreud najan teu pageuh. Bebengkung nu ngalumburuk dipulung, sok diteundeun dina tempat sare. Sora gamelan kadenge ti rohangan hareup, gigireun kamar Awit. Geus tangtu kasenian Sunda tina TV tea. Lalaunan bebengkung teh ditilepan. Breh beungeut Inu nembongan deui. Kang Inuuuu..... jeritna dina ati. Ku hese Awit teh mopohokeun Kang Inu teh, ku hayang bisa atuh. Iraha Kang Inu rek sumping deui. Sanajan geus tangtu rek beberes tea. Da jangjina ge ukur tepi ka ngalahirkeun.

Basa kadenge nu keketrok, Awit ngarandeg. Leungeunna nu keur ngagulungkeun bebengkung ge eureun. Kadenge konci muter ngajetrek.

"Aeeeeh..... Den Inu...." sora Ma Uti nyababkeun jantungna asa eureun, sakedapan. Jung Awit nangtung, leumpang ngajungjug panto, jetrek dikonci.

"Enden..... aya Den Inu.....," cek Ma Uti ngetrokan.

Keun bae Ma Uti, hatena jumerit. Abdi ge nyaho..... Kang Inu, wilujeng sumping jungjunan, wilujeng sumping. Panonna peureum, tonggongna antel kana panto. Kahayang mah muru ka luar, ngarankul ngagalentor. Kadeudeuh ati nu dipicangcam beurang jeung peuting. Geus tangtu rek mawaan barang nu aya di kamar, geus tangtu rek beberes tea.

Leumpang ka kenca..... salengkah-salengkah, angenna ratug tutunggulan, leumpang deui ka katuhu, salengkah. Beuki ratug. Jung ajeg nangtung hareupeun

kaca satangtung. Baju sare tina nilon pulas kayas saulas, dijewang. Pek dipake ngaganti daster batik nu harita keur dipake. Las diwedak, biwirna dipulas ku lipstick. Hayang ngabageakeun Inu, najan keur panungtungan. Aneh ti barang pruk kawin bobohongan tea, hatena geus meulit deudeuh jeung nyaah ka Inu teh. Salawasna sok teu weleh dangdan, hayang kataksir ku Inu, angger dina kaayaan geulis. Sanajan Inu-na mah angger ketus, angger judes.

"Awit.... Awit....," tetela sora Inu. Angenna ratug tutungulan.

"Tos kulem, panginten Den Inu," cek Ma Ut.

"Euh..... tos babar?" cek Inu.

"Parantos bade sasasih..."

"Eueuh...." cek Inu panjang. Kahayang mah jung nangtung, gabrug ngarangkul. Tapi kumaha mun dikepeskeun. Kapan salawasna ge ketus, teu weleh judes. Da ijjid tea meureun, da ijjid tea.

"Aya picarioseun, cing gugahkeun, Ma." omong Inu.

Tangtu, tangtu rek beberes tea. Pileuleuyan pikeun salawasna. Biheung panggih deui biheung moal. Teu hasil ngarebut hate Kang Inu teh ku sagala jalan oge. Kageulisan nu diapiagul, dipake gunung pananggeuhan teh, keur Inu mah teu teurak.

"Wios atuh, Ma.... bade wangsul wae....." sora Inu, Awit reuwas. Geuwat cengkat. Tapi rumegag rek mukakeun panto teh. Ari tadi cenah meureun teu daek muka. Era, di kamanakeun harga diri aing?

"Ke sakedap, Den.... ku lbi urang saur, moal sae teu tepang heula mah."

Ma Ut teh ngetrok pantona rada tarik ayeuna mah. Lalaunan Awit mukakeun panto. Bray muka, terus ngecek panon api-api nu kakara hudang sare.

"Aya naon, Ma?" pokna.

"Ieu aya Den Inu....." cek M Ut.

"Oh, Kang Inu...." cek Awit.

Breh beungeut anu dipicangcam teh h nembongan. Awit ngarandeg neuteup beungeut Inu.

"Tos bobo orokna?" cek Inu, bari asup ka jero.

"Tos kulem," cek Awit. Inu katenjo nyeregeh. Ingeteun keneh basa peutingan munggaran pangantenan, Inu nyawad manehna pedah nyebut bobo. Tapi naha Inu teh bet jadi someah kitu. Kapan sasarina oge sok ketus wae. Awit nuturkeun Inu, leumpang tukangeun.

Inu malik ka Awit. Breh patarema teuteup. Getering rasa anu sakit lilana disidem bet ruman-deg nenjo kayaan Inu teh. Beungeutna jambrosan, panonna beureum kawas anu kurang sare. Bajuna kumusut. Awit ngahuleng neuteup rada lila.

"Awit teh tos sabaraha dinten babar teh?" cek Inu. Gek diuk dina korsi hareupeun kaca toilet. Ari Awit leumpang alon, gek dina biwir ranjang.

"Tos ampir sasasih....."

"Hmmh...." cek Inu semu ngarahuh.

Teu lila jung nangtung nyampeurkeun ka Awit. Pok-pok atuh, urang beberes kituh cek hate Awit. Ulah ngaganggayong kawas ayeuna. Pak-pok atuh, tapi eusi hate nu teu kedal tea ukur lahir ku imut bari luk tungul.

"Ari istri gugah babar teh sok taeunnya," cek Inu.

"Sok naon?" cek Awit.

"Sok pikabitaen."

Lain atoh dikitukeun teh, tapi Awit ngarandeg. Kaheran nenjo kaayaan Inu ge can punah, geus jol deui pikaheraneun teh. Na ti iraha Inu cunihin kitu? Kapan sasarina ge boro-boro heureuy, sakalieun ditanya ge kapan ketus naker nembalanana teh.

"Kang Inu bade naon?" cek Awit.

"Ah, teu bade nanaon, sono we ka Awit," cek Inu.

Enyaan kitu aing teh papahareup jeung Inu. Mun enya teh, na boga kasakit naon Inu teh kalakuanan ku robah-robah teuing? Awit neutep lila naker.

"Naha nganggo sono sagala rupi, kapan urang mah papangantenan," cek Awit.

"Kapungkur eta mah," cek Inu. Leungeunna ranggah rek ngarangkul, tapi Awit geuwat ngejat. Manehna leumpang undur-unduran. Enya dipicangcam pisan Inu teh, hayang dipideudeuh. Tapi lain kawas ayeuna, lain kieu prakprakanan.

"Ari ayeuna?" cek Awit.

"Ayeuna mah, Awit.... geulis wae, Kang Inu sono...."

Hmh, sono gerentes hati Awit. Sanggeus meunang kanyeri ti Mila, kakara diri aing dijieun panglumpatan. Sanggeus meunang kanyeri ti mojang kadeudeuhna, kakara diri diaku. Panglumpatan tina kanyeri hatena. Nu boa teuing moal lana tea. Sanggeus manehna meunang deui kadeudeuh ati, tangtu bakal ninggalkeun deui.

"Sanes bade beberes tea?" cek Awit ketus. Kacipta kanyeri hatena sababaraha waktu nu ka larung. Ketusna Inu, bangun ijd. Ari ayeuna? Naon atuh nu ngalantarankeun Inu jadi kieu teh? Awit keukeuh heran.

"Beberes mah gampang. Naha Awit moal muruhan ka Akang?"

"Muruhan..... naon maksud Kang Inu teh?"

"Ah, sok apia-pi Awit mah..... sakali we sok.... tos sasasih Awit teh?"

Kerewek leungeun Inu pageuh ngeukeup Awit, teu kaburu sadar kana naon nu kjadian harita, ngan basa beunta, manehna inget, Inu disurungkeun sanggeus dikaplok sakali beungeutna.

"Kang Inu..... nganggap naon ka Awit teh?" pokna. Hatena peurih asa disasaak. Teu karasaeun cipanon ragrag nungtutan. Leumpangna undur-unduran. Reg hareupeun ranjang orok.

"Alah sok api-api.... Kang Inu terang Awit teh lapar."

"Kang Inu..... ulah kurang ajar, Awit sanes awewe murah."

"Hmm..... tapi Kang Inu sono ka Awit."

Lalaki, behna mah lalaki. Di mamana oge kasebutnya lalaki, salungguh-lungguhna lalaki, tetep we lalaki, Awit nyekel kulambu tipepereket. Cipanonna beuki juuh.

"Saparantos Kang Inu dikantun ku Mila, saparantos Kang Inu kenging kateuraos ti istri sanes, nembe Kang Inu teh nyarios kitu. Kapan samemehna Awit teh naros ge tara diwaler. Awit gaduh keneh harga diri, moal nmpi kanyaah sapertos kitu."

"Awit geus teu butuh ayeuna mah ku Kang Inu, nya....." Robah beungeut Inu teh ngadeukeutan bari neuteup tikekereket.

"Ti kapungkur ge teu butuh."

"Sanggeus ngancurkeun hirup Kang Inu. Di aku Kang Inu teh bodo, bodo katotoloyoh daek mangnyaitkeun wiwirang awewe kawas Awit. leuh bisi teu uninga, Mila ninggalkeun Kang Inu sanggeus terangeun Kang Inu nikah ka Awit...."

"Naha atuh..... nah atuh....." teu kebat. Kaburu cipanon bedah teu katahan. Kahayangna mah nyarita kieu, naha atuh make nyebut hayang diburuhan. Da Awit teh sanes istri pesereun. Matak naon urang enyaan wae janten salaki pamajikan, meureun genah kana hate. Ulah nyebutkeun buruhan-buruhan sagala. Tapi teu kedal.

"Enya naha atuh Kang Inu teh bodo.... leuh, Wit, ulah ngira Kang Inu bieu teh enyaan. Tepi ka wangkid ieu Kang Inu henteu mideudeuh Awit. Hemh.... iraha bade beberes. Lain Awit teh teu butuh ku Kang Inu? Heeemh, teu butuh?"

Awit tungkul, nahan cipanon nu beuki ngagolontor. Keclak maseuhan kulambu bodas nu nuruban orok suci, nageubra teu ngadenge aya naon di eta kamar.

"Geus tangtu Awit mah moal butuh ku Kang Inu. Da Awit mah putra nu beunghar. Tapi ke heula Wit, ulah disangka Kang Inu kenging dibeuli.... heh, ningali ka dieu. Iraha beberes teh, heh?" Awit tungkul beuki ngeluk.

Ku hayang ngarangkul, hayang ceurik jejeritan dina dadana. Tapi naha moal dikepeskeun? Di kamanakeun ajen diri teh. Geus disangka awewe gampang ku Inu bieu teh, ayeuna rek nembongkeun kahengkeran hareupeun jelema eta keneh?

Panto kadenge digebruken. Awit teu ngalieuk. Bray mukakeun kulambu orok. Breh beungeut geulis teh nembongan. Geulis, hampura..... gerentesna.

Geus tangtu Awit teu butuh ku Kang Inu, da Awit mah putra nu beunghar... jelengeng dina pangdengena. Gabrug orok dirawu, digalentor. Diceungceurikan, dirawu dibaa ka tempat sare. Dug digolerkeun, segruk deui ceurik kanyenyarian. Kang Inu..... mun seug Kang Inu bieu palay ngarungrum Awit lantaran kasurung ku cinta asih ka pamajikan mah, tada teuing dibageakeunana. Ieu mah kapan kekecapanana ge muruhan, muruhan. Na nanaonan atuh aing dina tetenjoan manehna teh. Budak dikeukeupan.

"Ina.... Ina mah putra mamah, moal dipasihkeun ka rencang. Moal diogo ku Mamah, moal kenging pesta, moal kenging ameng sareng pameget paduduaan. Moal kenging uih subuh ti pesta. Moal, Ina mah moal kenging. Ina mah kedah sakola, dijajapkeun ku Mamah, diwurukan ngapalkeun ku Mamah, Ina mah putra Mamah....."segruk ceurik kanyenyarian.

Peuting beuki jempling, hate Awit ge beuki keueung, beuki keueung.

Bray jandela dibuka, kamar nu tadi na poek, caang ayeuna mah. Inu angger keneh ngagoler dina tempat sarena. Leungeunna duanana dipake ngaganjel sirahna. Teuteupna angger kana lalangit kamar leutik nu geus teu puguh rupana.

Ti kapungkur ge teu butuh, cek Awit mani kadenge keneh. Enyaan kitu ucapanana teh? Ku nguntup atuh aing teh, cek hatena. Ari nenjo kalakuanana sapopoe, Awit teh bangun nu hayang dipikanyaah, bangun nu lindeuk. Tapi geuning ari dienyakeun mah kalah nyieun sagur-rat raheut dina dadana.

Abdi gaduh keneh harga diri, cek Awit. Naon atuh ari harga diri teh. Breh beungeut Hayatun, awewe P nu diasong-asong ku Obos ka manehna. Peuting eta saperti sasari pagawean awewe kawas manehna. Hayatun ge maturan Inu. Tapi basa ku Inu diajak ngobrol, manehna ketus naker nyarekan.

"Upami teu purun amengan mah, mangga wae mulih. Abdi moal ngical ka nu teu puruneun. Abdi gaduh keneh harga diri," pokna.

Ku pagawean kitu ge, cek pikir Inu mah Hayatun teh teu bogaeun harga diri. Tapi geuning pokpokanana mah cenah boga keneh harga diri. Breh deui beungeut Lucia, anu dibawa ngurilingan Bandung basa rek dibayar teh kalah kieu pok-pokanana: "Ari teu kersa kulem sareng mah, teu kedah masihan artos, abdi ge gaduh harga diri," pokna. Harga dirina teh kapan lima welas ribu sapeuting. Tapi dibayar saparapatna, pedah teu di kua-kieu, pokna teh boga harga diri.

Awit oge nu sakitu gampangna digadabah lalaki, henteu barontak basa ditinggalkeun indit ku lalaki teu tanggung jawab teh. Sakitu gampangna dikawin ku jelema nu teu mais teu meuleum, gelenyeh someah sangkilang teh weleh diketusan. Naha make nyebut boga keneh harga diri, basa rek diheureuyan.

Teori Si Obos teh salah lebah dieu mah. Pajar nyeri hate ku awewe ubarna kudu ku awewe deui. Lain awewe nu kitu piubareun mah. Teori ngeunaan Awit geus salah deui wae. Wirang.... boro ngagampangkeun. Boa cek Awit teh ari bareto pura-pura lungguh, ari ayeuna..... cunihin. leungit harga diri aing teh. Kabogoh direbut batur, cicing, dikawinkeun ka awewe urut batur, cicing. Ayeuna..... dihina ku Awit piraku rek cicing. Taya deui jalan iwal ti kudu gancang diberesan. Tapi naha bet nyeredet basa silituteup teh. Enyaan widadari geuning Awit teh. Paingan cek Si Obos. Naha atuh ari bareto henteu katara. Pedah keur sakitu deudeuhna ka Mila meureun. Awit..... teu butuheun cenah ti bareto ge ka manehna teh.

Harga diri..... harga diri..... Buukna dijenggut lalaunan. Kojengkang hudang. Kop kana roko, cekes disundut. Nyot diseuseup..... serebung haseupna ngelun.

Gek diuk dina biwir ranjang, tonggong diganjel ku bantal. Breh beungeut Awit nembongan. Hatena teu pupuguh ratug, tara-tara ti sasari. Pamajikan aing eta teh, resmi ngarengkol dina buku nikah. Tapi kapan cenah teu butuh. Jelema beunghar kawas Awit pimanaeun butuh atuh. Ih kasebelan. Breh beungeut Hayatun. Mahena nu geus biasa ngajual kahormatanana. Bray beungeut Ira nu kekeleyeran sabot nu miarana keur balik ka pamajikanana. Awewe ge cek manehna sarua jeung lalaki, butuh ku kaasih kadeudeuh. Matak nguntup ka Awit. Awit nu geus ngasaan endahna cinta, geus tangtu bakal ngarep-ngarep datangnya deui. Tapi geuning cenah teu butuh, teu butuh.

"Nu, geus hudang?" sora Obos ti kamar gigireunana.

"Enggeus.....," tembalna. Bray panto kamarna muka. Sup Obos asup mawa cai kopi dua gelas. Sok diteundeun luhureun lomari leutik.

"Kumaha Awit teh.... engeus?" cek Obos.

"Enggeus naon?" cek Inu, serebung haseupna ngelun.

"Gumurih nya?"

"Lain gumurih, sumebel," cek Inu ketus.

"Naon sumebel teh?"

"Sumebel teh keur meujeuhna pikasebeleun...."

"Naha kitu ku naon?"

"Nampiling."

Obos diuk dina biwir ranjang papahareup. Gelas kopina dibawa, biwir gelasna ukur diteken ku tungtung curukna, pisinna ditanggeuy. Suruput, peureudeuy panonna meureudeuy. Suruput deui sasuruput. Haseup laleutik tina cai kopi katenjo ngaliwat kana irungna.

"Na dikumahakeun?" cek Obos.

"Enya cek urang teh....," derekdek Inu ngadongeng. Tuntas ngadongeng, Obos nunda gelasna, barakatak seuri bari ngagulingkeun maneh kana kasur. Dug ngagoler.

"Ari ente bodo-bodo teuing nyanghareupan awewe teh, Nu," omongna. Diasongan Ira kalah dipapatahan. Kudu nyaho atuh. Siga sayah..... bogoh ka Anan, nu geulis di Sastra Inggris tea. Mimiti deukeutan sobatna. Kanyahoan resep kana angkrek. Geuwat maca sabangsaning buku angkrek. Der deukeutan, pek ngasongkeun pasualan angkrek. Puguh kaanggo. Datang ka imahna mawa angkrek. Lucu cek manehna teh. Sakali dua kali nganjang, beunang we hatena. Geus beunang hatena kakara nu matak nyehatkeun awak urang..."

Inu ukur mesem. Ras inget basa babarengan jeung Mila. Teu make taktik kawas si Obos. Kakara karasa enyaan Si Obos mah pinterna. Bisa pisan nyanghareupan awewe teh.

"Ka Awit ge kudu kitu. Ari bareto keur kawas nu merean diantep, atuh puguh kagentak, jelema biasa judes, ieu ujung-ujug ngomong kitu..... dasar kalde....." Barakatak Obos seuri babarakatakan." Inu ukur ngajentul.

"Ayeuna hayang ka nu kumaha ente teh. Ku sayah geus dibere nu harebatna wungkul, angger bodo...."

"Geus weh, Bos ah, pareman..... teu bisa kikituan teh, euy."

"Nu matak ge kudu tumut kana papatah sepuh. Diajar harak ti bubudak, licik ti leuleutik. Geus gede tinggal nipu. Ieu mah ngan ngagugulung papatah indung we. Enya cek indung silaing, anggap awewe teh kudu kawas Ema. Ente ge kudu kitu. Kudu kawas ka indung ka awewe teh, ngenta duit nanaon..." cek Obos. Inu seuri.

"Geus cageur nyeri hate ku Si Mila teh?"

"Teuing atuh, da seuseuiteun wae euy."

"Dek dibere mojang ayeuna mah ku sayah. Rena..... wah, ampir sarua geulisna

jeung Si Mila geura..... daek?"

"Kuma mun ituna embungeun?"

"Daekeun. Kamari ieu puguh nanyakeun. Saha cenah Kang Obos mani kasep?" "Na

kasep kitu urang teh, Bos, euy?"

"Kasep..... ngan bodona katotoloyoh."

Inu seuri. Kuntung rokona dialungkeun kana liang jandela. Kop kana cikopi anuna, regot diinum saregot. Panonna peupeureudeuyan. Sok diteundeun deui.

"Kuliah, Nu?"

"Teu purun, ah."

"Aya budak jurusan Anthropologi geura, nyentrik.... euy, nyeni."

"Gandeng ah, kawas ka budak wae. Geus waktuna mah sayah ge kudu bogoh nya bogoh we teu kudu dialas ku silaing..."

"Sukur we, ngan ulah nepi ka gering nangtung euy. Sayah mah karunya ka ente teh, embung ari sobat kudu ngalaman gering nangtung kawas sayah mah."

"Nya kungsi silaing kitu deuih?"

Obos ngeluk tungkul, teu lila unggeuk. Inu neutep lila. Bray beungeut Mila, tapi ngan sapersakitu menit, kalindih ku beungeut nu anyar..... Awit.

"Sayah teu ngabibisani ka ente. Da sayah ge bareto kitu atuh. Nyeri teh Euy, bebene direbut deungeun teh. Haden ku kolot diaping, teu nepi ka poekeun, euy."

Inu seuri. Golosor awakna ngagolosor, tuluy ngagoler deui. Rup nuruban maneh ku simbut. Obos cengkat. Tuluy luncat turun tina enggon.

"Sayah mah rek kuliah, ah..."

"Jig we, ke urang nanyakeun ka maneh."

"Bisi rek dahar, liwet dina panci leutik, Nu," cek Obos.

Heuleut sababraha lila, Obos ka luar ngajingjing map. Gerung motorna kadenge di buruan. Teu lila kereles teu katembong deui.

Ti kapungkur ge teu butuh, cek Awit. Abdi teu kiat nandangan kapanas ati, cek Mila, Mila jeung Awit ayeuna mah sarua deukeutna dina hate. Nu saurang tereh jadi boga batur, nu saurang deui geus jadi anuna, tapi hate can gembleng ngahiji. Asa susulapan hirup teh. Asa dina dongeng kajadian kitu kudu karandapan ku dirina. Cai kopi dina gelas dirongkong, bari cengkat sakeudeung. Regot diinum disakalikeun.

Iraha urang bebres cek manehna ka Awit. Enya iraha? Ayeuna mah eta pananya teh ditujukeun keur dirina. Bet asa ngadadak teu tega. Tapi kapan cek Awit ge manehna mah ti bareto ge teu butuheun ku Inu, teu butuheun.

"Cep Inu....." cek ti luar. Inu ngorejat, da apaleun eta teh sora nu boga imah.

Lung simbutna dialungkeun. Kop kana calana panjang nu ngagantung, rap dipake. Gura-giru ka luar. Kasampak awewe tengah tuwuh teh keur nyenyekel surat.

"Ieu Cep Inu, kamari sonten Ibu nampi serat teh, ngan hilap, mani nembe ayeuna disang-gakeun. Mangga ieu," sok surat teh dibikeun.

Inu maca alamat surat tea. Tetela tulisan Yuyum. Breh beungeut adina. Geus lila teu papang-gih. Asa hoream kudu datang ka Garut teh. Bongan hate acan lipur. Bongan asa diheulang. Direbut kaasih, teu nyaho sabab-sababna pisan. Jeung suratna teh lain menta pertimbangan tapi neukteuk mere angeus pisan. Surat dibuka, breh nu ngirimna. Yuyum adi nu ngan hiji-hijina. Nyaah ka Yuyum teh, nyaah pisan.....

Kang Inu

Ku naon sih mani ngampleng. Teu resep Yuyum mah gaduh lanceuk epes meer. Atuh asa meunang Ceu Mila teh kitu mah. Kang Inu, Ema sareng Yuyum nampi serat ti Kang Inu yen ngalih ka bumi Kang Obos mani reuwas. Naha tos pepegatan sareng Ceu Awit teh. Minggu ieu Ema sareng Yuyum bade ka Ceu Awit, Kang Inu kedah sareng, nya. Yuyum bade ka Bandung teh bade ka bumi Kang Obos bae, sareng engke ka bumi Ceu Awit.

Seregeh Inu seuri. Abong budak ogo, dina surat ge angger we ogo. Ku hayang geura gok jeung Yuyum teh. Kacipta dina kalangkang ingetanana, Yuyum jeung indungna datang ka dieu, rek nyampeurkeun ka imah Awit. Teu butuh cek Awit, teh butuh ti bareto ge. Nanaonan indungna make rek neang. Nu diteangna oge kawas moal atoheun.

Kang Inu saleresna Yuyum teh tos ti kapungkur ningal Ceu Mila sok sasarengan sareng pameget teh. Ngan saur Ema ulah ditepikeun ka Kang Inu, bisi pikiranana kaganggu, karunya heg keur sakola... Alesan wungkul Kang Inu, pajar pedah kang Inu nikah ka Ceu Awit teh. Sapertos kaunggel dina serat Kang Inu kamari. Padahal mah ti memeh Kang Inu nikah jeung Ceu Awit ge, Ceu Mila teh tos sering sasarengan sareng pameget nu pa-jar emangna teh. Bumina ge di Bandung, cenah Kang Nu. Leuh ayeuna ge mani rame di bumina teh, wargi-wargina karempel. Hawatos ka Ema ningkreb anjeun we di kamarna. Nangis wae ningali Ceu Mila bade tunangan teh. Ku Yuyum dibeberah, keun bae sanggem Yuyum teh, ari walerna teh; Karunya anak Ema, abongkena malarat mani ditoker. Ayeu-na boa puguh boa henteu daharna Si Ujang teh. Mani langsip salirana ngemutan wae Akang. Akang kedah emut ka Ema. Naha make eleh ku si Centil? Lantaran Kang Inu alim ningali Ceu Mila, Kang Inu tega ngantep Ema teu damang lantaran sono ka Akang....

Inu ngaheruk. Mun awewe mah geus segruk ceurik meureun maca surat ti Yuyum teh. Kutan indungna ge milu nyeri ku kajadian kieu teh. Naha atuh ari aing ngadon jig ka ditu jig ka dieu ngabangbalerkeun hate. Nyeri ku Mila, asa diteungteuinganan. Teu inget yen bakal sakitu gedena pangaruhna ka nu jadi indung.

Alesan, alesan cek Yuyum ge alesan. Dosa atuh ari kitu mah ka Awit. Lain salah Awit, Mila milih lalaki sejen teh. Memang geus bawana awewe toloheor Mila teh. Anu tega nukeurkeun kaasih ku dunya. Awit, hampura Kang Inu. Bray lalakon basa munggaran papanganten. Ketus pisan manehna nyarekna ka Await teh. Terus kajadian ti poe ka poe. Salawasna dijudeusan, diketusan. Tapi manehna teu weleh sabar, teu weleh ngajenan. Angger sok nanya sanajan geus yakin bakal ditembalan ku ketus. Deudeuh teuing Awit teh. Tapi kapan cek Awit ge teu perlu, ti bareto ge teu perlu. Hmh.... awewe, awewe..... Sakabehna ge ngan nimbulkeun karudet wungkul. Mending beresan kabeh, bebas, moal aya pikiraneun.

Kang Inu

Omat nya ulah ka mamana, Yuyum bade ka ditu. Hoyong ningal putrana Ceu Awit. Geulis meureun, nya. Kang Inu ulah reuwas Yuyum terang putrana Ceu Awit istri teh ti Ceu Awitna ku anjeun. Da cenah Kang Inu mah tos ampir sasasih tara ka bumi. Ka mana wae Kang Inu teh? Hawatos Ema we beuki seueur emutan..... Kintunan katampi, nuhun.

Sono Yuyum

Surat ditilepan, Ema, aduh hapunten Inu teh Ema. Keur dina kaayaan poek Inu neangan pangeunteupan. Inu milih katengtreman hate teh ayana di istri. Tapi kapan nyatana mah henteu. Ti Ira ka Hayatun terus ka Lucia, hostes di Balero Club, terus Anita mojang nu hayangeun ti bareto batur safakultas, terus ka Rini, terus Lastri, terus ka Tina, tapi katengtreman hate teh hentu kapanggih. Angger hatena barontak menta kaasih kawas kaasih Mila bareto. Maranehna, awewe-awewe nu kungsi diajak ulin kabeh boga sagala nu aya di Mila. Ngan maranehna teu bisa mere kaasih saperti kaasih Mila, ti dirina jeung keur dirina. Eta nu hese diatur teh. Kaasih, kadeudeuh nu tara ngitung rugi. Nu tara pupuntenan heula, nu tara gampang leungitna. Micinta teh lir peperangan. Gampang dimimitian, tapi hese rek ngeureunan.

Yuyum rek ka dieu. Kudu kumaha? Naha moal meunang panghina ti Awit. Naha moal asa kapake awit teh diteang ku indungna jeung adina. Naha Awit make nanyakeun, make nyuratan sagala ka indungna jeung adina, pedah geus wawuh kitu?

Mun bener caritaan Yuyun tetela kitu mah Awit teh teu dosa. Lain, lain Awit nu ngancurkeun hirupna teh, tapi Mila.... Mila. hampura Awit, hampura Kang Inu.

Tapi cenah Awit ge teu butuheun ku manehna, teu butuh cenah di bareto ge. Ana kitu mah teu perlu mikanyaah nu lain, Ema jeung Yuyun nu butuheun ku aing mah. Tetela eta mah. Yakin geus moal hamham deui. Tapi da yakin deuih Ema jeung Yuyun mah moal bisa mere kabungahan kawas Mila ka manehna.

"Lah..... bodo-bodo teuing, mending ulin," cek Inu. Jung manehna cengkat. Terus kukuliatan. Derekdek matekan ramo-ramo suku jeung leungeunna.

Tapi basa rek nyokot anduk, kolebat nu boga anduk teh, Awit. Breh karasa angenna ratug. Sono naha.... enya sono, hayang panggih jeung Awit. Asa aya gaganti Mila. Nu bisa ngeusian hatena. Tapi kapan sakitu sombongnya Awit nyebut teu butuh cenah. Naha rek dikamanakeun harga diri aing teh. Hayatun ge awewe bangor bogaeun harga diri geuning. Anduk diturubkeun kana sirahna. Breh nu bogana.... teu butuh, teu butuh..... Geblug deui Inu meubeutkeun maneh. Sup sirahna nyusup kana jero bantal. Kawas nu teu hayangeun nenjo panonpoe beuli lila beuki manceran.

Buuk Ira kusut awut-awutan, direret sakeudeung ku Inu. Manehna diuk dina sisi ranjang. Tuluy tungkul bari nangkeup gado. Buukna dijenggut tarik. Awakna karasa lungse pisan.

"Rek eueut In?" cek Ira. Inu ngalieuk. Terus gideug. Awak Ira nu koneng mulus teu katuruban benang salambar, ayeuna aya jeroeun simbut, jadi tanda tas aya kajadian naon cikenéh antara dirina jeung awewe piaraan Ben téh.

"Inu nyesel?" cek Ira deui.

Nyesel? Ari neysel téh kaduhung. Kaduhung kitu aing téh? Peuting ieu leungitna kasucian dirina téh. Cikenéh... simbut nu awut-awutan jeung sepre kumusut jadi saksi pego.

"Ngomong dong... Inu nyesel yah?"

Kaduhung? Naon hartina kaduhung lamun sagalana geus kalarung? Teu nembalan, jung nangtung, daligdeug-daligdeug. Awakna karasana asa kosong, taya tangan pangawasa. Kop kana papakeanana nu ngalumbruk dina luhur korsi. Rap dipake.

"Inu... Ira tahu. Inu cowo baik-baik, maapkan Ira," sora Ira. Angger dituruban simbut kandel. Nu katenjo ukur tina lebah dadana ka luhur. Lampu reyem-reyem diganti ku lampu nu caang. Breh kalangkang dirina dina kaca toilet. Kasep... kasep pisan. Sanajan naon hartina kaleungitan kasucian téh pikeun lalaki mah, tapi aya nu nyeredet jero hatena. Teu sangka sacongo buuk dirina bisa ngalakukeun hal ieu. Anu samemehna ku manehna dianggap haram, dianggap pagawean nu mengpar tina agama jeugn darigama. Kiwari dilakonan.

Hiji-hiji kancing kamejana diasupkeun kana liang-liang kancing. Keraha dibebener cicingna. Kop kana sisir. Serewuk-serewuk nyisiran. Leng sirahna karasa lieur. Gek deui diuk dina sisi ranjang. Sapatuna digusur tina kolong tempat sare. Kop kana gulungan kaos kaki anu disesepkeun kana sapatuna.

"Inu... Ira nyaah ka Inu. Ira nyaah ka Inu. Hampura Ira..."

Tapi Inu jongjon masangkeun kaos kakina. Suku kencana ngangkat ka luhur. Kaos kaki dibebener.

"Dina masa hidup Ira, kakara ayeuna Ira bahagia. Ira asa manggihan deui bahagia nu bareto kungsi leungit. Inu, ari Inu nyaah teu ka Ira?"

Inu ngarandeg, nyaah? Na nyaah kitu manehna ka Ira téh? Ari nyaah téh deudeuh. Rasa deudeuh nu kungsi ditamplokeun ka Mila bareto euweuh keur Ira mah. Manehna resep, sawajarna lir hiji lalaki ka awewe. Resep lantaran kajurung ku hiji pangabutuh. Lumrahna lalaki ka awewe.

"Inu... Ira sayang, Ira sayang..." Karasa sirah Ira. Ira nyarande dina tonggongna. Inghakna mimiti kadenge. Ira sayang cenah... Hayatun ge cenah tibelat ka manehna téh, Ina ge, Ati ge, Mince, Hadiati, Ruba'ah... jeung nu sejenna, tapi kapan Mila mah ninggalkeun. Awit ge teu butuh cenah.

Bel kadenge ngirining, teu lila kadenge gerung mobil asup ka pakarangan. Inu ngarenjag, jung nangtung. Teu pupuguh awakna nu tadina lungse téh asa aya tanaga.

"Ben..." cek Ira ngaharewos.

"Kumaha atuh, Ir...?" bray beungeut nu ngaran Ben teh, kolot gembrot tapi dedeg. Inu nyekel awak Ira. simbutna ditarik.

"Ira.. Ben, Ira... Ben," pokna arapap-eureupeup.

"Kalm... kalm, boy," cek Ira antare.

Kop kana baju nilon nu ngalumbruk, rap dipake. Terus mukakeun panto tukangeun erak sapatu, dituturkeun ku Inu. Bel kadenge ngirining beuki kerep. Ti panto tukang teh brasna ka luar, terus ngaliwatan pakarangan. Di benteng tukang aya panto leutik. Bray dibuka. Geuwat Inu ka luar. Plong hatena ngemplong.

"Bye...," cek Ira, salse we nutupkeun deui panto. Jalan rahasia. Dasar awewe buaya. Teu siga-siga, tukangeun erak sapatu nu ngahunyud teh aya panto. Tangtuna ge paragi kabur jajaka-jajaka iseng nu kungsi ngasaan sare jeung Ira.

Panto tukang teh brasna kana lulurung tukangeun imah. Inu leumpang lalaunan jeung ati-ati, da paroek. Ngan hadena lulurung teh teu panjang. Kaburu tepi ka jalan gede. Inu ngareret ka sisi ka gigir. Peuting geus kacida simpena. Beca ge ukur aya hiji-hijieun. Mobil sakapeung-kapeungeun aya nu ngaliwat, selang-selang jeung berebetna motor. Kudu ka mana nya balik. Si Obos euweuh ka kolotna. Hanjakal teu mekel konci. Da tadina rencana teh rek ngendong di Ira.

Inu ngareretan ka tukang. Mun pareng aya jelema nu nenjo ka manehna, gebeg ngagebeg, sieun kaperego sieun titahan si Ben. Leumpangna beuki ngagedig. Sanajan awakna mimiti karasa lungse. Leng lieur, teu pupuguh.

Basa aya beca ngaliwat geuwat digeroan. Breh dina ingetanana imah Awit. Balik ka Awit wae kitu? Dkamanakeun beugneut, wawanianan datang deui ka imah Awit. Ari rek maksakeun balik ka imah sok sieun... sieun Si Ira kaperego tas tataeunan, terus diguliksek ditanya, heg Ira ngaku. Meureun dicerek dibawa ka imahna. Tangtu kana dicehcerna beungeut teh. Saleuheung ku awak ruksak, orokaya harga diri, meureun pada ngeyeh. Si Inu cenah meureun tas guleuy jeung tante girang katewak... Gusti."

Ah bae rek ka imah Awit wae. Da ari ngendong di babaaturan, rumasaeun tadina ge tara sare di sagawayah tempat, kuriak wae babaturanana nyieun curiga.

Teu karasa biwirna engab nyebut alamat imah Awit. Kumaha engke nu penting peuting ieu salamet. Hiliwir angin, nebak kana jaruji beusi beca. Nyelesepe hawana kana tonggongna, tiis... nyecep. Breh kajadian anu kakara karandapan bieu. Gebeg hatena ngagebeg. Gustiii... naha dugi ka kieu abdi teh, hatena jumerit. Kotor, pinuh kakotor, ngadablog dina dirina. Hayatun... awewe tuna susila geus kungsi dibawa ulin. Ira pamajikan batur. Ani tunangan nu sejen... na ku naon atuh aing teh mana teu bisa ngawasa kahayang hate, teu bisa ngadalian napsu? Buukna dijenggut, tarik. Kawas hayang nyoplokkeun sirahna tina awakna. Inu ngarahuh. Aya nu neken kacida beruatna dina jero hatena. Beurat.. beurat psan.

"Palih mana, Den?" sora tukang beca mulangkeun pikiranana. Teu karasaeun geus tepi ka jalan tempat imah Awit. Inu nengetan unggal mah. Breh bae imah Awit nu gedong sigrong. Teu boga cedo daek unggah ka imah Awit teh, tapi matak naon dadaku kakara tas ti Garut, sakalian muguhkeun rek kumaha tuluy na jeung Awit teh.

Reg beca eureun sanggeus diparentahkeun ku Inu. Jrut Inu turun. Imah teh kacida tiiseunana. Pavilyun tempat Awit ge paroek mani meredong. Geus sarare tangtuna ge, da ieu teh geus peuting. Tapi tepas hareup mah caang keneh. Lalaunan Inu nece kana teras tepas hareup, nu ngablak lega jeung herang. Bel

dipencet, can ge tamat bel nu ngalagu teh, bray manten panto muka.

"Cep Inu?" breh beungeut indung Awit, bray panto dibuka kabeh. Inu ngajanteng. Era, era pisan. Manehna papahareup jeung indung Awit teh.

"Yap ka lebet," pokna. Inu nurut, gek diuk dina korsi nu pangdeukeutna jeung panto. Luk tungkul, nyah tanggah.

"Mulih ti mana wengi-wengi teuing ka dieu teh?"

"Nu mawi ti Garut kawengian, Tanteu... ari kaleresan rerencangan sakamar teu aya... isin- isin ge ngagedor ka dieu," pokna. Bohong, bohong gede tateh. Aing jadi pinter ngabohong, pinter ngolo... da bongan cek Si Obos lalaki teh lalanang jagat, sagala ge wenang lalaki mah.

"Puguh Tanteu teh keur mikiran nasib diri...," pokna semu rumahuh. Ret Inu kana beungeut indung Awit, katara carindul siga tas ceurik.

"Aeh, hayu urang ka lebet, lapar meureun, heg tos ti Garut."

"Sawios Tanteu, nembe neda di jongko..." pokna. Geus wadul deui wae. Kapan tadi tas dahar bareng jeung Ira, dipupuhkeun, sagala diaya-ayakeun.

"Nya atuh urang ngaleueut-leueut...", cek indung Awit bari jung nangtung leumpang ka jero dituturkeun ku Inu. Di tengah imah, indung Awit ngajakan diuk teh. Gek duanana diuk papahareup. Ari indung Awit diukna dina korsi panjang. Teu lila jung deui nangtung, nyokot cangkir tina lomari antik nu ngabagug di juru.

"Bade kopi, Cep Inu?"

"Teu kedah ngarerepot, Tanteu..." Tapi indung Awit kawas teu hayangeun deui ngadenge omongan Inu, da terus ka tukang mawa dua cangkir tea. Inu ngarauh. Rarat-reret ka luhur ka handap, cikeneh... tas dipupuhkeun ku Ira, ayeuna dilaladenan deuih ku indungna Awit.

"Senaaang... jadi jelema kasep mah Nu, loba nu bogoh kuduna mah, na ari ente kakasepan teh angur teu digunakeun," cek Si Obos. Ku pinter nyaritana Si Eta, nepi ka iman nu ipisna alah batan lawon nilon teh rangsak, ragas, uduh, malah ancur sapisan. Peuting ieu ancurna pisan teh, tadi... can lila.

"Puguh Awit teh ngalih Cep Inu," indung Awit norojol, mawa cai kopi dua cangkir. Sok diteundeun dina luhur meja. Pindah? Hatena ngareunteut ngadenge Awit pindah teh, na pindah teh pindah ka mana? Piraku geus kawin deui mah, kapan jeung manehna ge can resmi pepegatanana.

"Ngalih ka mana Tanteu?" pokna.

"Nyeta atuh Cep Inu, keur anak ngan sasiki teh hayoh embung padeukeut. Jeung... mani ngesek-ngesekkeun ka Tanteu memeh pindah teh... dileueut Cep Inu," cikopi diasongkeun. Jung nangtung deui, bray mukakeun panto lomari antik nu handap.

"Nyeri Tanteu teh... Cep Inu." Panto lomari ditutup, leungeunna ranggem keler dua laleutik. Geuwat diburu ku Inu, sok dibantuan nunda dina meja harepeunana.

"Rumasa Tanteu teh kungsi poekeun, percaya ka nu lain-lain...", luk tungkul. Kerelek tikorona neureuy ciduh. Lila Inu neuteup.

"Bareto... Awit teh kungsi udur ripuh. Ku Tanteu ditatambakeun ka mamana tapi panyakitna teh dengdeng wae. Antukna Tanteu ngadongkapan dukun lepus nu

harita tos kakoncara. Ari sanggem dukun teh umur Awit ngan dugi ka salapan welas taun. Tanteu percaya, komo sanggeus dokter nyebutkeun aya gejala-gejala kanker otak. Tapi Cep Inu..." Reg ngarandeg, nyokot heula keler diasongkeun ka Inu. Kop Inu nyokot kueh hiji.

"Tanteu bodo... Tanteu bodo..." keler diteundeun. Lek deui neureuy ciduh semu seuseut.

"Tanteu percaya... lur bae Awit dilurkeun. Cek pikiran Tanteu sina seubeuheun heula ngarasakeun ni'matna dunya... Tapi Cep Inu, sagalana nyalahan. Gejala kanker otak, cageur teu sakara-kara. Ramalan dukun nyalahan. Tanteu disiksa ku perasaan sorangan. Sabab gok tepung jeung Awit ras kana pondok umurna. Ari minggu kamari maksa hayang ngalih, hayang imah-imah sorangan, bongan cenah Mamih mah ka Awit ge teu bisa ngawarah... ngantep. Nyeri teh Cep Inu... Komo ngadangu dongeng ti Awit, cenah Cep Inu sering jubras-jebri, taya pisan ajen diri cenah. Awit teh... tong diganggayong. Cep Inu... enggal bae bade diberesan mah."

Inu teu nembalan, bray lalakon ka tukang narembongan deui. Jaman manehna masih keneh dicalana pondok, diaku, ngarereb di imah Awit. Harita aya mojang leutik dibaju bodas, dipita beureum, buntut kuda dua. Ancul-anculan buukna lamun keur lumpat. Tepung deui sanggeus pada dewasa, dina kaayan anu matak ngenes.

Peuting beuki simpe. Indung Awit angger keneh ngadongeng, tapi aneh teu kadengeun ku Inu. Nu kaciri teh ngan belegedegna hiji dedegan, imut pinuh kasedih... Awit.

Jalan Lalayu Sekar...

Ku alus ngaran jalan teh atuh, munitis. Sanajan hartina mah kacida gorengna...
urut, geus deukeut-deukeut ka buruk. Panon Inu natahan ganggang leutik anu kaliwatan ku be-
cana, heuleut sababaraha imah, ajeg patok luhur plang ngaran jalan.

Can lila Awit teh pindahna. Ka jalan Lalayu Sekar, beh dieueun lapangan terbang. Kawas anu
ngahaja ngajauhan tempatna bareto. Kawas anu hayang mopohokeun dayeuh Bandung,
lumpat ka sisi. Cenah geus meunang pagawean. Ku babari atuh meunangna pagawean. Geus
tangtu menang pitulung ti babaturan bapana. Cek indungna ulah diganggaong Awit teh. Cek
indungna Awit ge, geura beresna Awit teh, karunya asa diteungteuinganan, asa dihina ku Inu
teh. Ti indungna Awit, Inu nampa beja yen indungna teu tulus neang, tangtu nurut kana pan-
yarek manehna. Tapi cenah teu jadina tea nambahan raheut hate Awit.

Pinuh ku rumasa Awit nyingkahan Kota Bandung, kota nu pinuh sajarah keur dirina, ngadeukeutan
pasisian, najan masih di Bandung keneh. Naon atuh nu kudu dicaritakeun ka Awit. Sanggeus
nyaho kasang tukang kahirupan Awit, teu pupuguh hate Inu make hayang ngahampura kana
codeka nu geus dipigawe ku Awit bareto. Sanggeus kajadian peuting harita jeung Ira, piaraan
Ben, kakara karasa benerna caritaan indungna, yen manusa teh sok keuna ku owah gingsir.
Iman nu ipis sawaktu-waktu hese dibebenerna. kawas dirina... Tada teuing nyerina hate lamun
kalakuan nu ngan sakali-kalina teh disamarutkeun, dianggap kabiasaanana. Saperti dirina nu
tadina ngarasa suci, ngarasa beresih ngece Awit. Ayeuna sanggeus kajadian demi kajadian
kaliwatan ku dirina, kakara kaharti naon hirup teh.

"Ieu Gang Lalayu Sekar mah, Den." Sora tukang beca ngahudang lamunanana. Inu ngaren-
jag. Beca eureun, jrut manehna ge turun.

Creng mayar; bari ngaluarkeun keretas sacewir tina saku kamejana. Nomer imah Awit teh
diapalkeun, sup deui keretasna disakuan.

Gang teh tiiseun jeng beresih. Unggal imah kawas badami melak tangkal baluntas di hareup
buruanana. Inu nelele-ulele unggal imah. Dadana neyblak basa ngadenge kapal sorana ngaguruh
tarik pisan. Inu tanggah... Astaghfirullah, kapal teh mani gede jeung deukeut pisan. Kakara in-
get imah sewaan Awit teh deukeut pisan. Kakara inget imah sewaan Awit teh deukeut lapan-
gan terbang. Manehna imut, bari ngareret deui jajaran imah.

Breh wae nomer imah teh. Teuteup Inu neumbag kana popok-popok bodas nu ngarumbay
katebak angin leutik. Geus tangtu popok orok Awit keur dipoe.

"Den... aeh... Aden..." nini-nini keur milihan beas teh ngagorowok basa panonna paadu
jeung Inu.

"Oyoooh...buka panto, deuleu dunungan sumping."

Ngadenge gorowok nini-nini nu keur milihan beas teh, hate Inu ngaleketey. Asa rek balik ka
bali geusan ngajadi. Asa rek nimu katengtreman ati. Kulutrak panto hareup muka. Teu pupuguh
hate Inu sumeblak. Ratug angenna ngerepan. Hayang geura gok jeung Awit teh. Rek menta
dihampura, tina kalakuan nu geus kajadian basa tepung pameakan. Tapi... euweuh geuning
Awit mah.

"Ari Awit ka mana, Ma?"

"Ngantor Enden mah..."

Inu teu papanjangan. Lalaunan nutupkeun panto hareup. Basa bray mukakeun panto kamar, hatena teu pupuguh nyeredet. Asa kahudang kasono anu lawas leungit teh. Kasono ka diri Mila teh bet di dieu aya gantina. Lain di Hayatun, lain di Ira, lain di Anita... di dieu geuning dina pangsarean Awit. Seungit talek nyeleseke kana irungna. Nyababkeun aya rasa nyaah anu suci.. nu kakara kaalaman. Inu ngeteyep ngajugjug bok leutik anu dituruban ku kulambu sutra. Lalaunan dibukakeun. Breh aya beungeut suci. Beresih teu boga dosa. Selengseng seungitna nurihan hatena.

Geus tangtu Ina mah teu tuah teu dosa... teu hayangeun dirina ngajirim di ieu dunya. Lahirna, lantaran sareat dua jelema anu keur ngahijikeun asih birahi. Kawas dirina nu poho... jeung Ira peuting harita. Mun seug dina diri Ira aya nu jadi wawakil, tangtu bakal aya mahluk nu sanasib jeung Ina. Naon dosana manusa nu ayeuna keur ngagoler teh. Dosa temen mun diri neuteuli, ngaharamkeun hadirna di antara manehna jeung Awit... deudeuh.

Budak obah basa dicekel irungna. Roroesan rosa. Ku Inu ditoel deui lebah sisi biwirna, nyeh imut. Teu kawawa budak dirawu, diteuteup lila naker. Roroesan leungeunna teh, matak lucu, matak kayungyun.

Gusti nurunkeun rahmat, Gusti nurunkeun rahim. Tanaga nu luar biasa... diturunkeun ka orok mana wae oge, tanaga nu teu katara ku panon... tanaga pikeun narik ati, narik kadeudeuh ka singsaha wae nu bakal neuteup. Ngan dina diri manusa nu teu mibanda rasa manusa, nu moal mikanyaah orok mah.

"Ina...", cek Inu. Indung Awit nu ngadongengkeun Ina teh. Naha Awit mere ngaran teh bet deukeut pisan kana ngaranna. Naha pedah inget bae kitu ka manehna. Atawa ngarah siga anakna?

Budak diambung, kerewek irungna dicekel. Belenyeh seuri. Inu ge seuri. Budak diakeup diayun... alon. Bray panto kamar muka. Inu ngalieuk. Beungeut dua nini-nini di lawang panto bangun hookeun.

"Enden Ina... dipangkon... ku...?" cek Ma Oyoh bari ngareret ka Ma Uti. Inu imut ngagelenyu. Budak diambugn deui.

"Dipangkon ku Apa, nya Ina?" cek manehna teu asa-asa.

"Ku Apa... Oyoh... beas kad... e, ku hayam..." cek Ma Uti dareuda. Biwirna lewa-lewe, bari nyusutan cipanon.

"Mo...al, da geus... di... am... pih...keun..." Sreuk ngingsreuk.

"Aden...moal tuang ayeuna?" cek Ma Uti.

Inu gideug, budak diciuman. Nini-nini nu duaan teh angger nangtung hookeun. Duanana diteuteup ku Inu.

"Ema...daamang wae Ema teh?"

"Damang...Ema mah, ngan itu Si Oyoh nyeri panon..."

"Tepa ti Ceuk Uti abdi mah."

"Enya... dikiihan cakkak cek Aceuk oge..."

Inu imut ngagelenyu, kagagas ku kasatiaan pangasuh teh. Indungna bareto nu

jadi asuhanana teh, ayeuna anakna deuih. Kasatian, budi nu luhung teh sihareng lolobana mah aya dina diri anu lahiriahna katenjona kawas nu bodo... tapi maranehna henteu ngarasa yen manehna teh berbudi. Sedeng aing nu ngarasa suci... naon hartina ayeuna. Sanggeus kajadian demi kajadian kalakonan ku manehna. Lantaran ngarasa diri teh kasep, unggal awewe nu diajak teh pasti daek, tunggul dirurud catang dirumpak, hadena kaburu katimu naon nu bareto diteangan teh. Gaganti Mila... kaasih, kasono nu bareto ditamplokkeun ka Mlla, katingt- rima ati teh di dieu ayanna.

Sora kapal udara kadenge ngagulugur asa deukeut pisan. Inu geuwat ngeukeupan orok. Tapi orok teh angger wae bolotot, teu bangun reuwaseun. Ngok dicium, buuk hareupna ragrag, luhureun embun-embunan budak.

"Henteu reuwaseun nya, Ma?" cek Inu.

"Moal, da tos biasa," tembal Ma Oyoh.

"Budak prihatin mah biasana ge sok gede wawanen geura," cek Ma Utu.

Budak diayun, tapi angger nerejel, diteuteup beuki lila beuki deudeuh.

"Tos waktosna emam, Den, eu... bisi ngompolan," cek Ma Utu bari ranggah. Lalaunan budak

dipasrahkeun kana leungeun Ma utu. Dijembel lalaunan pipina nu montok.

"Jig emam heula, nya... ke ka Apa deui. Naon emamna teh, Ma?"

"Cau..., atanapi mari..."

"Eueuh..."

Duanana tinglaleos mangku orok. Inu diuk deui dina biwir ranjang. Teuteupna ngulincer kana sagala nu aya di kamar eta. Pinter geuning Awit eh, bisa mapantes salangsukupna paparab- otan, tepi ka katarana teh garenah jeung beresih.

Calutak meureun pibasaeunana asup ka enggon batur. Komo mun nu bogana keur teu nyampak. Tapi naha Inu teu sing ngarasa asup ka enggon batur. Asa mulang ka tempat pangreureuhan nu geus lawas teu diteang. Tingtrim jeugn tiis hatena teh.

Pannonna eunteup kana boneka. Keur maleman panganten boneka teh ngan aya hiji. Eta boneka gede nu bulucun. Ayeuna mah jadi loba lalucu naker. Ngajajar di jero lomari kaca. Pa- pakeanana warna-warni. Bareto mah nenjo Awit sok nyonyoo boneka teh kacida teu resepna, asa bubudakeun pisan. Tapi geuning ari dijarkeun dina lomari kaca mah lucu we nu aya. Teu sing kawas kaulinan budak leutik.

Handapeun lomari kaca teh aya erak dua susun. Inu katarik ku tumpukan albeum. Ngojengkang tina pangdiukanana, kop kana albeum nu pangluhurna dicokot.

Bray lambaran munggaran dibuka. Potret Awit dina ukuran gede nu napel di dinya teh. Geulis, enyaan geulis Awit teh. paingan cek Si Obos aing teh kalde. Da enya atuh, mun seug ayeu- na... papangantenan teh, kawas moal aya kajadian kieu. Harita mah estu dunya teh asa ngan dieusian ku manehna jeung Mila duaan. Kasatiaan nu suci keur hiji mojang, horeng teu bisa dijadikeun andelan pikeun ngeurad kanyaah hiji wanoja. Dunya nu leuwih kawasa mah. Nu bisa ngajirimkeun harti kanyaah. Kanyaah teu disartan ku dunya, ukur lamunan, wangwangan nu teu ngajirim. Tungtungna ukur seungseurikeuneun mojang kawas Mila...

Kadeudeuh kaasih teh lain cukup ku dicaritakeun, tapi kudu dijirimkeun, dibuktikeun. Bray deui lambaran albeum dibuka, potret Awit keur babarengan jeung babaturanana. Nyongcolang mun dibandingkeun jeung baturna nu sejen mah. Tangtu Awit ngarasa dirina geulis. Tangtu kana pada mikahayangna, pada muja, pada miharep. Munasabah lamun Awit ge ngarasa reueus. Indungna ngantep. Indungna ngantep teh lantaran nyaah, sok sieun pondok tea umurna. Albeum dibuka, ti lambar ka lambar, nepi ka lambar nu pamungkas. Albeum nu eta ditunda, kop kana albeum nu handapeunana.

Kakara bray lambaran munggaran Inu ngagelenyu imut. Potret manehna keur kawin. Rada bangkenu panganten lakina. Harita mah dunya teh asa heureut kabina-bina. Nu kacipta ambek Mila mun ngadengeeun manehna kawin. Ngan eta nu karasa teh. Harita mah can nyaho aya naon di jero kahirupan Awit teh. Can nyaho yen dunya teh pinuh ku rupa-rupa carita. Lir dikaribun halimun. Ayeuna saeutik-saeutik halimun teh peuray... peuray. Najan can sagemblengna katenjo diri Awit teh, tapi ari samar-samar mah geus awas.

Gerung... mobil ngagerung eureun kawas di buruan imah. Inu norojol. Bray hordeng kamar dibuka. Breh tetenjoan anu matak ngahurungkeun sagedur seuneuh dina dadana. Awit turun tina mobil, dituturkeun ku lalaki nu mangmawakeun babawaanana.

Keteg jantungna karasa ngerepan. Naha... aing teh make panas sagala nenjo Awit reureujeungan jeung lalaki, naha?

Tuh, seuseurian bangun nu ngeunah. Bray Mila, dina sawangan. Breh Ira... awewe, tiluanana ge awewe, ukur satia hareupeunana. Ukur satuhu sabot deukeut.

Albeum nu dicekel dibantingkeun kana tempatna. Ngalungkeunana nyabet kana tampolong antik dina deukeut suku lomari, kadenge sorana ngilu ngaguling.

Panon Inu teu ngiceup neutep nu ngobrol di buruan. Mun asup, moal asa-asa dipepeg tah bangusna lalaki nu kumawani heureuy jeung... jeung... pamajikan aing. Pamajikan aing? Na enya kitu? Sanajan lahir kakurung ku tikah, kapan batin mah encan? Tapi da hakekatna mah manehna ngaheureuyan pamajikan batur. Ari aing kapan kungsi ngaheureuyan Ira, pamajikan batur? Cek Si Obos, lalaki mah wenang... migawe nanaon oge teu weleh kaprah hukumna. Pek wae awewe, masing jeejritan maratan langit, ngagorowokkeun emansipasi.. angger bakal samar, moal kahontal. Lalaki mah lalanang jagat.

Nu bareng jeung Awit teu unggah heula, tuluy balik, mobilna ngagerung. Awit leumpang bangun lungse ngajingjing babawaanana. Euki deukeut... angen Inu ratug tutunggulan.

Ketruk sapatu Awit balap jeung keteg jajantung Inu, nu ratugna beuki ngerepan. Geus deukeut pisan beungeut nu lawas dipisoneu teh. Tapi deukeutna geus ngagedurkeun seuneu amarah dina dadana. Mun kongang mah hayang jebet jebet bae Inu nampilingan beugneut Awit. Hayang ngekesek malah.

Bray panto muka. Inu neger-neger maneh, diuk tumpang kaki bari pura-pura maca koran.

"Kang Inu?" cek Awit. Nyah Inu tanggah, ngareret sakeudeung, tuluy tungkul deui, api-api maca koran.

Enya aing, ku naon reuwas? Pedah bieu tas ulin jeung lalaki sejen? Reuwas nya, asa katoohan tas migawe rucah jeung lalaki sejen? Sabot salaki... salaki? Enya pan aing teh salaki maneh, Awit. Na ngawiwirang teuing boga salaki reureujeungan jeugn lalaki sejen. Tapi kabeh ge teu kedat. Ukur ngutruk jero batin. Nyatana ayeuna Inu angger nyekel koran. Panon luluncatan ti kenca ka katuhu, ti katuhu ka kenca. Luluncatan ti aksara ka aksara.

"Tos lami, Kang Inu?" sora Awit.

"Atos," tembal Inu pondok. Korosak sora koran dibuka. Lambaran kadua, halaman tilu nu ayeuna diimeutan teh. Dipake panglumpatan tina hate anu dulugdugdag.

Awit teu nyarita, kawas nu ngarasaeun, yen Inu keur ngemu kaambek. Sup deui ka kamar, teu lila terus ka dapur.

Kahayang mah Inu nalek, saha nu bieu reujeungan teh jeung naha make daek dianteur-anteur ku lalaki sejen? Naha Awit teu ngarasa, teu insap yen manehna teh boga salah? Atawa teu hayang ngahargaan ka salakina? Pedah kawinna kawas nu heuheureuyan?

Tapi sagala caritaan teh teu kedat. Dikemu dina jero hate. Ukur jantungna dulugdugdag beuki ngerepan.

Ku juru panonna katenjoeun Awit arek ka hareup. Katara ngais budak. Sup deui ka kamarna. Sanajan laku lampahna kawas nu rineh, Inu geus bisa ngarampa hate Awit nu sabenerna. Manehna teh teu puguh cagap.

Teu kudu lila-lila nimbang, gerentes hate Inu. Ayeuna ge geus katara kumaha kalakuan Awit nu saenyana. Lain, lain piindungeun nu hade keur anak-anakna jaga, kieu galagatna mah.

Najan kitu, kudu ari ditanya mah. Kapan cek indungna ge manusa teh sok keuna ku owah gingsir.

Bisa jadi, bisa jadi Awit teh keur keuna ku owah gingsir. Tapi kapan kuduna mah ayeuna teh geus babalik pikir. Ari nyatana? Nu kitu nu babalik pikir teh? Daek babarengan, daek dianteur ku lalaki sejen? Dina mobil pagegeye duaan?

"Kang Inu... ti mana wae, sih?" sora Awit.

Inu tanggah. Geus ganti baju Awit teh ku daster nylon pulas bulao ngora. Teuteupna anteb. Hate Inu ge neyredet. Ujug-ujug aya rasa timburu. Lebar temen awak sakitu sampulurna beunang ku batur. Teu rido mun digadabah deungeun.

"Hemhh..," cek Inu.

Biwirna asa dirapet, hese rek ngucapkeun kalimah teh. Sanajan dina hatena geus pagelek-gelek, hayang geura mudal. Noroweco, sagala dicaritakeun.

"Kang Nu," teu kebat.

"Naon...?" cek Inu. Koran dikahandapkeun. Panonna neutep anteb. Luk nu diteuteup tungkul.

Rumasa Enden teh? Rek ngaku geus migawe pagawean nirca jeung lalaki nu tadi dina mobil? Kawas... kawas, aing jeung Ira? Tapi aing mah lalaki, lalanang jagat. Ngalakukeun naon wae oge, dunya moal weleh seuri. Da wenang. Awewe mah, hina. Sarua jeung mopokan geugeuleuh kana beungeut salaki.

"Tos emam?" cek Awit.

Cua, rujit. Boro diri geus deukeut mideudeuh. Kari-kari nu dipideudeuh kawas rek ngeugeuleuh. Naon hartina pangorbanan nu bareto dibikeun ka Awit, mun kaya kieu panarimaanana. Nu cek indungna manusa keuna ku owah gingsir teh, teu keuna keur diri Awit mah. Awit mah leuwih keuna mun disebut adat kakurung ku iga. Geus bakatna bangor. Geus bakatna. Teu kudu dibalibirkeun, awewe kawas Awit mah. Teuas... leuwih hade ditogmolkeun bae.

"Bieu teh saha?" cek Inu nanyana rada nyeuneu.

"Rerancangan! Awit ge nembalan nyengor.

"Rerancangan sakantor?"

"Muhun, naha kitu?"

"Bageur..., " Imut semu ngece.

Inu nyarande. Koran diteundeun. Awit diteuteup. Saumur kawin kakara ayeuna rek cacarita daria paduduan.

"Naon maksud Kang Inu?" Awit males neutep, tapi baeud semu ambek.

"Sugan. Awit bisa neguh naon maksud Kang Inu?"

"Naon make kedah diteguh," Awit ketus. Jung nangtung.

"Teu boga perasaan nanaon dianteurkeun kana mobil?"

Awit neutep. Rek leumpang ngarandeg. Jen ngajengjen. Leungeun kencana nyekel panyarandean korsi.

"Kang Inu teu perlu nyisikudi, da urang mah kapan papangantenan," ceuk Awit. Beledag mun enggeus mah aya gelap nyasar tengah poe, kitu reuwasna meureun. Cara Inu ngadenge kekecapan Awit.

"Jadi Awit teu ngahargaan kana pangorbanan Kang Inu nu atos-atos?" "Pangorbanan

naon? Saukur calik ngarendeng? Saukur disebut caroge Awit? Kapan buktosna waktos Ina lahir. Kang Inu teu hoyong nungkulan. Malah angkat ampleng-amplengan..." Awit ngarandeg. Leumpang salengkah. Jen deui ngajanteng. Panonna neutep anteb ka Inu.

"Tatangga anu tadina dijagi ku Mamih, buktosna kalah beuki nyeungseurikeun.

Beuki ngahina. Pada nyanggemkeun pantes. Pantes Inu bade teu aya ge, da teu rumaos jan-
ten bapa Ina. Pangorbanan Kang Inu? Palih mana pangorbanan Kang Inu teh?"

"Awit teu ngarasa kahutangan budi?"

"Teu aya hutang budi antawis urang. Kapan Kang Inu ka Awit teh margi males budi Mamih
sareng Papap. Naha make kedah aya hutang deui antawis urang duaan?"

Bener, bener caritaan Awit teh kabeh ge, karasa ku Inu. Sagala caritaan manehna bareto,
ayeuna dibalik-balikkeun deui ku Awit. Teu bisa kukumaha. Tapi lalaki... lalaki tea cek Obos
oge cadu kudu eleh ku awewe.

"Samaruk Awit, Kang Inu teu emut kana kalahiran Ina?" Sakitu Inu nanya. Hayang ngolongan
kaayaan hatena. Kareret ku juru panonna Awit curinghak. Atoh, geus tangtu atoh ku
dikitukeun age. Awewe, awewe... angger atuh, rasa, nu ngungkulan maranehna mah. Tinggal
ngamumule rasana, awewe nu kumaha oge moal burung eleh.

"Hmh...Kang Inu teu kedah nyarios kitu, Awit ge terang. Kang Inu teu rido, Kang Inu alim
nikah sareng Awit. Kang Inu ijjid ke Awit..."

"Terus?"

"Beresan ayeuna keneh ge, beresan Awit...beresan Awit...beresan!"

Cipanon ngembeng. Kerelek, tikorona neureuy ciduh. Belecet lumpat, asup ka kamarna. Inu
ngarandeg. Tapi teu kungsi lila sukuna ngalengkah. Sup nuturkeun asup ka kamar Awit. Awit
nangkuban dina pangsareanana. Segruk ceurik.

"Teu perlu nangis. Kang Inu terang saha nu bieu sareng jeung Awit. Awit geus aya titingalan.
Kang Inu teu owel. Da ti kapungkur oge taya patula-patalina urang teh. Mangga bae hoyong
diberesan mah. Ngan ayeuna mah Kang Inu teu acan gajiha."

Awit nyegruk ceurik. Cipanon teh tanaga awewe. Panglumpatan awewe. Suka jeung duka teh
lahir ku cipanon. Poma ulah eleh, ulah eleh. Perlu pisan aing teh nembongkeun kakawasaan
lalaki ayeuna detik ieu keneh.

"Lalakon Awit ka tukang, ku Kang Inu geus dihampura. Saterusna Kang Inu nguji. Kang Inu
yakin Awit keur keuna ku apes, nepi ka kajadian kieu teh. Matak Kang Inu ngahaja ninggal-
ninggalkeun, hoyong nguji... Tapi kanyataanana, Awit teh bangor."

Cek Si Obos lalaki teh pinter ngakal, jago ngekol. Enyaan Bos, karasa.

"Kang Inu... Kang Inu... Awit teu rumasa. Awit teu rumasa..." Jung cengkat. Bukna ngarumbay,
kusut. Panonna carindul Cipanonna ngeclak ngaliwatan pipi nu lemes koneng.

"Hmh...", cek Inu, anteb neutep. Nu diteuteup tungkul. Buukna nuruban beungeutna, buni.
Ngahelas Inu teh nenjo kaayaan Awit. Hayang ngeukeup, hayang ngagalentor. Tapi ari ras ka
nu tadi seuseurian. Ari ras ka bapana Ina, rey kageuleuh kaceuceub teh ngadeukeutan deui.

"Eta... mah perencanaan..."

"Direktur?"

Awit gideug. Buukna nu ngariyom ka hareup obah kaendagkeun.

"Kriingng..." beker leutik luhur bupet ngirining. Awit cengkat. Kop beker dicokot terus diputerkeun. Disada kekerekekan.

"Ketah eta mah teu langkung Awit, bade ngalakukeun nanaon oge. Urang mah ukur papangantenan, nes?.. Ngan Kang Inu..."

Breh beungeut Obos nembongan. Urang kudu bisa ngalap hate awewe. Lantaran awewe mah hirup teh ku rasana. Mun rasana ku urang karampa, moal henteu kagendam saumur-umur ge. Tariking takdir, lalaki mah pinter nyarita, beunghar ku ekol. Piara rasana, teangan karesepna, kadeudeuhna... moal nyoledat.

Kadeudeuh Awit mah tangtu Ina. Singsaha nu bisa mikadeudeuh Ina, tangtu bakal narik rasa deudeuh Awit, tangtu. Inu ngadeukeutan bok Ina.

"Ngan mihape Ina. Akang ge milu nyaah. Mun bareto keur aya dina kandungan Awit, Kang Inu ukur bisa ngananaha. Leuwih jauhna teu mikanyaah. Ayeuna sanggeus ningali dirina, Kang Inu sayaga taruhan nyawa keur ngabelaan Ina."

Nu nyegruk kadenge deui. Tapi basa neutep beungeut dina bok teh, les musna sagala pangarahan nu tadi ngawasa hatena. Nu aya ngan rasa deudeuh nu murni. Enyaan milu mideudeuh. Lebar temen mun jaga boga bapa tere nu teu bisa nungtun, teu bisa ngadidik manehna kana jalan bener.

Direret Awit keur diuk deui dina tempat sarena. Ngalahun bantal sarta sirahna nyarande kana bantal, buukna nurub ka hareup Kadenge segrukna bangun dipeg. Nenjo kaayaan Awit kitu, timbul sangkaan goreng dina diri Inu. Naha enya kitu Awit teh geus boga deui tetenjoan.

"Kang Inu... Awit kedah hirup. Awit kapaksa didamel..."

"Naha di Mamih Awit geus teu kaparaban?" cek Inu sugal. Bray mobil nu tadi ngabagug nembongan deui. Serengeh jelema nu kumisan, jeung Awit turun tina mobil.

"Awt isin... Awit isin. Tatangga tos pada terang. Kang Inu teu mulih-mulih. Tatangga nyalindiran. Awit teu kiat... Kang Inu. Awit teu kiat. Ari Mamih mani siga teu ngaraoskeun pisan ka Awit teh. Meh unggal dinten angkat. Manga wae Kang Inu bade bendu bade nanaon oge. Awit yakin, Awit aya dina jalan bener." Tatag ayeuna mah nyaritana teh. Jung nangtung. Buukna dikatukangkeun ku ramo-ramo lengueunna. Teup teuteupna eunteup. Seredet hate Inu nyeredet. Geulis, Awit teh geulis, najan keur ceurik. Nyaaah lamun digadabah deungeun.

"Mangga wae bilih Kang Inu isin mah nikah sareng istri sapertos Awit. Ngan Awit nyuhunkeun kasaeaan manah Kang Inu. Di mana jaga Ina kawin keresa ngangkeun bapana budak..." teu kebat.

"Hmh... jadi Awit teh enyaan teu ngahargaan jasa Kang Inu?"

"Naon maksud Kang Inu teh?"

"Awit leuwih ngahargaan nu tadi nganteurkeun, ti batan ka Kang Inu?"

Kuduna mah Awit ngarti, kudna Awit ngarti ka mana loyogna kecap manehna teh. Inu ngajengket. Leumpang ngagedig teu ngalieuk deui. epi ka buruan, Inu yakin Awit bakal ngudag, bari ngagorowokkeun ngaranna.

"Kang Inu, antosan... Kang Inu," tangtu, tangtu. Leumpangna rada dialonkeun, ngahaja ngadagoan Awit nyalukan. Tapi basa Inu geus tepi ka panto buruan hareup, Awit lebung teu ngudag. Lalaunan Inu ngalieuk, panto teh nutup geuning.

Eleh... eleh kua Aw teh, aing eleh cek hatena. Lalaunan panto ditutup. Hatena kumejot hayang balik deui, hayang nalek enya-nya. Ka saha atuh Awit mikanyaah teh.

Naha atuh ari bareto bangun nyaah naker, bangun cinta naker ka iang teh. Pangarahan sabot butuh kitu? Pangarahan... awewe pangarahan.

Ira ge pangarahan, butuh sabot salakina euweuh. Awit pangarahan sabot butuh ku nu nang-tayungan, Mila ge pangarahan... kabeh ge awewe mah pangarahan. Cinta suci, kasatiaan... wadul, ngan aya dina dongeng, ngan aya dina sesebutan bujangga.

Leumpang Inu lungse, bari ngodok saku. Teuteupna sakapeung tanggah Inu lungse, bari ngodok saku. Teuteupna sakapeung tanggah ka langit. Breh mobil bulao, jrut Awit turun, hatena ngagolak deui. Gusti abdi sadar, ti wangkid ieu abdi mimiti micinta Awit... pun bojo. Salengkah, salengkah. Mega ge angger ngagandeuang, alon bangun maturan.

XIII

Keretas rubak ditarik deui tina mesin tik. Kerewes diwewejet. Dikeupeul pageuh. Lung kana wadah runtah. Kop deui kana keretas nu anyar. Sup dikana mesin tik deui. Teu kaur barang gawena teh, ras inget ka anakna nu keur gering.

Tetenjoan Awit teu pararuguh, lieur da sapeupeuting kurang sare. Ina hareeng, teu daekeun sare. Teuing naon mimitina mah ujug-ujug hareeng wae. Beuki peuting beuki nyongkab panasna.

Kudu dibawa ka dokter Ina teh. Ari ka dokter teh kapan kudu ku duit. Ngenta ka Mamih? Ras kana kajadian basa manehna rek indit, niat pindah imah. Kapan sakitu sugalna manehna nyalahkeun indungna. Kapan sakitu raheutna hate indungna teh. Piraku ayeuna solongkrong nginjeum duit? Mun enya ge indungna ngahampura meureun remen neang ka imahna. Kapan ayeuna mah ti saprak pindah kakara sakali neang. Kitu ge sabot manehna keur euweuh! Kudu ka Papap? Lain ge dagoaneun menta duit ka jelema nu jauh mah.

Peurih, peurih pisan hatena. Kuduna mah pakumaha teh jeung bapana budak, menta panyalindungan ka salaki. Tangtu salaki nu bakal neangan duit keur mayar ka dokter. Nu bakal munggu ti imahna ka dokter. Kuduna mah kitu. Kapan ieu mah, biheung di mana bapa Ina teh, biheung di mana?

Kahormatan wanita teh mutiara nu taya hinggana. Nu kudu dipusti-pusti. Ana geus kagad-abah, leungit sagala kahormatan diri. Kawas nu karasa ku Awit ayeuna. Kapengkuhan wanita teh jalan pikeun naratas sawarga dunya. Teu kapanggih dina kahirupan Awit. Nu aya ukur panghina. Kawas Inu basa datang minggu tukang nyangkana dirina teh awewe bangor. Lacak ka tukang jadi conto keur dirina ayeuna. Geus disamarutkeun, geus taya pangampura. Hese pisan mulangkeun kahormatan diri teh. Hese pisan rek mulangkeun kapercayaan jelema teh. Ana geus sakali ancrub kana geugeuleuh, kabeh jalma ngahukum, hese rek meresihan deui diri teh.

Najan nyumput ka tempat anu sakumaha bunina, teu weleh nembongan, teu weleh katohyan. Hiji mangsa lalakon ka tukang nu pinuh geugeuleuh teh ngaririwaan, ngabakutet diri, jadi bangbaluh nu beurat.

Anging Gusti nu Maha Welas nu teu weleh ngahapunteun ka umatNa, cek Ma Oyoh. Anging Gusti nu teu nyamarutkeun kalakuan jelema dina keur gorengna. Asal urang tobat, seja nyucikeun diri, moal deui-deui ngalakukeun pagawean anu teu dipirido Mantenna. Tapi naha Kang Inu bakal ngahampura? Bakal ngamalum, moal nyamarutkeun? Tapi naon maksudna kalakuanana minggu tukang teh, kawas nu kacida ambekna.

Teu ngahargaan Awit teh ka Akang? Sacara teu langsung, Kang Inu teh hayang dianggap salaki. Gusti Maha Welas Maha Asih. Paingan cenah jodo jeung pati rusiah Gusti. Jalanna mah ruparupa. Enya kitu Inu teh jodona, nu make jalan sasalimpetan, luka-liku, teu pikahartieun?

Nyaah cenah ka Ina, Kang Inu teh. Taya kabungah nu ngaleuwihan kabungah mun nu jadi buah hate dipikanyaah nu lian. Komo ku Inu, anu sasatna dipiharep pikeun jadi bapa Ina, jaga. Ngarah euweuh sesebutan Ina budak teu bapaan.

Gusti... tangtayungan buah hate abdi. Ulah aya nu ngahina, ulah ngalaman hirup kawas abdi. Ulah ngarandapan kanyeri kapeurih kawas abdi ayeuna. Awit nyuuh kana mesin tik. Teu kahajaeun tuts mesin tik kateken ku leungeunna.

"Ku naon teu damang?" sora nu nanya. Awit cengkat reuwaseun.

"Emh... oh, euh... heemh... muhun," cek Awit. Geuwat menerkeun tuts mesin tik nu pajurawet hurupna lantaran kaheumpikan leungeunna.

"Wengi kirang mondok, pun anak udur."

"Euleuh, enggal candak ka dokter atuh. Euceu mah ari budak hareeng teh sok enggal dibantun ka dokter. Singsieuneun, kapungkur dugi ka henteuna."

Asa diingetan. Breh dina sawanganana Ina peuting tadi ceurik jejengkengan. Ma Oyoh jeung Ma Uti geus taakeun. Geus dibaluran ku minyak kayu putih, geus dipupuk suhun, ku bawang beureum, minyak jeung daun ingu. Tapi angger dengdeng, panasna teu rerep-rerep. Poe ieu maksakeun ka kantor. Kudu, teu meunang henteu ngeupeul duit keur mawa Ina ka dokter.

Ka Mamih? Duh, era... rumasa geus ngaraheutan hatena. Rumasa geus ngarasa teu butuh ku indung teh. Ambek ka Inu, murang-maring ka indung. Padahal diri ge teu luput tina kasalahan. Sagala ngababarikeun. Teu nyangka yen dunya teh pinuh ku rurubed, pajurawet ruwet.

Ayeuna geus kieu kakara karasa kadeudeuh nu moal beunang ditukeuran ku naon wae oge. Naha Mamih bakal ngahampura kitu ka dirina?

"Wit, mulih we atuh ari putra teu damang mah," cek Nawang alon.

Bebeja wae kitu, yen rek nginjeum duit? Kabeneran Nawang teh juru bayar di kantorna. Tapi asa-asa pisan rek nyarita teh.

Tapi kapan Ina kudu cageur. Naon perluna ngukut kaera ari anak teu kaubaran mah. Teu tega mun kudu nungguan Ina ceurik gegereleungan sapeuting deui.

"Ceuh Nawang, emh... tiasa nambut artos?" cek Awit Rey beungeutna beureum. Kakara saumur hirupna ngalaman susah ku duit. Tapi kapan manehna teh hayang nembongkeun tanggung jawab ka anak, cenah hareupeun indungna. Kapan hayang nyontoan ka indungna yen ngatik budak teh kudu kawas Awit ka Ina jaga. Kapan geus nyela ka indungna nu teu bisa ngaping budak, nepi ka dirina tigubrag. Maenya rek eleh kakara ku teu boga duit keur ka dokter oge.

"Mangga nanging kedah sasaaauran heula ka bapa, damel bonna, tos aya tekenan tianjeun-na, nembe Ceuceu tiasa masihkeun artosna..."

"Moal isin?" cek Awit, tapi barijeung nangtung. Naon hartina kaera, mun kudu nyaksian Ina jengkengan sapeuting deui.

"Moal..., " cek Nawang.

Jung nangtung. Terus leumpang muru kamar direktur. Lebah lawang Awit ngajanteng. Kudu kumaha nyaritana. Kieu kitu? Pa, abdi bade nambut artos dua rebu, ah moal mahi, opat rebu, ih kapalang, teu pantes. Lima rebu, enya lima rebu we, ngarah sakalian jeung keur meuli susu budak, jeung keur balanja. Ih ku arera make nginjeum duit sagala. Tapi kapan hayang jadi indung nu hade, nu tanggung jawab sagemblengna, kana hirup-huripna budak. Taya hal anu kudu jadi hahalang enggoning ngabela anak. Indung nu hade teh nu bisa nyieuhkeun kahayangna, karesepna, nganomerhijikeun kaperluan anak, kahayang anak.

Ina teterjelan tadi peuting. Deudeuh, mun teu geuwat ka dokter.

Bus asup kalawan teteg hatena. Direktur tanggah ngadenge panto ngareket. Keteg

jantungna ngerepan basa geus papahareup jeung direktur teh.

Komo basa direkturna neuteup lila naker, semu heran.

"Aya naon, Wit?" pokna ancad laer.

"Emh... eta, Pa...," Awit aga-eugeu.

"Calik atuh," cek Hermana bari nunjuk kana korsi.

Awit diuk lalaunan. Sirahna tungkul. Breh kalangkang beungeutna dina kaca luhur meja Hermana. Najan teu atra, katenjo kusut. Tangtu kana kusutna teh. Basa indit ge teu mandi-mandi acan, kabeurangan. Ukur nyisiran we, diwedak saulas bari purat-perot.

"Abdi... budak udur," pokna. Hermana seuri semu disumputkeun.

"Bade mulih ayeuna?" pokna.

"Muhun, sareng bade... euh, nambut artos."

"Kasawat naon putra teh?"

"Duka, da sawewengi ngadat..." Plong hatena ngemplong. Geus luncat kecap nu matak beurat ngaluarkeunana teh.

"Mangga... urang sareng wae, da Bapa ge bade wangsul. Dijajapkeun ku Bapa. Eh... sabaraha nambutna?"

"Lima rebu manawi..."

"Oooh... aya ti Bapa ge atuh sakitu mah."

"Wios... bade kana beca we."

"Ih hayu we sareng... teu nanaon, da nu sanes ge sering ngiring. Sareng tasna dina mobil deuih... Mangga..."

Hatena bungah, asa bucat sagala kaheneg nu tadi teh. Hartina engke sore Ina bisa dibawa ka dokter. Moal ngadat deui. Deudeuh Ina, geuning aya milik, geulis. Ni'mat geuning bisa meunang duit injeuman teh. Turug-turug ancoan keur ngubaran anak, keur meuli susu anak. Bungah, moal manggih kabungah kawas kitu, moal, moal.

"Mangga...", cek Hermana, bari leumpang dituturkeun ku Awit. Hatena degdegan. Bageur pisan Pa Hermana teh. Kituna teh ka sarerea cenah. Tara aya karyawan nu ngangluh, da sagala kabutuhna sok meunang wae bantuan ti Pa Hermana mah.

Panto mobil meundeut halimpu, henteu ngajeblag kawas panto mobil landlover, paranti antar jemput karyawan.

"Di jalan Lalayu Sekar, nya bumi teh?"

"Sumuhun...", tembal Awit.

Angin beurang nyulusup kana liang jandela mobil nu muka satengahna. Tiis ngadalingding. Poho tadi peuting meh teu sare. Leungit rasa tunduh nu tadi heuay merelek teh. Kagumbira, bakal narima duit injeuman. Teu kudu era-era nginjeum ka Mamih. Bisa aing ge jadi indung nu hade, bisa. Kang Inu tingalikeun Awit ge tiasa janten indung nu hade. Awit sanes istri bangor sapertos nu dicarioskeun ku

Kang Inu. Awit alim majar raraoseun pedah Mamih sareng Papap beunghar. Awit ge tiasa ba-juang, keur hirup Awit keur hirup Ina. Hate Awit noroweco baceo, kawas nu hayang mapakan sora patali marga sapanjang jalan.

Kareret ku juru panonna Pa Hermana, direktur nu lungguh teh anteng neutep jalan sorangeun. Teu sing galideur. Awit cameot dina korsi gigireunana.

Mobil eureun hareupeun buruan imahna. Hermana imut bari ngusiwel nyokot duit tina tasna. Sok dibikeun ka Awit.

"Hatur nuhun, Pa," cek Awit.

"Mugi sing enggal damang... baktos ka raka."

"Mangga...," cek Awit.

Geuleuyeungna mobil dituturkeun ku paneuteupna. Karasa pisan kahadean budi manusa teh dina kaayaan keur saperti manehna ayeuna. Duit diteuteup dina keupeulanana. Kawas aya nu ngadorong, beretek lumpat asup ka imahna.

"Ina... Ina...," gorowokna.

Tapi mukakeun panto, angenna asa eureun ketegna sajongjongan, Inu ngajanteng di lawang bari sidakep. Geus tangtu nenjoeun Kang Inu teh, gerentes hate Awit. Geus tangtu nenjoeun basa bieu dibere duit ku Pa Hermana. Tapi teu kedal. Geura pok atuh Kang Inu nyeuseul, ayeuna mah rek bela diri. Awit rek balaka, ngan Kang Inu panutan ati Awit mah, ngan Kang Inu...

Inu angger ngajanteng, neutep mani anteb. Panonna kawas nu ngananaha kawas minggu tukang.

Awit lumpat ka kamarna. Breh ranjang orok. Basa disampeurkeun ranjang orok teh kosong Seblak hatena nyebak.

Ret ka lawang kamar, Inu geus ngajanteng di dinya. Angger sidakep kawas tadi, angger neutep anteb kawas tadi. Ngananaha, naha Awit reureunjeungan jeung lalaki sejen. Pok atuh Kang Inu geura nyeuseul pok atuuuh, jerit atina.

"Hmh... alus." Ngan sakitu nu kedal tina biwir Inu. Leos ka luar. Awit lumpat muru dapur. Breh pangasuhna keur ngajarentul. Seblak hatena nyebak. Palangsiang... palangsiang...

"Ema... ka mana Ina?" Pangasuhna dicekel taktakna digeubig-geubig.

"Dicandak ka rumah sakit...," cek Ma Oyoh, segruk ceurik.

"Hah... ku saha, ku naon, ku saha...?" Taktak Ma Oyoh beuki rosa digeubig-geubig. "Ku Den

Inu... meh. Nden... ieu Emaaa...," gaur ceurik.

Awit nangtung, berebet lumpat ka hareup. Ret kana panto ka luar nu molongo. Hordengna oyag-oyagan katebak angin. Awit lumpat muru lawang. Katenjo Inu kakara clak kana beca.

"Kang Inu... antosan Awit!" Tapi beca Inu terus ngageuleuyeung. Naha atuh abdi teh ninggang di naas wae. Ari Ina... naha make dibawa ka rumah sakit. Ripuh... tangtu ripuh. Tapi... berebet ka jero kamar.

Alus cek Kang Inu bieu. Naon nu alus teh Kang Inu? Da eta mah sanes sasaha,

direktur bageur, sanes sasaha...

"Teu rumasa...," gero wae ngagorowok. Geus teu kaampeuh nahan galurana rasa. Ku hayang ngararajet hate, ku hayang nyasaak dada. Ngarah nu nyeri milu ajur, tutumpuran.

"Enden...," karasa awakna digeubig-geubig ku Ma Oyoh.

"Istigfar geulis..."

"Inaaa...," gerona. Palangsiang Ina teh... ulah, Gusti, cabut wae nyawa abdi sareng dipundut kakasih mah. Asa moal kuat hirup teu jeung Ina di ieu dunya. Kang Inu... Awit mah teu bangor Awit mah ngan nayaah ka Kang Inu wungkul..."

"Enden...istigfar geulis..."

Teungteuingeun. Gusti teungteuingeun. Kutan kieu hukumna jalmi au ngarempak larangan Anjeun. Bet ngolebat beungeut duajelema nu ti leutik miasih. Dina keur kaayaan tunggara, indung jeung bapana nu narembongan ka Awit teh. Breh teuteupna kana duit rebuan lima lambar siraheunana .

Keur Ina, keur mawa Ina ka dokter. Kapan hayang jadi indung nu hade. Teu gampang hayang jadi indung nu hade teh. Pangorbanan nu menta sagala rupa.

"Ema... di rumah sakit mana Ina teh?"

"Di rumah sakit "Pinuh Asih" Enden..."

"Geuwat Ema urang ka itu..."

Langit caang lengang. Hate Awit poek meredong. Asa teu kaciptaeun bakal aya sinar nu nyaangan geusan naratas jalan kahirupanana, teuing naon anu bakal karandapan, naon atuh. Gustiii naon atuh...? Gerentesna balon.

XIV

Kuntung roko dikekesek kana asbak. Jung Inu nangtung panonna neutep kana cai mancur dina balong leutik, di tengah-tengah bunderan, hareupeun zal anak-anak.

Kerecek, kerecek, cai muncrat kana balong nu anteng. Sakapeung caina ririakan lamun aya lauk nu siliudag.

Hatena teu beunang dibangbalerkeun. Melang ka Ina nu ayeuna keur digulanggaper ku dokter. Melang nu wening, kanyaah nu beresih suci, lain pangarahan. Henteu hayang pamuji ti Awit. Henteu ngarepkeun pamulang tamba.

Kacipta keneh basa jejengkengan dina keukeupanana. Ngahaja datang, hayang panggih jeung Ina teh. Kasampak keur pada ngagugulung ku pangasuh nu duaan. Geuwat ku Inu dibawa ka rumah sakit. Basa balik deui rek mawa salin Ina, panggih jeung Awit. Turun tina mobil, geus sejen deui nu nganteurkeun. Tetela awewe bangor. Cua, matak cua. Tapi hatena ngaku ka dirina sorangan, yen unggal menit ngaran Awit teu weleh kabawa, geus matuh dina hatena. Ngarasa panas nenjo Awit reureujeungan jeung lalaki nu ganti-ganti teh. Lain tandingna atuh lamun kudu lalawaneun ka lalaki-lalaki nu bisa mawa Awit kana mobil mah, lain... lain lawaneun. Ari Awit tea, anak nu beunghar, geus tangtu moal beunang dibawa hirup sangsara. Geus tuman senang moal bisaen kalah kumaha oge dibawa hirup basajan. Dunya Awit, lain dunya manehna.

Tapi di sagigireun rasa rumasa teh, jauh dina jero hatena aya harepan muga-muga sangkaan goreng ka Awit teh sing salah. Manehna ngarepkeun dipideudeuh ku Awit. Inu ngarepkeun bisa ngahiji jeung Awit.

Geus dua poe Ina dirawat di rumah sakit. Penyakitna geus kapanggih. Ayeuna ge keur digarugulung ku dokter.

Sora getruk sapatu, ngagareuwahkeun lamunan Inu, ret ngalieuk. Hatena ngageter deui. Dulugdugdag jantungna ngerepan. Awit nu datang teh jeung indungna.

"Cep Inu tuang heula," cek indung Awit.

"Sawios Tanteu," tembal Inu. Ku juru panonna kareret beungeut Awit nguyung. Sirahna buni, dibulen ku cindung juru tilu.

"Awit mana tuangeun keur Kang Inu teh?"

"Dina rantang hejo," cek Awit.

Nyel hate Inu seueul nenjo rengkak Awit nu bangun hare-hare. Jeun teuing, teu hayang dahar aing mah, teu. Teu perlu ngaulaan, da lain salaki maneh, hatena ngutruk.

"Sawios Tanteu, tos sesek," pokna ngabohong. Padahal enyaan beuteungna teh lapar pisan. Gampang sakeudeung deui ge bisa dahar di pagawean.

Awit diuk dina korsi peuntaseunana. Kareret nguyung pisan Awit teh. Mun enya lalaki nu nganteurkeun teh kabogohna, tada teuing nalangsaeunana Awit. Asa dosa meureun nu matak nguyung ge. Tuh geuning cipanonna ngeclak. Lalaunan disusut ku tungtung cindungna. Munasabah mun Awit ngarasa nyeri hate ge. Sedeng manehna, naha make kudu ngarasa sedih. Kapan manehna mah taya patula-patalina jeung Ina teh. Kahayang mah tong diberean nyaah sagala. Kahayang mah angger ijd ka Awit teh kawas bareto keur munggaran diuk

ngarendeng jadi panganten wawadulan.

Sore kacida lenglangna, langit beresih, ti isuk can cur hujan. Nu biasana ngecrek teh poe ieu mah cangra pisan. Inu naleukeuman tembok sapotong, bari neutep deui muncratna cai dina balong leutik.

Burudul jelema merul daratang. Tangtu geus waktuna besuk. Inu ngareret deui ka Awit. Teup teuteupna patepung, Inu geuwat ngabalieur sanajan hatena jadi ngaguruh.

"Wit... ieu aya Ibu Hermana!" indung Awit nyaritana rada tarik.

"Cep Inu, ieu Pa Direktur" pokna.

Ka manehna tangtuna ge. Inu geuwat nyampeurkeun. Solongkrong nu anyar datang ngajak sasalaman. Breh katenjo beungeutna. Enya nu diuk dina mobil basa nganteurkeun Awit nu pamungkas. Katara dina potongan buukna.

"Ieu mantu..., ieu teh rerancangan sakelas Papap kapungkur, Cep Inu," cek indungna bari nepak tonggong Inu. Solongkrong deui munjungan ka garwana.

Rerancangan sakelas Papap? Atuh babaturan sakelas bapana Awit mah, hartina saumur jeung bapan Awit. Ditilik tina ulatna, euweuh sari-sari cunihin Pa Direktur teh, jeung piraku sugan... nepi ka bogoh ka anak babaturan. Rada teu pantes, teu merenah mun aing timburu ka manehna teh.

"Kasawat naon putu teh?" cek Ibu Hermana.

"Numawi..." Ibu Direktur ditungtun ku indungna Awit. Gek dariuk dina bangku panjang gigireun Awit. Ngobrol lalaunan, tiluan. Inu angger ngajanteng dina tempatna. Ret ka Awit. Nu diteuteup keur neutep. Sorot panon Awit bangun hayang ngajentrekeun, yen nu ditimburukeun ku manehna teh, lain jelema nu sapantesna dipake timburuan.

Awit terus tungkul deui. Tali cindungna dilaan, tapi terus ditalikeun deui.

Teu kungsi lila burudul sababaraha urang nu rek besuk. Saurang-saurang ngasongkeun leungeun ngajak sasalaman. Teuteup Inu nanceb kana beungeut hiji lalaki. Enya, tetela eta nu nganteurkeun Awit basa ti heula teh. Nu seuseurian basa rek turun, tetela eta.

"Mang Amat, mana Bibi teu ngiring?" cek Awit, kawas ngahaja ditarikkeun, hayang kadengeeun ku Inu. Kaharti ku Inu ge meureun maksud Awit kieu. Hoyah Kang Inu, tah nu disangka kabogoh Awit teh, supir... jeung gaduheun bojo. Tina rengkuhna kaciri, pantesna teh supir. Tapi Inu henteu nanaon, ukur imut.

"Rarepot Neng, Bibi mah, ngurus barudak di rorompok," cek Mang Amat.

Nu ngobrol saheng, sanajan meureun rarasaan manehna mah ngobrol teh lalaunan, tapi da lantaran lobaan, teu burung kadenge gandeng.

"Kumaha cenah ayeuna, Wit?" cek nu dibaju koneng.

"Tos rada sakinten."

"Diantosan atuh nya, unggal wengi?"

"Muhun abdi we sareng pun biang sareng... sareng... pun lanceuk," tembal Awit.

Inu ngareret ka Awit. Awit ge ngareret, nyeh imut. Inu males ku imut deui. Suga karasaeun ku Awit, imut nu bieu teh ngandung harti, yen manehna teh taya halangan disebut "pun lanceuk" ku Awit.

Bel kadenge ngahiung ka sakuliah rumah sakit, tangara yen geus waktuna kudu ninggalkeun pasen nu keur nandangan kasakit.

"Hayu atuh, Wit sing enggal damang," cek Ibu Direktur. Solongkrong sasalaman ka Awit, terus ka Inu.

"Sing enggal damang, we," cek Direktur jeung pamajikanana meh bareng.

Inu imut nganuhunkeun, saurang-saurang nu ngalayad teh ninggalkeun maranehna. Tinggal tiluan deui.

"Awit, uih we atuh, keun Mamih nu tunggu Ina mah."

"Alim...," cek Awit.

"Ari Cep Inu bade dines?"

"Bade," tembal Inu.

"Dugi ka tabuh sabaraha didamel teh?"

"Dugi ka tabuh salapan."

"Engke...engke...," teu kebat.

Inu ngarti ka mana loyogna nu nyarita teu kebat teh. Diteuteup duanana awewe nu keur nangtung teh. Awit tungkul, bari nyoo kuku-kudu ramona.

"Rupina upami kabujeng, kantenan abdi bade ka dieu deui," cek Inu.

"Sawios, Mih... mangga bae Mamih mah mulih. Wios nu tunggu di dieu mah Awit we... da Awit indungna."

Indungna neutep ka Awit. Ret ka Inu, Inu tungkul. Geus tangtu Awit teh nyungkun. Jelengeng Awit basa patepung pamungkas, nanceb dina atina.

Kang Inu teh tos pangorbanan naon? Teu aya hutang deui diantawis urang. Eta mah bareto. Mun seug Awit nyahoeun kaayaan hatena ayeuna. Awit moal nyarita kitu. Ayeuna dina hate geus kaukir ngaran manehna duaan, buah hate nu dipiasih, nu pangdipikanyaahna sadunya, Ina jeung Awit.

"Moal keueung Awit?" cek indungna.

"Moal," tembal Awit tatag.

"Tangtos abdi ge ka dieu," cek Inu.

"Teu kedah...!" cek Awit.

"Awit!" indungna nyentak.

Inu ngalieus. Teuteupna pindah kana reregan bodas nu nutupan jandela. Di jero kamar eta Ina digugulung. Teu nyahoeun Awit mah yen hatena ge peurih, hatena ge melang. Inggis Ina teu katulungan, inggis kudu buru-buru paturay. Inggis alah batan maut hini.

Breh Ina keur jejengkengan dina keukeupanana. Panonna molotot, kawas nu nganaha-naha. Protes, naha lahirna ka dunya, teu dimumule. Pada mikaijid pada mikangewa. Dibaseakeun ku teuteup "ngece" unggal jelema. Dirina nu suci datang ka dunya teu mawa dosa. Naha, naha, make kudu ngarandapan dipiijid.

Harita lahir kadeudeuh nu taya wates wangenna. Asih ti hiji bapa ka anak. Kapan saur Ema ge nyieun amal ka manusa teh teu kudu ku dunya wae... Nyait wiwirang batur ge kaasup kana amal nu hade. Asal nu dipangnyaitkeunana teu nguciwakeun. Awit ge henteu. Awit ge bageur. Enyaan geuning Awit teh bageur. Tapi cenah bieu ge teu kedah dibaturan.

"Sawios atuh, abdi mah bade teras wangsul wae," cek Inu. Ret nenjo ka Awit. Awit tanggah, neutep ka manehna. Terus ngalesotkeun tali cindungna, dilaan. Pek dibeulitkeun kana beuheungna.

"Is, naha...? Urang sakali sewang bae atuh, ari Cep Inu keresa mah."

"Sanaos unggal wengi ge abdi mah keresa."

"Leres?" cek indungna.

"Ah Tanteu mah... abdi ge sami nyaah ka Ina, katingal wae nuju jejengkenganana atuda."

"Step...panginten nya."

"Sumuhun, panas teuing rupina."

"Kieu we atuh Cep Inu. Tanteu di dieu dugi ka tabuh salapan, bagentos sareng Cep Inu, mun mulih ti kantor."

"Kitu sae."

"Nya Wit?"

Awit unggeuk. Panonna ngareret saeutik, Inu imut. Awit beuki tungkul.

Gucrek panto dibuka. Berebet suster lumpat ka luar, sarerea curinghak. Awit diteuteup ku indungna.

Teu lila gurudag aya kareta didorong ku duaan. Awit nyegruk dina keukeupan indungna.

"Dokter... anak saya." Awit lumpat muru kamar, tapi dijewang kususter. Awit kekepehan, tapi terus direjengan.

Basa kareta ka luar ti kamar, aya mahluk leutik dina luhurna, dituruban simbut bodas. Botol infus dicekel ku saurang. Nu duaan nyekel kareta dorong. Dokter leumpang ngagidig.

"Ina...!" Awit ngajerit, rek lumpat pisan, dicekel ku suster.

"Sabar Wit...!" cek indungna.

"Ina... Mamah, Ina... anak Awit. Ina... ulah, Ina..." lenggerek rek ngudupruk. "Cep

Inu!" indungna Awit ngagorowok.

Regeyeng Awit dipangku ku Inu.

"Golerkeun di dieu," cek suster.

Lalaunan Awit digolerkeun dina korsi males. Dituruban ku simbut belang. Leketey hate

Inu ngaleketey. Neuteup nu ngagoler, peureum. Tina sela-sela panonna aya cai nu ngeyembeng. Lalaunan ku indungna disusut. Juljol suster nu mantuan nyadarkeun Awit. Ari Inu ukur ngajanteng. Karasa hatena nyeredet peurih, lain heuheureuyan.

"Gusti... salametkeun Ina, pun... anak, Ina, ulah waka ngantunkeun. Ina, Apa bakal ngabela Ina, bakal mikadeudeuh Ina."

Breh Ina molotot, bangun nganaha-naha. Naha make embung ngaku? Enya, Ina... sing damang, Ina...sing damang.

Ina teh sabagian tina hirup abdi, ulah waka dipundut Gusti... ulah...

Cair mancur, muncrat, mun aya lauk ngageboy... mun aya lauk nu sili udag... Tapi Inu teu awaseun, da panonna jadi rumeuk, beuki rumeuk. Clak aya cipanon... ngan sakeclak, ngawakilan kapeurih hatena.

Hawa peuting karasa tiis, nyelesepe kana tulang sandi. Beuteung Inu kadenge ngurubuk deui. Kakara ingeteun ti barang jol ka rumah sakit kakara ngahuapkeun roti we hiji.

Tengah peuting ngeweng-ngeweng kieu, ka mana neangan dahareun? Tadi sore hujan ngecrek taya eureunna. Euweuh pisan waktu pikeun sakalieun ngulampreng neangan dahareun. Ayeuna geus tengah peuting kieu kakara karasa beuteungna lapar kacida.

Direret Awit bangun tibra, sare dina korsi males, sirahna ngulahek diganjel ku bantal nu ditangtungkeun.

Geus lolos mangsa-mangsa nu ngahariwangkeun teh. Geus leupas detik-detik nu asa rek ngeureunkeun jantung teh. Ina geus cageur. Panasna geus rerep. Tinggal ngadagoan sehat pisan. Dua peuting deui Inadi rumah sakit teh, kakara diidinan dibawa balik.

Sajero saminggu nungguan Ina di rumah sakit, beuki katara sipat-sifat indung nu nyampak na diri Awit. Tanggung jawab jeung kadeudeuh Awit ka anakna.

Ngaheang deui kekecapan Awit basa pasea di imahna.

Mun manehna tulus pipisahan. Awit ngarepkeun Inu daek ngaku bapana, mun jaga Ina kawin.

Budakna ge orok keneh, tapi hate indung nu ngancik di diri Awit, geus nganclang ka jauhna. Geus kaciptaeun ku Awit, kumaha lamun jaga Ina kawin, taya nu bakal ngawalian. pimanaeun teuing nyerieun hate budak teh.

Henteu, Awit teh henteu bubudakeun saperti anu disangka ku manehna. Cenah pindahna ti indungna teh lantaran hayang diajar macakal sorangan. Bongan ku manehna sok disangka bae aragul ku harta indungna.

Awit hayang nembongkeun yen manehna ge bisa mandiri, henteu gumantung ka kolotna. Awit hayang jadi indung nu enya-nya bisa ngadidik anakna jaga.

Kuruwuk beuteung Inu nguruwuk. Karasa peurihna murilit, nagih eusi. Rek menta ka Awit, era deuih. Kapalang, unggal ditawarkan sok nyebutkeun embung wae. Jeung Awit teh sok ngabaeudan wae. Ambekeun keneh kitu pedah disebut awewe bangor? Tapi geuning henteu jejebris ayeuna mah, jeung teu nyarek basa indungna indit ninggalkeun manehna di rumah sakit.

Inu leumpang ngadeukeutan pangsarean orok nu dikaribun ku kulambu bodas. Diteuteup wae orok nu keur ngageubra teh. Deudeuh teuing ngageubra tibra, kawas nu reugreug dumeh geus aya anu bakal nangtayungan.

Geus meunang ditungguan ayeuna mah Ina teh di kamarna. Lantaran geus leupas tina mangsa-mangsa gawatna. Teu pupuguh hatena ge ngarasa reugreug. Asa bisa engapan deui, nenjo Ina geus cageur teh.

Tina kaca jandela katenjo di luar poek meredong. Rumah sakit geus sepi. Sakapeung-kapeungeun kadenge gandengna glinding karta nu ngaliwat.

Ih, naa beuteung teh teu beunang teuing diparepehan, cek Inu ngagerendeng. Leumpang ka tempat meja dahareun. Ayeuna mah Awit ngagolerna nyanghareup kana meja tea.

Inu rek ngarongkong rantang, tapi teu tulus, da katejoeun Awit obah, gigisik panon. Sakali deui ngadeuketan. Kop nyewol sangu sacewol jeugn gorengan hiji.

Ceuleukeuteuk aya sora seuri ditahan. Inu ngarandeg. Ret ka Wit. Awit nu seuri teh. Ngalingdur kitu? Henteu, henteu ngalingdur, seuri, enya, nyeungseurikeun manehna tangtuna ge. Inu ngadeukeutan, nu seuri bangun seeleun terus seuri.

"Ssstt... kunaon Wit?"

Awit cengkat, neutep ka Inu, key deui seuri, ditungkupan ku leungeunna. Inu ge teu tahan, key deuih seuri.

"Ku naon, Wit?" cek Inu.

Tapi nu seuri angger beuki ngehkey. Dideukeutan ku Inu. Kek taktakna duanana dicekelan pageuh. Nu dicekel ngagurinjal, terus diuk ajeg. Eureun seuseurian.

"Ku naon Awit gumujeng?"

"Atuda...", ceuleukeuteuk deui seuri.

"Ngagumujengkeun Kang Inu, nya?"

Awit unggeuk, key deui seuri, teu beunang ditahan.

"Jadi Awit teh can kulem?"

"Teu acan."

"Naha atuh, make api-api kulem?"

"Hayang terang we Kang Inu bade naon ngadodoho meja ."

"Atuda lapar, Wit."

"Naha atuh ditawisan tara keresa?"

"Da nu nawisanana batuur. Awit mah baeud wae, sih."

"Atuda bongan...", teu kebat.

Taktakna digeubigkeun. Awit ngalieus tungkul ka kenca, buukna milu nuruban beungeut-na. Lalaunan disiklakkeun ku Inu.

Peuting beuki jempling. Hawa tiis nyelesepe... tiis pisan.